

# Karawuhan Ingkang Mulihaken



MANGSA ADVÈN NATAL 2019

Mangsa Advèn Natal 2019  
Jejer: "Karawuhan Ingkang Mulihaken"

Kawedalaken déning:  
Lembaga Pembinaan dan Pengaderan  
Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia  
Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télepon: 0274-514721  
Website: lpps.or.id  
e-mail: info@lpps.or.id; sekretariatlppsinode@gmail.com

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben  
buku Rp. 60.000,00

## ATUR SAPALA

Keparenga LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jawa Tengah uluk salam malih dhumateng sadaya pasamuwan lumantar buku Mangsa Advèn Natal (MAN) 2019 punika. Kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng gréja-gréja ingkang ngantos samangké karsa migunaaken bahan-bahan ingkang kawula damel minangka salah satunggaling modhèl utawi pedhoman kanggé nambut lan ngriyayaaken mangsa-mangsa riyadi Kristen saha Wulan Brayat.

Bahan MAN 2019 samangké mawi jejer “Karawuhan Ingkang Mulihaken”. Jejer kasebat dipun raosaken kanthi saèstu nglengganani bilih kita punika titah dosa ingkang mbetahaken rawuhipun Sang Pemulih inggih punika Gusti Yésus Kristus. Déné Mangsa Advèn kita raosaken minangka mangsa pangrantunan tumrap rawuhipun Sang Pemulih ingkang kedah kita tindakaken kanthi kasadiyan nindakaken pamratobat.

Raos-rumaos ingkang kados mekaten wigatos amargi kita samangké dipun aben-ajengaken kaliyan bab-bab ingkang asring ndadosaken kita “tatu”. Pramila punika pasamuwan ugi prelu sesambat dhumateng Gusti: “Kawula nyuwun kapulihaken, dhuu Gusti”. Pasambat kasebat wigatos kanggé mbangun greget kita asung pangapunten minangka wiwitinan pambudidaya kita kapulihaken.

Kanthy dhasar greget kasebat, LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jateng ngajak sadaya pasamuwan, ing pundia Gusti mapanaken kita, ndhèrèk makaryo sesarengan madeg minangka agén pamulihan. Minangka tiyang ingkang mulihaken, kita sami ndhasaraken tumindak kita punika wonten ing pitados kita ingkang sampun ngraosaken pamulihan saking Gusti Allah lumantar Gusti Yésus Kristus.

Bahan MAN punika temtu prelu dipun olah malih jumbuh kaliyan pasamuwan piyambak-piyambak satemah warganing pasamuwan saged langkung gampil anggènipun ngraos-raosaken saha nggegesang greget kapulihaken.

Kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun nyambutdamel sesarengan ndamel bahan MAN punika, inggih punika:

Pdt. Maria Puspitasari (PWG BAPELSIN GKJ XXVII)

Pdt. Hendrikus Agus Raharjo (DPG GKJ BPMSW GKJ SW Jawa Tengah)

Pdt. Andreas Tri Febriantoro (GKJ Klampok)

Pdt. Elya Budirahardjo (GKJ Purwokerto Barat)

Pdt. Yosafat Ari Wibowo (GKJ Cilacap)

Pdt. Tri Agus Fajar Winantyo (GKJ Penaruban)

Pdt. Debora Vivi Martiningastuti (GKI Bobotsari)

Pdt. Theofanny Sutanto (GKI Gatot Subroto)

Pdt. Dinna Dwi Putranti (GKI Banyumas)

Pdt. Julius Perdana Putera (GKI Ajibarang)

Pdt. Dimas Aryo Yuwono (GKI Martadireja)

Kejawi punika kawula ugi ngaturaken agenging panuwun dhumateng kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun mbiyantu mertal bahan-bahan MAN, inggih punika: Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode), Pdt. Em. Sulendro Parto Atmaja (LPP Sinode), Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Solo), Pdt. Johan Budiman (GKJ Mertoyudan Magelang), saha Pdt. Yokanan Saryanto (GKJ Madukismo Yogyakarta).

Kawula ugi ngaturaken agenging panuwun dhumateng Pradataning Pasamuwan GKI Martadireja Purwokerto ingkang sampun nyawisaken papan saubarampénipun kanggé tim nalika nyawisaken bahan MAN punika. Lumantar Mangsa Advèn Natal punika, kawula ngajab supados iman kapitadosanipun pasamuwan saya wewah lan saged sangsaya dados berkah dhateng sesami. Mugi-mugi bahan punika saged mbiyantu kita sadaya muwudaken greget Natal ingkang mulihaken.

Yogyakarta, tengahan Oktober 2019

PPP-LPP Sinode GKJ dan GKI Jateng

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Addi Soselia Patriabara

Pdt. Murtini Hehanusa

## DHAPTOR ISI

<b>Atur Sapala .....</b>	<b>i</b>
<b>Dhaptar Isi .....</b>	<b>iii</b>

### Bahan Khotbah

Minggu Advèn I [1 Dhésèmber 2018] .....	1
Minggu Advèn II [8 Dhésèmber 2018] .....	7
Minggu Advèn III [15 Dhésèmber 2018] .....	13
Minggu Advèn IV [22 Dhésèmber 2018] .....	19
Malem Natal [24 Dhésèmber 2018] .....	27
Natal [25 Dhésèmber 2018].....	33
Minggu [29 Dhésèmber 2018].....	41
Malem Tutup Warsa [31 Dhésèmber 2018].....	47
Warsa Anyar [1 Januari 2019] .....	55
Minggu Èpifani [5 Januari 2019].....	59
Minggu Pambaptisan [12 Januari 2019] .....	65

### Bahan Tata Pangibadah

Minggu Advèn I [1 Dhésèmber 2018] .....	71
Minggu Advèn II [8 Dhésèmber 2018] .....	83
Minggu Advèn III [15 Dhésèmber 2018] .....	91
Minggu Advèn IV [22 Dhésèmber 2018] .....	99
Malem Natal [24 Dhésèmber 2018] .....	109
Natal [25 Dhésèmber 2018].....	127
Minggu [29 Dhésèmber 2018].....	137
Malem Tutup Warsa [31 Dhésèmber 2018].....	145
Warsa Anyar [1 Januari 2019] .....	155
Minggu Èpifani [5 Januari 2019].....	165
Minggu Pambaptisan [12 Januari 2019] .....	173

### **Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa**

Panyuraos Kitab Suci Diwasa (Adven) .....	181
Panyuraos Kitab Suci Diwasa (Natal).....	187

### **Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa**

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa (Adven) .....	193
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa (Natal).....	199

### **Bahan Pakempalan Pandonga**

Pakempalan Pandonga 1 .....	203
Pakempalan Pandonga 2 .....	209
Pakempalan Pandonga 3 .....	215
Pakempalan Pandonga 4 .....	221
Pakempalan Pandonga 5.....	227
Pakempalan Pandonga 6 .....	231



## **BAHAN KHOTBAH**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



Minggu, 1 Dhésèmber 2019



## JUMAGA KANTHI SIYAGA

### KHOTBAH ADVÈN 1

- Waosoan I: Yésaya 2:1-5  
Tanggapan: Jabur Masmur 122  
Waosoan II: Roma 13:11-14  
Waosoan Injil: Matius 24:36-44

### KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,  
Saben-saben kita lumebet ing wulan Dhésèmber, kita badhé kaémutaken bilih kita badhé nindakaken kagiyatan mangsa Advèn. Punapa Advèn punika? Mangsa Adèn punika mangsa ngentosi. Kita ngentosi karawuhanipun Gusti Yésus Kristus dhateng jagat punika, nengga karawuhanipun Gusti minangka wujudipun katetepaning prasetyanipun Gusti Allah. Limrahipun tiyang mboten remen menawi kasuwun nengga amargi nengga kaanggep minangka satunggaling padamelan ingkang tanpa-gina, mbucal wekdal, sarta njalari bosen. Punapamalih menawi ingkang katenga punika satunggaling prakawis ingkang mboten gumathok utawi mboten cetha. Saèstu, satunggaling padamelan ingkang kepéngin sanget dipun singkiri déning tiyang kathah. Mangsa nengga utawi ngentosi ugi asring dados wekdal ingkang awrat, saking awratipun ing wekdal ngentosi punika salajengipun ndhatengaken kawontenan bosen sarta kawontenan semplah. Bosen amargi ingkang dipun tengga mboten énggal dumugi sarta njalari semplah samangsa grengsengipun nengga éwah dados raos

jèngkèl lan muring. Kathah tiyang ingkang dados mboten sabar nalika kedah nengga utawi ngentosi.

Punapa kanggé salami-laminipun, wekdal nengga punika dados wekdal ingkang mboten ngremenaken? Sumangga kita nyobi ngangen-angen prekawis punika. Kita kagungan sémah ingkang sanget kita tresnani, lajeng sémah kita punika késah dhateng kitha sanès kanggé sinau utawi nyambut damel sawetawis dangu. Punapa ingkang badhé kita tindakaken? Sampun temtu, kanthi pawitan kapitadosan sarta raos tresna, kita sumadhiya nengga ngantos sémah kita kundur malih. Ing salebetung wekdal nengga punika kita saged nanjakaken wekdal ingkang wonten punika kanggé nindakaken rupi-rupi kagiyatan lan padamelan. Salah satunggalipun inggih punika kanthi ngrerengga dhiri, supados samangsa sémah kita dhateng, kita samekta methukaken.

Lelampahan natal mujudaken salah satunggaling wekdal ingkang dipunantu-antu déning kimrahipun tiyang Kristen. Amargi natal punika wekdalipun Guti Allah manjalma manungsa ing sariranipun Gusti Yésus Kristus. Wiyosanipun Gusti Yésus ingkang saweg dipun tengga mujudaken pepanggihanipun manungsa kaliyan Gusti Allah tanpa lantaran. Mila, prayogi kanggé kita menawi kita nyawisaken dhiri samurwatipun ing salebetipun methukaken karawuhanipun Gusti, kadosdéné satunggaling Sadhèrèk ingkang nengga wangslipun pun sémah. Lajeng punapa ingkang kedah kita cawisaken ing salebetipun nengga rawuhipun Gusti Yésus punika?

**Ingkang kapisan, kita minangka manungsa temtu kedah ngrumaosi bilih kita punika manungsa dosa.** Dosa ingkang dumunung ing gesang kita ndadosaken kita manggèn ing papan kepencil, ing papan ingkang kapisah kaliyan Gusti Allah punapadéné kapisah kaliyan sakathahing tumitah, kepara kapisah kaliyan dhiri-pribadi. Ing salebetung kawontenan ingkang kados makaten punika, gegayutan utawi sesambetan ing antawisipun manungsa, Gusti Allah, sarta sakathahing tumitah kapethal. Prakawis punika ugi andamel manungsa gampil sanget ngrisak dhiri-pribadi, sesaminipun, ugi ngrisak sakathahing tumitah.

Punapa kawontenan ingkang kados makaten punika badhé tansah dipunleluri? Manungsa saking gesangipun piyambak mboten badhé saged andamel pulihing gesangipun piyambak. Tumindak damel pulih sacara sampurna badhé kaleksanan ing sawetawis wekdal ingkang badhé dhateng nalika Gusti Allah rawuh lumantar wiyoanipun Gusti Yéus. Minggu Advèn kapisan punika dados gapura mlebet dhateng satunggaling rerangkènipun lampah ingkang mbingahaken amargi kita saweg ngener dhateng tumindak damel pulih ingkang wetah, ingkang mboten namung kelampahan kanggé dhiri-pribadi ananging ugi kanggé pulihipun sesambutan kaliyan sesamining manungsa punapadéné sakathahing tumitah. Ing salebetipun kita ngraosaken “kawontenan anyar”, ing ngriku punika kita ngraosaken dipunpulihaken saking dosa (saking kawontenan kepencil) sarta wiwit jumangkah ing margining gesang sesarengan kaliyan Gusti Allah, dhiri-pribadi, lan sesami.

Punapa cekap namung ngrumaosi kawontenaning gesang kita kémawon? Sampun temtu mboten cekap. Sasampunipun kita ngrumaosi saiba dosanipun gesang kita, kita lajeng mbetahaken kapulihaken, mila **tataran salajengipun inggih punika ngupadi kanggé ndandosi**. Nggigah rumaosing dhiri dados tataran wiwitan kanggé ngraosaken éwah-éwahaning cara gesang. Raos kanggé miwiti éwah-éwahaning cara gesang punika wangsulanipun iman ing salebetipun nengga karawuhan. **Éwah-éwahaning cara gesang dados pangudi andamel pantesing dhiri kanggé methukaken karawuhanipun Gusti Yéus**. Kanthi lampah ndandosi dhiri sarta sesambutan kaliyan sesami ing salebetipun mangsa advèn, kita dipunajab badhé menangi “kawontenan anyar” ing salebeting karawuhanipun Gusti Yéus. Sadaya waosan saking Kitab Suci ing Minggu Advèn kapisan punika, dados pambukaning margi kanggé manungsa miwiti lampahipun ndandosi dhiri-pribadi ngener dhateng manungsa kanthi “kawontenan anyar”.

Punapa kémawon ingkang saged kita udi lan kita tindakaken ing salebetipun ngrerengga dhiri methukaken karawuhanipun Gusti Yéus?

1. nDedonga tuwin ngudi kababaring tentrem-rahayu wonten ing sakiwa-tengening gesang kita. Waosan Yésaya 2:1-5 sarta Jabur Masmur 122 nggaduhahi gegayutan ingkang raket nalika ngrembag bab ngentosi tumrap pulihipun Yérusalèm. Bilih ing satengahing kawontenanipun Yérusalèm ingkang mboten saé, nabi Yésaya maringi gegambaran tumrap pulihipun Yérusalèm. Cara supados Yérusalèm kapulihaken inggih punika kanthi ngajak umat sami lumampah ing salebetung pepadhangipun Allah. Kanthi ringkes, “mlampah ing salebetung pepadhang” punika nyawijining pandonga kanggé tata-raharjaning Yérusalèm (Jabur Masmur 122) kaliyan tumindaking pambudidaya kanggé kababaring katentreman tumrap Yérusalèm (Yésaya 2:1-5). Kanthi kababaring katentreman ing Yérusalèm ingkang dados puseripun, mila alon-alon kawontenan ing sakiwatengenipun Yérusalèm badhé menangi “kawontenan anyar”.
2. Ngrucat sakathahing pandamel awon ing wekdal samangké, mirunganipun ingkang ndadosaken manungsa kapencil saking dhirinipun piyambak punapadédé kapencil saking sesami. Dhateng pasamuwan ing Roma, Rasul Paulus ngajak umat supados énggal-énggal tangi saking anggénipun tilem sarta wiwit ngraos-raosaken sakathahing dosa ingkang sampun katindakaken ngantos sapriki. Atetales saking pangertosan bilih dosa murugaken tuwuhing kawontenan pepisahan ing antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah lan sesami, mila seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan Roma saged dados panuntun kanggé lumebet dhateng satunggaling pamratobat kanthi cara ngrucat sakathahing pandamel awon (Roma 13:13). Sakathahing pandamel awon ingkang kasebataken ing Roma 13:13 punika prelu kagandhèngaken kaliyan bab-bab awon ing wekdal samangké ingkang njalari manungsa mrangguli kawontenan pepisahan kaliyan sesaminipun, upaminipun: patrap mboten predulèn, *narsisme* (keladuking tresna dhateng badanipun piyambak), karem sanget dhateng *gadget* utawi praboting pasrawungan, srakah anggénipun nguyak bandha.
3. Jaga-jaga! Waosan Injil Matius dados iguh nyata kanthi nawèkaken piweling ingkang kiyat inggih punika “jaga-jaga”!

Tanpa tèdhèng aling-aling, piweling ngajak umat supados nggigah rumaosing dhiri. Ananging, ingkang dipun utamèkaken déning Injil Matius punika langkung ngener dhateng satunggaling patrap nyawang gesang kita piyambak supados sampun ngantos kelorop déning jireting pakulinan ingkang tanpa makna. Kanthi jaga-jaga mila manungsa badhé tansah dumunung ing salebetung kawontenan mawas dhiri. Kawontenan “jaga-jaga” namung saged kagayuh menawi manungsa saged ngrumangsani kanggé tansah nyawang pengalamaning gesangipun sesareangan kaliyan Gusti Allah.

Lumantar mangsa Advèn kapisan, sumangga kita miwiti ngrumaoi dhateng sadaya dosa ingkang andamel kita mrangguli kawontenan pepisahan, kapisah sesambutan kita kaliyan Gusti Allah lan sesami. Ngantos kita saged nggigah rumaosing dhiri dhiri minangka wujud kawaspadaning iman. “Ngrumangsani” mujudaken sangu ingkang aji kanggé nlusur jiayarah iman sadangunipun mangsa advèn kanthi kebak ing kabingahan. Kanthi “ngrumangsani” mripat kita badhé tinarbuka, ngantos ing minggu advèn salajengipun kita sembada ndandosi dhirinipun, ndandosi sesambutan kaliyan sesami, sarta ndhatengaken tentrem-rahayu ing satengahing masyarakat.

Amin.

[day-den]



Minggu, 8 Dhésèmber 2019



## **RAWUHIPUN GUSTI YÉSUS MBEKTA PULIHING KAWONTENAN**

### **KHOTBAH ADVÈN 2**

Waosan I: Yésaya 11:1-10

Tanggapan: Jabur Masmur 72:1-7, 18-19

Waosan II: Roma 15:4-13

Waosan Injil: Matius 3:1-12

### **KHOTBAH JANGKEP**

*“Yèn watuk bisa ditambani, yèn watak ora bisa diowahi”*

Wedharan punika mbok menawi naté kita pirengaken. Pitakènipun, punapa kita purun nyarujuki wedharan punika? Menawi kita nyarujuki sarta naganggep wedharan punika minangka satunggaling kaleresan sejati, mila kita mangertosi bilih tumindak mulihaken ing jejering khotbah punika namung gegayutan kaliyan tumindak mulihaken ing babagan sesakit. Tumindak mulihaken kelampahan namung nalika tiyang sakit watuk dados séhat, mboten watuk malih.

Ananging wonten ing pamanggihipun iman Kristen, mboten namung kados ingkang mentas dipun terangaken. Karawuhanipun Gusti Yésus punika mbekta satunggaling éwah-éwahan. Éwah-éwahan punika ingkang dipundhawuhaken déning Yohanes Pembaptis wonten ing waosan Injil dinten punika. Yohanes Pembaptis ngandika, “Padha mratobata, amarga Kraton-

ing Swarga wis cedhak!" (Matius 3:2). Dhawuh punika mujudaken satunggaling dhawuh ingkang tansah dipunngendikakaken supados sintena kémawon ingkang mirengaken rumaos dipun saruwé manahipun sarta nglilakaken gesangipun kanggé ngalami pamratobat.

Pamratobat ingkang kados punapa ingkang dipunkersakaken déning Yohanes Pambaptis? Pamratobat ingkang dipunkersakaken inggih punika pulihipun dhiri saking gesangipun ingkang saweg "sakit" dados "saras". Gesang ingkang sakit punika gesang ingkang dumunung ing salebetung dosa sarta mboten ngedalaken woh. Kanthi tembung sanès gesangipun mboten dados berkah sarta mboten maédahi kanggé sesami. Awit saking punika, pamratobat punika pepulihan (tumindak mulihaken dados pulih malih). Kelampahan wontenipun éwah-éwahan nyata ing gesang, ngantos saged metokaken woh (Matius 3:8) ngantos dados berkah sarta maédahi kanggé sesami.

Kanthi makaten, ing Minggu Advèn kaping kalih punika, kita sadaya kasuwun supados ngukur tataraning kesarasan kita, punapa kita taksih "sakit" utawi kita sampun wiwit sekedhik mbaka sekedhik "saras".

Sapunika kita badhé mirsani kadospundi woh ingkang nyata saking pamratobat. Wonten ing waosan kapisan (Yésaya 11:1-10), kita mirsani kadospundi nabi Yésaya meca ngéngingi karawuhanipun sang trubusan saking tunggakipun Isai. Sang "trubusan" punika sanès priyantun sembarang. Dipun ngandikakaken bilih:

- Rohipun Sang Yéhuwah badhé nedhaki panjenenganipun, ingkang nedahaken bilih Sang Yéhuwah karenan dhumateng "trubusan" punika. Nalika Sang Yéhuwah mboten karenan dhumateng satunggaling tiyang, temtu satunggaling tiyang wau badhé sumingkir piyambak kadosdéné raja kapisan Israël, inggih punika Sang Prabu Saul minangka tuladhanipun.
- Rohing kawicaksanan lan pambudi, kados ingkang dipungadhahi déning Sang Prabu Suléman.

- Rohing pitutur lan kasantosan, kados ingkang dipun gadhahi déning Sang Prabu Dawud.
- Rohing kawruh lan wedi-asih dhumateng Sang Yéhuwah, kados kasetyanipun para nabi ingkang martosaken pangandikanipun Gusti Allah (Yésaya 11:2).

Kanthy makaten – sepisan malih – sang “trubusan” punika badhé mbekta pakaryan nyata kanggé mulihaken kawontenan ingkang “sakit”. Apesipun tumindak mulihaken punika nyrambahai kalih prakawis:

### **1. Sang “trubusan” punika mbekta KAADILAN**

Kaserat, ”*3a Panjenengané ora bakal ngadili mung waton pamirsané satléraman baé utawa ndhawahaké putusan manut paturaning wong. 4 Nanging bakal ngakimi para wong sèkèng kalawan kaadilan, sarta bakal ndhawahaké putusan tumrap para wong kang katindhes ana ing nagara kono kalawan kajujuran; anggoné ngrangkèt bumi kalawan pangandikané kayadéné kalawan lantaran, tuwin kalawan napasing lésané anggoné bakal nyirnakaké wong duraka. 5 panjenengané ora bakal nyimpang saka ing kabeneran lan kasetyan, kayadéné sabuk kang tetep tumali ing bangkékan.*” (Yésaya 11:3a-5)

Lumantar pamecanipun nabi Yésaya punika, kita mirsani bilih kawontenanipun krajan Yéhuda (Israël sisih Kidul) punika saweg ngalami kawontenan ingkang “sakit”. Umat ing krajan Yéhuda ngginakaken wewaton/ukum kanggé dolanan. Ukum utawi wewaton mboten kaginakaken kanggé mbélani ingkang ringkikh lan kelampahan wontenipun palson (samukawis ingkang mboten tulèn).

Menawi kita mirsani kawontenan punika, mila ing Minggu Advèn kapingkalih punika kita kaémutaken malih dhateng timbalan kita kanggé mbudidaya maujudipun kaadilan. Kaadilan mboten ateges kita sadaya dados hakim. Kaadilan saged katindakaken kanthy wujud mbudidaya kanggé tiyang-tiyang ingkang kasingkiraken. Upaminipun nalika kita mirsani wonten sesami warganeting pasamuwan ingkang gerah, kita ngaturi pirsa dhateng para

Sadhèrèk warganing pasamuwan sanèsipun supados énggal sami tetuwi saha ngiyataken. Tuladha sanèsipun nalika wonten tanggi kita ingkang kebesmèn griyanipun. Kita saged nyobi mbiyantu kanthi ngaturi pirsa warganing pasamuwan supados sami mbiyantu, sinaosa ingkang kabesmèn griyanipun punika béda kapitadosanipun.

Wujud sanès saking njejegaken kaadilan inggih punika wantun nyaruwé tiyang ingkang klèntu. Menawi wonten warganing pasamuwan ingkang klèntu, mila kita mboten pareng kèndel kémawon. Kita tinimbalan supados kaadilan kababar, inggih punika lumantar panyaruwé kanthi krenteg nresnani Sadhèrèk tunggil pitados ingkang kita saruwé wau. Kadosséné Yohanes Pembaptis ingkang tansah nguwuh-uwuh, supados para pamiyarsanipun kaémutaken wangsl ngalami pamratobat.

## **2. Sang “trubusan” punika mbekta BEDHAMÈN**

Punika wujud sanès saking tumindak mulihaken, inggih punika ngupayakaken bedhamèn. Mulihaken sesambutan ingkang risak dados saé malih. Pakaryanipun sang “trubusan” punika kaweca déning nabi Yésaya lumantar pasemon ing laladan gesangipun sato kéwan. Kaserat ing Yésaya 11:6-9

- Asu ajag bakal manggon bebarengan karo wedhus gèmbèl.
- Macan tutul bakal mlégung ana ing sandhingga wedhus.
- Pedhèt lan anak singa bakal nyenggut bebarengan,
- Bocah cilik bakal nggiring pedhèt lan anak singa
- Sapi lan bruwang bakal nyenggut bebarengan
- Anak sapi lan anak bruwang bakal plégungan tunggal enggon,
- Singa bakal mangan dami kaya sapi.
- Bocah suson bakal dolanan ing sacedhaké rong ula bedhudhak,
- Bocah sapihan bakal rogoh-rogoh ing ronging ula mandi.

Kawontenan kasebat nélakaken:

1. Kawontenan ingkang tentrem sanget. Bab punika kacetha wonten ing mingsedipun ubenganing rèntèngan tetedhan. Menawi ing salebetipun ubenganing rèntèngan tetedhan, wedhus gèmbèl punika dados tedhanipun asu ajag. Ananging nalika sang “trubusan” punika rawuh, mila wedhus gèmbèl

badhé tentrem manggèn sesarengan kaliyan asu ajag. Makaten ugi gegambaranipun laré suson lan laré sapihan sami kulina dolanan ing sacelakipun ronging sawer bedhudhak lan sawer mandi ing kanyataning gesang, temtu gadhah greget nyerang ingkang neniwasi.

2. Kawontenan ingkang samidéné mangertosi sarta tuwuhan wontenipun raos setya dhateng kanca. Prakawis punika kacetha wonten ing gegambaraning lembu kaliyan bruwang ingkang nyenggut sesarengan. Makaten ugi singa badhé nedha dami kadosdéné lembu. Mangka wonten ing kanyataning gesang singa punika kéwan *karnivora* ingkang tedhanipun daging.
3. Kawontenan kasebat nuwuhaken mlampah lajengan. Bab punika kacetha wonten ing tembung ingkang kaginakaken. Tembung “laré utawi bocah” kanggé manungsa lan “anak” kanggé kéwan. Pedhèt (anak lembu) lan anak singa nyenggut sesarengan. Pedhèt (anak lembu) lan anak bruwang plégungan tunggal panggénan. Laré-laré utawi bocah-bocah mboten kikuk lan mboten suthik dolanan ing sacelakipun rong sawer mandi. Gegambaran punika nedahaken bilih karukunan lan kanten-treman punika kelampahan ing antawisipun turunan (*antar generasi*) lan mlampah lajengan (*berkelanjutan*).

Sesambutan kasebat mboten namung sesambutan ing antawisipun bangsa Israël kémawon. Pameca mlampah lajengan kanthi tumutipun bangsa-bangsa sanès Israël ngraosaken wohing pakaryanipun sang “trubusan” ingkang mulihaken. Yésaya 11:10 nélakaken makaten, *“Ing wektu iku trubusan ing oyoding Isai bakal jumeneng dadi gendéra tumrap para bangsa; kang bakal kaupaya déning para suku bangsa sarta padalemané bakal dadi mulya.”*

Kantri makaten, ing Minggu Advèn ingkang kaping kalih punika kita kaémutaken lan kateguhaken kanggé martosaken bedhamèn sarta karukunan. Ngrajut malih sesambutan-sesambutan ingkang sampun pedhot dados wetah malih. Upaminipun menawi wonten warganeting brayat kita ingkang regejegan. Kita mboten ngèndel-aken prakawis punika kelampahan terus-terusan. Kita tinimbalan

ndongakaken tiyang-tiyang ingkang saweg regejegan wau saha mbudidaya ngrukunaken. mBoten malah kosokwangslipun, ndamel kawontenan saya bentèr lan saya damel rengganging sesambetan.

Tuladha sanèsipun, nalika kita nampi pesen/piweling saking praboting pasrawungan sosial (*medsos*) lan kegodha kanggé nglajengaken pesen kasebat. Ing kawontenan punika kita kaémutaken punapa pawartos ingkang badhé kita sebar punika pawartos ingkang saged ngraketaken lan nunggilaken pasrawungan? Utawi kapara ngrisak patunggilan ingkang sampun nyawiji? Menawi pancèn mboten mbangun, langkung prayogi mboten prelu kita lajengaken kabar punika. Kanthi makaten kita tumut mbangun bedhamèn lan karukunan sarta pulihing sesambetan ing antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanèsipun.

Awit saking punika, grengsenging sang “trubusan” kanggé mbudidaya ndamel pulih ingkang awujud mbudidaya kababaring kaadilan sarta mersudi bedhamèn prelu kita gesangi sarta kita wujudaken. Kanthi makaten mboten namung kanggé kasarasan tata kajasmanèn, ananging ugi ngupayakaken kasarasaning watak lan sipat. Mila, wedharanipun dados makaten:

*“Yèn watuk bisa ditambani, yèn watak ya bisa diowahi”*

[har-den]

Minggu, 15 Dhésèmber 2019



## **MIRSANI KRIDHA LAMPAHING TUMINDAK MULIHAKEN**

### **KHOTBAH ADVÈN 3**

- |               |                       |
|---------------|-----------------------|
| Waosan I:     | Yésaya 35:1-10        |
| Tanggapan:    | Jabur Masmur 146:5-10 |
| Waosan II:    | Yakobus 5:7-10        |
| Waosan Injil: | Matius 11:2-11        |

### **KHOTBAH JANGKEP**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, Minggu punika kita sampun lumebet ing minggu Advèn kaping tiga. Ing Minggu Advèn kaping tiga punika kita dipunajak miterang, punapa kita sampun èstu-èstu siyaga methukaken rawuhipun Gusti kanthi pangertosan ingkang leres tumrap Natal punika?

Sumangga kita sami nyuwun priksa, punapa Natal punika? Natal punika lampahing tumindak mulihaken. Inggih leres, natal punika cariyos lampahing tumindak mulihaken ingkang katindakaken déning Gusti Allah piyambak. Gusti Allah kanthi katresnanipun mulihaken sesambutan ingkang sampun risak kaliyan titahipun. Pangwasanipun dosa sampun ngrisak titahipun Gusti Allah, ngantos titah ingkang sekawit “prayoga linuwih” dados awon lan mboten gadhah pangajeng-ajeng. Gusti Allah mboten ngèndelaken kawontenan punika lestantun kelampahan, ananging Panjenenganipun mulihaken kawontenan punika. Kita

minangka umatipun Allah tinimbalan supados mirsani kridha lampahing tumindak mulihaken punika kanthi pamawas ingkang leres, sanalika ugi tumut cawé-cawé ing pakaryanipun Allah anggènipun damel pulihing kawontenan.

Punapa kita badhé saged tumut cawé-cawé wonten ing pakaryanipun Allah anggènipun mulihaken kawontenan? Sumangga kita pirsani tuladhanipun priyantun ingkang tumut cawé-cawé ing pakaryanipun Allah anggènipun mulihaken kawontenan wonten ing sujarahipun bangsa Indonesia. Priyantun punika asmanipun Johannes Léimena, priya Ambon ingkang miyos ing Maluku tanggal 6 Maret 1905. Amargi saking punapa ingkang sampun katindakaken kanggé bangsa Indonesia, panjenenganipun kaparingan sesebatan *Pahlawan Nasional*. Sadangunipun nindakaken pakaryanipun, panjenenganipun kalebet *tokoh politik* ingkang asring ngasta kalenggahan nayaka ing bebadan pamaréntah Indonesia (*menteri kabinet Indonesia*). Namung panjenenganipun piyambak nayaka (*menteri*) ing Indonesia ingkang naté ngasta kalenggahanipun sadangunipun selikur taun tanpa kèndel. Wonten ing salebetipun ngayahi jejibahanipun, Léimena punika kagungan kapribadèn ingkang wetah (*pribadi yang berinegritas*), prasaja, sarta kiyat sanget anggènipun nglabuhi gesangging bangsanipun piyambak (*berjiwa nasionalis*). Presidhèn RI kapisan, Ir. Soekarno naté ngandika gegayutan kaliyan Léimena, “*Mundhuta conto Léimena upamané..... nalika ketemu karo dhèwéké, aku ngrasakaké derenging driya kaping enem lan ombak wisiking ati kang banter banget dayané ana ing uripku, aku ora naté klèru. Aku ngrasakaké menawa dhèwéké iku sawijining priyayi kang jujur dhéwé kang naté tak prangguli.*”

Léimena ingkang kagungan kalenggahan inggil mboten ngutamèkaken dhateng kapentinganipun piyambak, sinaosa panjenenganipun kagungan wewengan kanggé numpuh bandha nyugihaken gesangipun piyambak. Kaprasajanipun dipunketingalaken upaminipun kanthi ngagem ageman sambutan nalika kedah nindakaken *diplomasi* utawi sesambutan kaliyan sawetawis negari sekuthu. Kamardikaning bangsanipun dados

prakawis utami ing gesangipun. Panjenenganipun yakin bilih pulihing kawontenan badhé tumanduk ing Indonesia menawi negari Indonesia uwal saking blengguning negari ingkang njajah. Sesarengan kaliyan tiyang-tiyang sanèsipun ingkang tumut perang mbélani bangsanipun, wusananiipun lampahing tumindak mulihaken bangsa Indonesia saking blengguning bangsa sanès ingkang tumindakipun mboten adil èstu kelampahan.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Waosoan Injil dinten punika nyariosaken kadospundi lampahing tumindak mulihaken ingkang katindakaken déning Gusti Allah kanggé umat manungsa. Pakaryanipun Allah ingkang ageng piyambak anggènipun mulihaken katingal wonten ing dhirinipun Sang Kristus. Gusti Yésus rawuh kanggé mulihaken. Awit saking punika, Kitab Suci nyerat bilih Panjenenganipun rawuh mboten supados dipunladosi ananging ngladosi. Pakaryanipun Gusti Yésus anggènipun mulihaken kebabar ing Injil Matius 11:5 ingkang nyerat makaten, “*5 wong picak padha ndeleng, wong lumpuh padha lumaku, wong lara kusta padha kabirat najisé, wong budheg padha krungu, wong mati padha katangèkaké lan wong mlarat padha kawartanan kabar kabungahan.*”

Ananging para Sadhèrèk, punapa pakaryanipun Gusti Yésus ingkang damel pulih punika dipuntanggapi kanthi saé? Kita saged mirsani, bilih mboten sadaya tiyang sageéd mirsani pakaryanipun Gusti Yésus punika minangka kridha lampahing tumindak mulihaken. Para pemimpining agami Yahudi kadosdéné para Farisi sarta Ahli-Ahli Torèt nyujanani pakaryanipun Gusti Yesus. Malah para Farisi lan Ahli Torèt nglairaken pandakwa miring dhateng Gusti Yésus. Kula aturi émut, bilih kridha lampahing tumundak mulihaken punika asring mboten dipuntanggapi kanthi sukarena lan kabingahan. Asring dipunsujanani minangka sarana kanggé pados raos asih sarta kanggé nggrogoti kawibawaning agami kados rumiyin nalika jamanipun Gusti Yésus leladi.

Ananging Gusti Yésus nresnani kanthi setya ing kesabaranipun ngantos dumugi wekasaning jaman. Panampik mbaka panampik

dipun adhepi Gusti Yésus kanthi tataging manah mandeng dhateng utamining ancas kridha lampahing tumindak mulihaken, inggih punika kawilujengan sarta karahayonipun umat manungsa.

Pakaryanipun Gusti Yésus ingkang mulihaken punika ingkang saged dipun pirsani dining Yohanes Pembaptis sinaosa Panjenenganipun saweg kinunjara. Yohanes Pembaptis dipunkunjara kanggé lampahing tumindak mulihaken ingkang dipunajeng-ajeng énggal maujud. Pawartos lampahing tumindak mulihaken punika ingkang dados bakuning pawartosipun Yohanes. Malah amargi pawartos punika wau Yohanes Pembaptis kedah nampi wasananipun awujud kunjaran. Kanggé ngudi lampahing tumindak mulihaken, Yohanes Pembaptis kanthi kendel ngumandhangaken kaleresan. Yohanes Pembaptis mastani para pemimpining agami wekdal semanten punika minangka "tetesaning ula bedhudhak" (Matius 3:7). Malah kanthi gamblang, Yohanes Pembaptis ngandikakaken kalenggahanipun para pemimpining agami namung pawitan trahipun Abraham. Yohanes Pembaptis ugi kagungan watak ingkang mboten mangumangu ngeblakaken tumindakipun Hérodès ingkang awon. mBoten namung punika, Hérodès ugi mengsahi Yohanes Pembaptis – langkung-langkung malih Hérodias, garwanipun Hérodès ingkang kaping kalih – amargi Yohanes Pembaptis melèhaken neningkahanipun Hérodès kaliyan Hérodias ingkang mboten sah. Pawartos kanggé lampahing tumindak mulihaken ingkang kados makaten wau ingkang damel Yohanes Pembaptis dipunkunjara ing bêtèng Makhaérus sarta sawetawis wulan salajengipun dipun tigas jangganipun ing ngriku.

Punapa Yohanes Pembaptis rumaos kuciwa dhumateng Gusti Yésus? mBoten, Yohanes Pembaptis mboten kuciwa dhateng kawontenan ingkang kasandhang ing gesangipun. Yohanes Pembaptis mboten nangisi kawontenanipun. Sinaosa kinunjara, Yohanes Pembaptis saged mirsani kridha lampahing tumindak mulihaken ingkang katindakaken déning Gusti Yésus Sang Mésias ingkang dipun anti-anti sampun rawuh. Wonten ing pangandikanipun Gusti dipun sebataken, Yohanes Pembaptis

ndhawuhi sekabatipun munjuk dhateng Gusti Yésus: "Punapa Paduka punika ingkang pinasthi rawuh, punapa kawula kedah sami ngentosi sanèsipun?" (Matius 11:3).

Kanthy pawarta saking sakabatipun, Yohanes Pembaptis mboten namung saged mireng kanthy talinganipun ananging ugi mirsani bilih Gusti Yésus punika Mésias ingkang rawuh kanggé maringi pepulihan dhateng manungsa. Adegeipun Gusti Yésus minangka Mésias terang sanget lan katingal saking Pakaryanipun. Pangandikanipun Gusti nyebataken: '4 Yésus paring wangslulan, pangandikané, "Wis, padha mundura, wartakna marang Yohanes apa kang kokrungu lan kokdeleng: 5 wong picak padha ndeleng, wong lumpuh padha lumaku, wong lara kusta padha kabirat najisé, wong budheg padha krungu, wong mati padha katangèkaké lan wong mlarat padha kawartanan kabar kabungahan. 6 Rahayu wong kang ora rumangsa isin ngakoni Aku." (Matius 11:4-6)

Yohanes Pembaptis saged mirsani pakaryanipun Allah ing Sang Kristus ingkang mulihaken, ndhatengaken tentrem-rahayu kanggé saben tiyang ingkang nampèni Panjenenganipun. Panguwaosipun ngungkuli panguwaosipun pamarintah-pamarintah ing jagat punika, ngungkuli panguwaosipun sesakit, sarta ngungkuli panguwaosipun pati. Raos pitadosipun Yohanes Pembaptis mbekta piyambakipun dhateng kayakinan menggah lampahing tumindak mulihaken ingkang dipun asta déning Gusti Allah piyambak.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih, Pangudi mirsani pakaryanipun Allah salebetipun mulihaken, ugi dipunsebataken déning serat Yakobus dhateng umatipun Allah ingkang sumebar ngumbara ing tanah ngamanca. Minangka tiyang pitados ingkang saweg ngumbara lan neneka, sampun temtu kawontenaning gesangipun mboten ngremenaken. Saged kelampahan, tiyang-tiyang Kristen ingkang dados tiyang neneka punika mrangguli kasangsaran ingkang tumpuk-undhung ingkang damel mboten jenjeming manah sarta ngringkihaken kapitadosan. Saged kelampahan, kasangsaran punika lumampah

dangu kados-kados mboten wonten kendhatipun. Prakawis punika ndadosaken tiyang-tiyang Kristen wau sami nggresah sarta luput-linuputaké (Yakobus 5:9).

Kasangsaran kados-kados dados saya awrat, amargi tiyang-tiyang Kristen wau ngraosaken pitulungan saking Gusti Allah punika mboten énggal dumugi. Ing salebetipun nggilut/nggilut punika, sesambutan kaliyan anggènipun ngiyataken sarta nggesangaken pangajeng-ajeng, Yakobus paring pitutur: “*10 Para Sadulur, padha nulada kasangsaran sarta kasabarané para nabi, kang wis medharaké pangandika atas asmané Pangéran.*” (Yakobus 5:10). Kadosdéné pengalamanipun para utusan utawi abdinipun Gusti Allah, paguyubanipun tiyang pitados kasuwun supados kiyat lan sabar awit Gusti Allah badhé nélakaken karsanipun. Amargi namung kanthi kasabaran punika iman sarta pangajeng-ajeng kita badhé dados nyata.

Pasamuwan ingkang kinasih ing patunggilanipun Sang Kristus, Sumangga kita mirsani kanthi kacatingal énggal bilih tumindaking pakaryanipun Allah anggènipun mulihaken sampun lan badhé lestantun kelampahan. Tiyang pitados ing sauruting sujarah sampun ngraosaken pakaryanipun Allah ingkang mulihaken. Punika sababipun tiyang-tiyang wau saged ngrampungaken saben prakawis kanthi saé awit saking katresnan lan pitulunganipun Gusti Allah. Makaten ugi tumrap kita. Kula aturi émut, kita takih kagungan Gusti Allah ing Sang Kristus ingkang sami kadodéné pangaken-pitadosipun Juru Masmur ingkang kaserat wonten ing Jabur Masmur 146:6-7, “*6 Panjenengané kang nitahaké langit lan bumi, segara lan saisiné kabéh, kang tetep setya ing salawasé, 7 kang njejegaké kaadilan tumrap wong kang padha ditindhes, kang paring pangan marang wong kang padha keluwèn, Pangéran Yéhuwah ngluwari wong kang padha kinunjara.*”

Sesarengan kaliyan Panjenenganipun tansah wonten tumindak mulihaken ing gesang kita. Amin.

Minggu, 22 Dhésèmber 2019



## IMANUÈL: NETEPI PRAJANJINING TUMINDAK MULIHAKEN

### KHOTBAH ADVÈN 4

Waosan I: Yésaya 7:10-16

Tanggapan: Jabur Masmur 80:2-8, 18-20

Waosan II: Roma 1:1-7

Waosan Injil: Matius 1:18-25

### KHOTBAH JANGKEP

Wonten satunggaling wanita ingkang rumaos ajrih lan kuwatos saben dinten, prakawis punika kelampauan amargi ing saben-saben piyambakipun tilem, piyambakipun tansah ngimpi dipun uyak déning *monster* utawi titah gesang - manungsa, Kwan,zero taneman - agengipun kadya raseksa ingkang ngajrih-ajrihi. Wonten ing impènipun, piyambakipun mlajar kanthi ajrih dipun uyak *monster* ingkang mboten naté kèndel mlumpat-mlumpat kados-kados kepéngin ngranggèh. Kuwatos lan ajrihipun punika saya nyiksa ngantos piyambakipun rumaos kasoran, tumunten piyambakipun menggalih sarta nyobi nitipriksa "ya, iki mung ngimpi..... ya ngimpi dudu sawijining prakara kang nyata, ananging kenangapa ngimpi tansah teka" Sampun sawetawis Minggu piyambakipun mboten manggihaken wangsulanipun. Lajeng piyambakipun mutusaken kanggé miterang dhateng pandhita ingkang dipun pitados saèstu.

Pak pendhita mundhut pirsa, "Punapa ingkang ndamel panjenengan ajrih?" Wanita wau ngendikakaken angg nipun ngimpi, "Makaten pak, sawetawis wekdal kapengker punika kula asring ngimpi wonten monster raseksa ingkang tansah nguyak-uyak kula sinambi mlumpat-mlumpat lan bengok-bengok. Punika ingkang tansah ndamel kula ajrih, punapa ingkang kedah kula lampahi Pak pendhita?"

Kanthy kairingan èsem, pak pendhita paring pitutur, "cobi kula aturi takèn tanpa lantaran dhateng raos ajrih panjenengan punika" Wanita punika ketingal sajak bingung, "Karsanipun bapak kadospundi?" Pak pendhita ngambali dhawuhipun, "Inggih, panjenengan takèn kémawon dhateng raos ajrih panjenengan punika."

Wanita wau tumunten wangsul. Dalunipun wanita wau mutus-aken mboten badhé tilem supados piyambakipun mboten ngimpèkaken *monster* punika. Kapireng lirih pangandikanipun pak pendhita ing talinganipun: "*panjenengan takèn kémawon dhateng raos ajrih panjenengan punika!*"

Amargi saking sayahipun menggalih, mboten kémutan malih wusananiipun wanita wau katileman pules, sarta dipun dhatengi malih déning impèn ingkang sami, dipun uyak-uyak *monster raksasa* ingkang ngajrih-ajrihi sanget. Wangsul dhateng impènipun, wanita punika terus mlajar. Saya mempeng wanita punika anggènipun mlajar, *monster* wau ugi tumut mempeng anggènipun nguyak sinambi mlumpat-mlumpat lan bengok-bengok. Wusananiipun, amargi kekeselen mila wanita punika mutusaken kèndel anggènipun mlajar lan tetep ngadeg. Pun *monster* tetep mlumpat-mlumpat sinambi bengok-bengok. Kanthy ngetog kekendelanipun, wanita punika taken dhateng *monster* wau, "Hé *monster*, yagéné kowé tansah nguyak-uyak aku karo mlumpat mrana-mréné sinambi bengok-bengok?" Pun *monster* ngaturi wangsulan, "Kénging punapa panjenengan ajrih dhateng kula? Saged kula punika namung mlajar, mlumpat mrika-mrika sinambi bengok-bengok kémawon kok? mBoten wonten ingkang saged kula tindakaken kajawi namung punika,

*dados kinging punapa panjenengan temtu ajrih dhateng kula? Panjenengan piyambak ingkang damel raos ajrih, sanès kula. Sinaosa kula saged mlajar lan mlumpat-mlumpat sinambi bengok-bengok, sadangunipun punika panjenengan ndamel raos ajrih, mila panjenengan mboten badhé ajrih.”*

Ing ngriki wanita punika saweg wiwit mangertos, bilih raos ajrih ingkang tansah ngganggu gesangipun punika namung wohipun gagasaning pikiranipun piyambak tanpa wonten pepénginan kanggé ndandosi punapamalih ngadhepi kanthi wicaksana.

Ing salebeting gesang kita, asring prakawis ingkang sami kita alami. Kita ajrih sanget dhateng prakawis kathah ingkang sayektosipun dèrèng temtu kelampahan, ananging namung amargi gagasaning pikiran kita piyambak. Ajrih punika, ajrih sanèsipun malih, mangka dèrèng temtu kelampahan. Malah saged kelampahan raos ajrih ingkang sayektosipun saged dipun adhepi, ananging amargi sampun kadhung ajrih, manah raosipun kekes ngantos mboten saged nindakaken punapa-punapa utawi malah ngginakaken nalar tanpa nyuwun kawicaksanan saking Gusti Allah.

Punika kelampahan ing gesangipun Akhas. Minangka satung-galing raja, piyambakipun naté ketaman raos ajrih ingkang ageng nalika bangsanipun ngadhepi pangancam saking krajan kalih ingkang sekuthon nyerang, inggih punika krajan Israël lan krajan Siria. Akhas ingkang mirengaken dados ajrih “atiné para kawulané padha gumeter kaya hiyad-hiyuding wit-witan ing alas kang katempuh ing angin” amargi prajuriting mengsa sampun mlebet dumugi wewengkon Efraim, saweg sami ngimpun kakiyatan kanggé nyerang.

Ing salebetipun raos ajrih punika, Akhas ngginakaken nalaring kamanungsanipun. Punapa klèntu ngginakaken nalar? Gusti rak sampun nitahaken nalar? mBoten klèntu. Ananging nalika manungsa namung ngendelaken nalaripun, mila sadaya prakawis kaukur lan kasawang kanthi pamawasipun manungsa kémawon.

Mangka ing gesang punika, kathah prakawis ingkang ngungkuli nalaripun manungsa.

Ing ngriki iman nggadhhahi paé dah ingkang ageng. Gusti Allah mboten naté nilar umat kagunganipun ing salebetung raos ajrih, Panjenenganipun maringi pratandha lan caranipun. Pakè wet badhé mecungul, nalika manungsa namung ngendelaken pétanganing nalar kémawon, manungsa lajeng mboten landhep pangraosipun mirsani lan maos pratandha saking Gusti Allah.

Punapa wekdal samangké kita ugi makaten? Mangka mbok-menawi Gusti Allah sampun maringi kathah pratandha kanggé nanggulangi raos ajrih sarta pakèweting gesang kita, ananging amargi kita keladuk anggènipun ngginakaken nalar, lan rumaos sampun mboten wonten margining luwar ngantos mripat, talingan, lan manah kita mboten tinarbuka dhateng pratandha saking Gusti Allah.

Sumangga kita angen-angen, caranipun Gusti Allah mitulungi pancèn nyebal saking nalaripun manungsa. Gusti Allah ngandika lumantar nabi Yésaya: “*14 Awit saking punika Pangéran piyambak ingkang badhé paring pratandha dhumateng panjenengan dalem: Lah Sang Kenya badhé nggarbini saha badhé mbabar putra kakung sarta badhé ngasmakaken putranipun wau Imanuél.*” Satunggaling kenya dipunagem déning Gusti Allah kanggé nélakaken lampahing tumindak mulihaken sarta milujengaken. Menawi sanès karana kapitadosan ingkang nguwaosi, cara ingkang kados makaten temtu mboten saged dipuntampi. Prajanjinipun Allah punika dipuntetepi 700 taun sasampunipun lumantar kabar ngandhegipun kenya Maria ingkang saweg pepacangan kaliyan Yusuf.

Ing ngriki kita mirsani deranging pitados ingkang béda sanget kaliyan Yusuf, kanthi cathetan piyambakipun satunggaling nèm-nèman limrah, béda kaliyan raja Ahas ing salebetipun ngadhepi ruwed-rentenging gesang.

Nenawi nuruti dhateng pikajenging manahipun, Yusuf saged kémawon késah nilaraken Maria, pacanganipun ingkang saweg ngandheg sanès amargi saking pandamelipun. Yusuf saged kagungan alesan kanggé megat Maria; tiyang mboten badhé nglepataken pancasanipun. Angen-angen makaten pancèn wonten. Dipuncariyosaken bilih Yusuf nggadhahi krenteg megat Maria kanthi sesidheman. Kéging punapa kedah sesidheman? Menawi kita mirsani ing salebetung adat tata-cara Yahudi, mila badhé cetha sanget bilih satunggaling tiyang jaler saged kémawon megat pacanganipun wonten ing edhèngan kanthi alesan ingkang gamblang. Yusuf ugi saged nggigat Maria ing ngajengipun pangadilan kanggé pegatan kanthi alesan Maria sampun ngandeg. Menawi Maria dipun gigat kanthi alesan makaten, mila cetha Maria badhé kaukum kanthi ukuman dipun benturi séla. Ananging wonten pilihan kaping kalih ingkang saged dipunlampahi Yusuf inggih punika megat kanthi sesidheman. Tegesipun, Yusuf ngginakaken nalaripun.

Ananging ingkang nengsemaken saking cariyos punika nalika Yusuf badhé ngutamèkaken imanipun tinimbang nalaripun. Nalika malaékat ngetingali Yusuf ing salebetung pangimpèn sarta maringi ngertos bab rancanganipun Allah ingkang ageng, Yusuf milih netepi dhawuhipun Gusti Allah. Satunggaling pancasan ingkang awis-awis sarta mbokbilih dèrèng naté dipun pilih déning satunggaling priya: mangertos pacanganipun ngandheg mboten amargi pandamelipun, Yusuf lestantun anggènipun njagi supados tetep panggah sesambetanipun kaliyan pacanganipun. Yusuf wantun mendhet putusan punika sarta sumadhiya nanggel sadaya risikonipun utawi pitunanipun ingkang sampun temtu mboten gampil. Panjenenganipun kedah panggah ngadhepi ngendikan miring tiyang kathah awit saking kawontenanipun Maria ingkang sampun ngandheg sadèrèngipun nenikahan. Samangsa dumugi nenikahan, Yusuf sampun kedah répot njagi Maria sarta nyawisaken wiyosanipun pun jabang-bayi. Ananging Yusuf nampi sadaya punika kanthi sumarah sawetahipun dhumateng karsananipun Allah.

Wonten ing gesang punika, asring kita mrangguli prakawis

ingkang mboten kita ajeng-ajeng utawi mboten naté njedhul wonten ing pikiran kita. Kawontenan ingkang makaten wau nuwuuhaken raos ajrih ingkang ageng ingkang ngémbèt dhateng tumindak ingkang dipun lampahi. Rasul Paulus ng mutagen bilih kita punika abdinipun Gusti. Kuwajiban abdinipun Gusti punika ngabaraken Injil. Kadospundi kita ngabaraken Injil menawi ing salebetipun geguletaning gesang kita kawon kaliyan raos ajrih ngantos langkung kathah ngginakaken nalar tinimbang ngginakaken iman? Kadospundi kita ngabaraken Injil menawi kita piyambak langkung pitados dhateng kakiyatan sanes tinimbang kakiyatanipun Gusti Allah? Kadospundi sagedipun kita ngabaraken Injil menawi kita mboten nélakaken gesang tansah setya, sumarah lan suméndhé dhateng Gusti Allah?

Wonten satunggaling gegambaran ngéngingi satunggaling *pelaut* (tiyang ingkang padamelanipun wonten tengah samudra) ingkang karemenanipun dlajahi negari-negari. Ing saben-saben piyambakipun tetuwi dhateng satunggaling negari, piyambakipun maringi tenger dhateng wewengkon ingkang sampun dipuntuwèni. Ananging dèrèng ngantos sadaya negari saged dipun rawuhi, panjenenganipun séda. nDungkap pungkasaning sugengipun, ing salebeting raos kegelanipun, piyambakipun maringi tenger papan-papan ingkang dèrèng dipun rawuhi. Tenger punika kadamel saking seratan ing satunggaling gambar kar (peta): ing ngriki wonten raseksa, ing papan sanès kaserat ing ngriki kathah kewan galak, sarta ing papan sanèsipun malih kaserat ing ngriki kathah sawer ingkang wisaniipun mandi, ing ngriki kathah kalajengkingipun. Nalika gambar kar punika dipun pamèraken, sarta dipunlélang ing wiwitaning taun 1800, gambar kar punika dipun tumbas déning *pelaut* Kristen asmanipun John Franklin.

Sarta nalika pun *pelaut* Kristen mbikak gambar kar punika, piyambakipun kagèt kanthi wontenipun tandha-tandha ingkang ngajrih-ajrihi, wonten raseksa, wonten sawer ingkang wisaniipun mandi, wonten kewan galak, wonten kalajengking. Ingkang nengsemaken, ingkang katindakaken John Franklin minangka satunggaling *pelaut* Kristen, piyambakipun mundhut spidhol,

sarta piyambakipun nyorèk sadaya tandha-tandha ingkang ngajrih-ajrihi, sarta kagantos déning piyambakipun kanthi tembung-tembung: ing ngriki wonten Gusti Allah, ing ngriki wonten Gusti Allah, ing ngriki wonten Gusti Allah, ing ngriki wonten Gusti Allah.

Imanuèl, Gusti Allah nunggil gesang kita. Punapaa kémawon ingkang saweg kita adhepi ing wekdal punika, kawiwitana ngandika bilih Gusti Allah punika wonten ing panyambutgawéku. Gusti Allah wonten ing satengahing brayatku, Gusti Allah wonten ing dedagangan kita, ngantos saben ruwet-rentenging gesang ingkang kedah dipunadhepi, kita mboten ajrihi ananging pitados dgeuteng pangreksa tuwin pitulunganipun Gusti Allah. Pancèn, sanès satunggaling pilihan ingkang ngremenaken sarta gampil menawi kita mboten mangertos rancangan éndah ing sapawingkingipun prakawis punika. Kita namung saged ngrampungaken sarta nglangkungi punika kanthi suméndhé lan pitados sawetahipun dhumateng rancangan éndah saking Gusti Allah ngantos pangreksanipun Gusti Allah saya kita raosaken. Amin.

[ts-den]



Selasa, 24 Dhésèmber 2019



## KAPULIHAKEN KANGGÉ MULIHAKEN

### KHOTBAH MALAM NATAL

- |               |                 |
|---------------|-----------------|
| Waosan I:     | Yésaya 9:1-6    |
| Tanggapan:    | Jabur Masmur 96 |
| Waosan II:    | Titus 2:11-14   |
| Waosan Injil: | Lukas 2:1-20    |

### KHOTBAH JANGKEP

Manungsa mbetahaken padhang. Punika sababipun Gusti Allah nitahaken pepadhang inggih punika srengéngé lan rembulan. Manungsa kanthi kasagedanipun ngudi padhang kanthi yasa diyan utawi sarananing pepadhang sanèsipun. Gesang ing salebeting padhang ndamel kita tentrem, sarèh, sarta saged makarya kanthi saé.

Ananging mboten kanggé salami-laminipun padhang dhatengi gesangipun manungsa. Pepeteng asring misésa manungsa. Pepeteng mbekta manungsa dhateng kawontenan mboten jenjem, kuwatos, lan mboten saged nindakaken padamelan kanthi saé. Pepeteng ndhatengi gesangipun manungsa karana dosa ingkang njalari risaking citranipun Gusti Allah (*Imago Dei*, gambar lan pasemonipun Allah) wonten ing gesangipun manungsa.

Amargi saking bab punika lampahing tumindak mulihaken prelu dipun tindakaken. Awit saking punika, sinten ingkang kedah

mulihaken? Mboten wonten sanèsipun kajawi namung déning Allah ingkang nitahaken langit lan bumi. Manungsa mboten badhé saged mulihaken gesangipun piyambak.

Nabi Yésaya nyathet bilih amargi gesang ing salebetung pepeteng, kanyataning kasangsaran tumanduk ing gesangung umatipun Allah. Wonten ing seratan Kitab Suci, kasangsaran punika dipuntélakaken wonten ing péranganing ukara “..... nagara kang rinupek iku ora bakal katempuh ing kaanan surem ing salawasé” (Yésaya 8:23). Wedharan punika nedahaken dhateng lelampaahan kawpnipun krajan Israël Sisih Lèr déning Asyur ing taun 733-732 Sadèrèngipun Masèhi. Ananging kawontenan surem punika mboten badhé mlampah dangu. Kasangsaran mboten badhé misésa kanggé salami-laminipun. Badhé wonten tumindak mulihaken ingkang badhé dipun ayahi déning Gusti Allah, Sang Pepadhang. Wonten ing salabeting tumindak mulihaken punika, nabi Yésaya nglairaken pameca makaten, “Bangsa kang lumaku ing pepeteng wus sumurup pepadhang gedhé; wong kang padha manggon ing nagara kang peteng ndhedhet wus padha kaplethékan pepadhang.” (Yésaya 9:1). Pamuca punika badhé kapenuhan kanthi miyosipun Sang Jabang Bayi (Yés. 9:5). Ingkang cetha bilih Bayi punika sanès bayi limrah. Bayi punika kasebat Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang langgeng, Ratuning Katentreman. Sebatan punika nélakaken bilih bayi punika “manungsa pinunjuk” ingkang sembada ngrampungaken kasangsaraning umatipun Allah. Ing salebetung kapitadosan Kristen, pameca punika nusing dhateng Gusti Yésus, Sang Mésias ingkang mulihaken.

Ing wanci dalu punika, kita ngakeni bilih punapa ingkang dipun-weca déning nabi Yésaya mboten namung satunggaling angengan-angen ananging satunggaling kasunyatan ingkang kababar wonten ing miyosipun Gusti Yésus ing Bètléhèm. Panjenenganipun minangka wangslanipun saking sarupining karingkihan tuwin kapetenganing lampahipun gesangung manungsa. Panjenengan-ipun rawuh mulihaken wanguning kamanungsan (sesipatan kawontenipun manungsa). Pakaryanipun Allah ingkang mulihaken punika kanggé sadaya

manungsa amargi pakaryan punika ugi kaparingaken dhateng manungsa saking sadaya golongan, kalebet golongan ingkang saor piyambak kadosdéné pangèning ménda. Ingkang nengsemaken, amargi lampahing tumindak mulihaken punika kelampahan dipun-nam wonten ing sujarahing gesangipun manungsa. Ing ngriki, kita sinau saking cariyos Natal manut Injil Lukas 2:1-20.

Wonten tigang pérangan ageng cariyos wonten ing waosan Injil dinten punika, inggih punika anggènipun mlampah dhateng Bètléhèm, pepanggihanipun malaékat kaliyan para pangèning ménda, tuwin pepanggihanipun para pangèning ménda kaliyan brayat Yusuf-Maria. Sumangga kita tlesih satunggal mbaka satunggal.

Anggènipun mlampah dhateng Bètléhèm (Lukas 2:1-4) mboten namung mlancung utawi wangsl dhateng dhusunipun, ananging satunggaling patrap mlampah ingkang kedah dipunlampaahi kanthi dhasar ingkang asipat politik. Nalika samanten, pamarintah Romawi ngawontenaken cacah-jiwa ageng-agengan ing wewengkon-wewengkon ingkang dipun kuwaosi kanthi pikajeng kanggé ngétang gunggungipun sadaya tiyang ing laladan ngriku kanggé nemtokaken ageng-alitipun pajeg, ngawasaken bab obahipun kempalaning para tiyang ingkang mbaléla, sarta kanggé matrapi kanthi peksan kuwajiban dhines militèr kanggé wewengkon jajahan tumrap sadaya tiyang ing laladan ngriku. Maria kajiyana Yusuf dados salahsatunggaling brayat saking brayat limrah ingkang kedayan déning pancasan politik Roma punika. Kita saged mbayangaken bilih anggènipun mlampah punika sanès prakawis ingkang gampil kanggénipun Maria ingkang saweg nggarbini, ananging dados prelu kapara wajib. Wonten ing andharaning iman, anggènipun mlampah punika mboten namung mligi netepi panyuwunan ingkang gegayutan kaliyan politik, ananging minangka satunggaling prajanjinjing pameca ingkang saweg dipunanti-anti déning umat Israël (kcn. Mikha 5:1, Yohanes 7:42).

Ing ngriki ketinggal bilih pakaryaning Allah anggènipun mulihaken lumampah wonten ing kawicaksananipun manungsa. Bab punika

mitulungi kita mirsani bilih Gusti Allah ingkang kagungan panguwaos karsa ngagem manungsa kanggé netepi rancangan-ipun Gusti. Dados, pakaryaning Allah anggènipun mulihaken tansah raket-sanget sesarengan kaliyan sujarahing manungsa.

Cariyos ingkang kaping kalih sesambutan kaliyan pengalamaning para pangèning ménda ingkang nyipeng ing ara-ara (Lukas 2:8-14). Nglajengaken pangertosan bilih pakaryanipun Allah anggènipun mulihaken punika tansah raket-sanget sesarengan kaliyan sujarahing manungsa, pérrangan punika ngantebaken bilih pakaryan mulihaken punika ugi dipunaturaken wonten ing satunggaling lelampaahan ingkang mboten limrah. Kita mirsani rawuhipun para malaékat sarta balatantra swarga ingkang memuji sarta ngluhuraken Allah. Ingkang nengsemaken, pepujian punika katujokaken dhateng golongan utawi péhak ingkang dipunpencilaken, inggil punika para pangèning ménda. Kita saged damel dudutan bilih tumindak mulihaken ugi ngaruh-aruhi sarta karaosaken déning manungsa ingkang kepencil sarta asor piyambak statusipun. Tumindak mulihaken mboten namung cariyos tuwin padamelan kanggé kupenganing tiyang nginggilan (Maria lan Yusuf punika trah utawi tedhak-turunipun Sang Prabu Daud) ananging ugi kanggé para pangèning ménda.

Cariyos kaping tiga nyariosaken bab pancasanipun para pangèning ménda kanggé manggihi bayi Yésus (Lukas 2:15-20). Pancasan punika nélakaken sampun kelampaahan ing gesangipun para pangèn kapulihaken. Minangka golonganipun tiyang ingkang kepencil, pinanggih kaliyan “tiyang nginggilan” mbetahaken kekendelan. Kita saged mbayangaken raosipun para pangèn wau: ajrih, gumerter, bingah, mongkog, sokur, lan sanès-sanèsipun temtu pinanggih wonten ing gesangipun para pangèn. Kanthi sadaya raos punika para pangèn pinanggih kaliyan Mésias ingkang ndamel para pangèn mangertos bilih pakaryanipun Allah ingkang mulihaken punika èstu-èstu nyata tuwin pakaryanipun Allah ingkang mulihaken punika ngaruh-aruhi sadaya manungsa. Punika sababipun para pangèn wang sul kanthi memuji tuwin ngluhurkanen Allah. Para pangèn mboten namung nikmati pulihing gesang kanggé dhiri pribadinipun para pangèn kéma-

won, ananging ugi purun mapanaken dhiri minangka juru-warta tumrap tumindaking ayahanipun Allah ingkang mulihaken.

Para Sadhèrèk, makaten ugi Rasul Paulus wonten ing serat Titus ngantebaken bilih kawilujengan punika mboten namung prajanji, ananging kababaring pakaryanipun Allah ingkang mulihaken ing gesang nyata. Pakaryan ingkang mulihaken punika kapenuhan ing Sang Kristus. Kita ingkang nampèni kawilujengan sarta sampun kapulihaken dipunulami kanggé ngluhuraken Gusti Allah kanthi gesang suci sarta mboten gesang malih ing salebetting kawontenan ingkang kajiret déning cara gesang lami ingkang awon. Kita tinimbalan dados juru-warta kawilujengan lan pakaryanipun Allah ingkang mulihaken kanthi nandukaken pandamel saé dhateng saben tiyang sarta mboten malih gesang andhok ing salebetting kawontenan ajrih, kuwatos, lan tanpa budi. Sumangga kita raosaken daya pakaryaning Allah ingkang mulihaken sarta kita wartosaken pakaryanipun Allah punika ngantos tiyang sanès ugi kapulihaken. Punika grengsenging Natal, supados dipunpulihaken kanggé mulihaken. Amin.

[ypp-den]



Rebo, 25 Dhésèmber 2019



## KARAWUHAN INGKANG MULIHAKEN

### **KHOTBAH NATAL**

- |               |                 |
|---------------|-----------------|
| Waosan I:     | Yésaya 52:7-10  |
| Tanggapan:    | Jabur Masmur 98 |
| Waosan II:    | Ibrani 1:1-12   |
| Waosan Injil: | Yohanes 1:1-14  |

### **KHOTBAH JANGKEP**

Pasamuwanipun Gusti ingkang kinasih, mBokbilih kita rumiyin mboten naté menggalih bilih kita badhé gesang ing jaman ingkang ngraosaken éwah-éwahan ingkang cepet sanget. Tambahing wekdal ingkang kaginakaken déning tèknologi (ngèlmu tèknik) ingkang kita raosaken samangké ndamel kita saos sokur, karana tambahing wekdal ingkang kaginakaken déning tèknologi punika kathah mbiyantu lan nggampilaken gesang kita. Tèknologi pasrawungan upaminipun. Rumiyin namung dados satunggaling dongèng utawi pangangen-angen bilih kita saged srawung kaliyan satunggaling tiyang saking papan ingkang tebihipun éwon kilomèter sarta saged mirsani mboten namung pasuryanipun tiyang punika ananging ugi punapa ingkang saweg dipun tindakaken.

Para Sadhèrèk, kemajenganing tèknologi wekdal punika ndamel pasrawungan saged lumampah kanthi rikat. Pawartos-pawartos punapa kémawon saged kita tampi sarta kita sebaraken kanthi rikat. Kita mboten prelu nengga priyantunipun rawuh maringi kabar dhateng kita, kita sampun saged mangertosi lumantar praboting pasrawungan. Sinaosa makaten, tèknologi tetep

nggaduhahi winatesing kawontenan. Pasrawungan badhé dados prakawis nalikanipun lantaran-lantaran ingkang nggathukaken kita kaliyan tiyang sanès punika kendel lan pedhot, utawi kapara mboten wonten lantaran babarpisan.

Para Sadhèrèk, punapa panjenengan naté ngraosaken pengalaman upaminipun ngutus satunggaling tiyang supados nglari kabar utawi pawartos ngéngingi kawontenanipun tiyang ingkang panjenengan tresnani (upaminipun kabar tumrap putra/sémah;brayat ingkang karana ngayahi kewajiban manggèn ing papan ingkang mboten saged dipungayuh déning lantaraning pasrawungan/mboten wonten *sinal* ing papan ngriku. Ingkang sampun mboten kabar-kinabaran sawetawis wulan dangunipun)? Menawi sampun naté ngalami, kadospundi raosing manah panjenengan? Kuwatos, ngétang-étang wekdal lan ngudaraos, kinten-kinten ingkang kautus sampun dumugi dèrèng nggih? Lajeng sasampunipun sawetawis wekdal dipuntengga, ingkang kautus dhateng. Saking katebihan panjenengan mirsani ..... sampun temtu panjenengan badhé énggal-énggal tuwin mboten sabar kanggé mirengaken kabar ingkang badhé dipunngendi-kakaken.

Para Sadhèrèk, kados makaten kirang-langkung gambaranipun tiyang-tiyang Israèl nalika jaman Perjanjian Lami nalika ngantu-antu rawuhipun “ingkang ngasta pawarta”, kados ingkang dipun andharaken ing Yésaya 52. Ing Yésaya 52:7 dipungandikakaken “Iba anggoné ngresepaké katoné saka ing pucaké tengger-tengger tekané *kang nggawa pawarta*, kang martakaké kabar katentreman kang ngundhangaké pawarta kang becik, kang nggawa kabar karahayon ...” Para Sadhèrèk ingkang kinasih, nalika semanten punika karawuhanipun tiyang ingkang ngasta pawarta wigatos sanget, utaminipun ing salebetung peprangan. Tiyang-tiyang punika mlajar saking satunggaling papan dhateng papan sanèsipun kanggé martosaken kabar dhateng péraning bangsanipun ngéngingi sadaya prakawis ingkang dipunpirsani sarta dipunpanggihaken tiyang-tiyang wau ing papanipun paprangan. Tiyang-tiyang sami nengga wontenipun kabar kabingahan. mBoten nggumunaken menawi karawuhanipun tiyang ingkang

ngasta pawarta kabar kabingahan dados satunggaling prakawis ingkang dipunantu-antu sarta dipunajeng-ajeng saèstu.

Lajeng punapa ingkang dipunkersakaken kabar kabingahan ingkang dipunbekta déning tiyang ingkang ngasta pawarta wonten ing *périkop* utawi ing *péranganing* waosan kitab suci punika? Wonten ing Yésaya 52:7 dipunsebataken “.... lan kang celathu marang Sion: “Allahmu iku ratu!” Tiyang ingkang ngasta pawarta punika martosaken kadospundi Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahipun umat Israël badhé kondur dhateng Sion (tiyang-tiyang ingkang manggèn ing Yérusalèm; umatipun Allah) mila sampun samesthinipun Sion bingah sarta surak-surak awit Pangéran Yéhuwah nglipur umat-Ipun, sarta sampun ngetinggal-aken astan-Ipun ingkang suci wonten ing ngajengipun sakathahing bangsa, ngantos sadaya bangsa mirsani kawilujengan ingkang pinangkanipun saking Panjenenganipun.

Konduripun Pangéran Yéhuwah dhateng tengah-tengahing umat-Ipun sarta lenggah sesarengan umat-Ipun dados simbul bilih Gusti Allah mboten duka malih dhumateng umat-Ipun. Panjenenganipun sampun nélakaken sih-katresnan-Ipun sarta karsa milujengaken. mBoten wonten pawartos ingkang saged ngawonaken pawartos kasebat. Awit wonten pawartos kasebat kamot pangajeng-ajeng ingkang ageng bilih umat mboten dumunung malih wonten ing paukumaniong Allah, ananging awit saking keparengipun Pangérang Yéhuwah kanggé mbekta wang-sul tiyang-tiyang Yéhuda lan Yérusalèm saking papan pambuwangan (Yésaya 41:27), sarta ngewrat prajanji pakaryanipun Allah ingkang milujengaken lestantun kanggé ing salami-laminipun (Yésaya 51:6-7).

Karawuhanipun tiyang ingkang ngasta pawarta saged mbekta éwah-éwahan kagem umat. Umat ingkang suwau gesang salebetipun kawontenan sempah, éwah dados surak-surak gambira sarta wangslipun nggadhahi pangajeng-ajeng. Ananging ugi saged kelampahan kosokwangslipun, nalikanipun pawarta ingkang dipunaturaken punika pawarta ingkang mboten ngremenaken utawi pawarta paukuman. Punika pituna/risiko

minangka tiyang ingkang ngasta pawarta. Ananging punapaa kémawon risikonipun, tiyang ingkang ngasta pawarta tetep tinimbalan kanggé rawuh ngaturaken pawarta ingkang saged ngéwahi tiyang ing mirengaken pawarta punika. Menawi kabar kabingahan, tiyang saged caos sokur sarta dados saya saé amargi wedharan caos-sokuripun. Ananging menawi kabar paukuman, tiyang saged nampi punika minangka wewengan kanggé mratobat. Karawuhanipun tiyang ingkang ngasta pawarta tetep wigatos. Amargi risiko ingkang kedah kapendhet punika ageng, mboten sadaya tiyang sumadhiya dados tiyang ingkang ngasta pawarta. Punika sababipun para nabi nalika jaman Perjanjian Lami ingkang kautus déning Gusti Allah kanggé dados tiyang ingkang ngasta pawarta dhateng umat kathah ingkang séda ingkang dipunsédani amargi pawarta ingkang dipunasta.

Para Sadhèrèk, wonten ing waosan Injil dinten punika, kita mirsani kadospundi Gusti Yésus ingkang kautus déning Gusti Allah mboten namung minangka ingkang ngasta pawarta kanggé umat, ananging sanalika minangka pawartanipun.

Lelampahan karawuhanipun Gusti Yésus ingkang dipun pahargya lumantar Natal dipunandharaken Injil Yohanes lumantar cariyo*s inkarnasi*, Gusti Allah manjalma manungsa, “Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita, sarta aku lan kowé kabèh wus padha nyawang kamulyané, yaiku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané yaiku Putra Ontang-antingé Sang Rama, kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn.” (Yohanes 1:14) Kamulyanipun Allah dipuntélakaken lumantar sadaya pakaryanipun Gusti Yésus ingkang dados manungsa. Karawuhanipun Gusti Yésus dipun karsakaken kanggé mulihaken sesambetanipun manungsa kaliyan Allah Sang Rama.

Karawuhanipun Gusti Yésus kelampahan mboten namung nalikanipun Panjenenganipun miyos minangka manungsa, ananging sampun wiwit sekawit Gusti Yésus sampun wonten. Injil Yohanes nélakaken makaten: “Sadurungé jagad dititahaké, Sang Sabda wis ana. Sang Sabda mau tetunggilan karo Gusti Allah, sarta Sang Sabda kuwi pancèn Allah.” (Yohanes 1:1 Basa Jawi Padintenan).

Sabda (Yunani: Logos) nedahaken dhateng pribadinipun Gusti Yésus. Injil Yohanes badhé nélakaken bilih Gusti Yésus mboten namung “ingkang ngasta pawarta” ingkang martosaken kabar kabingahan, ananging Panjenenganipun piyambak dados **Pawarta/Kabar Kabingahan** punika.

Karawuhanipun Gusti Yésus kanggé ngawonaken pepeteng ingkang nguwaosi jagat. Sang Pepadhang mulihaken jagat. Émanipun jagat mboten nampi karawuhanipun Gusti Yésus Sang Pepadhang (Yohanes 1:11). Punika ingkang ndamel Sang Pepadhang rawuh ing tengah-tengahing gesangipun manungsa, “...Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita, ...” (Yohanes 1:14) Ukara punika ngèngetaken dhateng kawontenanipun Gusti Allah wonten ing lelampahanipun bangsa Israël. Gusti Allah karsa adeg tarub sesareangan kaliyan umat ingkang saweg lumampah tumuju dhateng tanah prasetyan. Gusti Allah karsa dedalem nunggil kaliyan manungsa ingkang gesang ing salebeting karibedan. Panjenenganipun mboten tebih saking manungsa.

Para Sadhèrèk, Gusti Yésus rawuh ngasta éwah-éwahan wonten ing gesangipun manungsa. Karawuhanipun mulihaken jagat. Wujud karawuhanipun Gusti Yésus ingkang mulihaken punika dipungambaraken lumantar waosan kitab Ibrani. “Gusti Allah ngutus Gusti Yésus kanggé nucèkaken lan nganyaraken jagat” (Ibrani 1:1-2:4). Panjenenganipun punika Sang Sabda ingkang rawuh sesareangan kaliyan Allah nitahaken jagat raya (Ibrani 1:1-3), ingkang salajengipun manjalma dados manungsa (Yohanes 1:14). Samangké Panjenenganipun dados sami kaliyan Allah tumrap punapa kémawon (Ibrani 1:3). Sabda punika kebak panguwaos, saged nunggilaken lan nyanggi sadaya titah.

Ing kitab Ibrani ugi dipun andharaken bilih Gusti Yésus lenggah ing satengenipun Ingkang Mahaagung, tegesipun bilih Panjenenganipun nglenggahi kalenggahan ingkang kinurmatan lan kebak panguwaos. Ibrani 1:5-12 badhé nélakaken sesambutanipun Allah kaliyan umat-pilihan-Ipun kados sesambutanipun satunggaling bapa kaliyan putranipun. Sesambutan ingkang kados makaten

punika mboten kaparingaken dhateng para malaékat, awit Gusti Yésus Kristus Ingkang Putra Pembajeng (Ibrani 1:6), sarta dipuntanduki minangka putra pembajeng punika ugi kaparing-aken dhateng tiyang pitados saé ingkang jaler punapadéné èstri (Ibrani 12:23). Gusti Yésus ugi kagambaraken minangka Raja, ingkang dhampar-Ipun punika langgeng salaminipun, lantaraning keprabon-Ipun punika lantaran kayektosan (Ibrani 1:8). Sarta Panjenenganipun mréntah kanthi kaadilan lan kaleresan.

Para Sadhèrèk, menawi kita sampun nampi kabar kabingahan bilih dosa kita dipunapunteni sarta kawilujengan dipunparing-gaken dhateng kita. Menawi kita sampun nampèni kawilujengan ing Sang Kristus Yésus. Menawi kita ngalami sarta ngraosaken gesang ingkang kapulihaken lumantar karawuhanipun Gusti Yésus Kristus. Gusti Allah nimbali kita kanggé martosaken sarta ngetinggalaken karawuhan-Ipun. Karawuhanipun Gusti Allah wonten ing gesang kita dipuntengeri kanthi kesanggeman kita kanggé pitados sarta nindakaken pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah, kados ingkang dipun télakaken ing Kitab Prajanjian Lawas punapadéné lumantar tuladha punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus Kristus. Kita martosaken kawilujengan/gesang langgeng/swarga lumantar pandamel-pandamel kita ingkang dados kabar kabingahan kanggé tiyang sanès (wong wuta padha ndeleng, wong lumpuh padha lumaku, wong budhugen padha kabirat najisé, wong budheg padha krungu, wong mati padha katangékaké, lan wong mlarat padha kawartanan kabar kabunganan). Gusti Allah nimbali tiyang piatados mboten namung sumadhiya dados ingkang ngasta pawarta ingkang ngabaraken kabar kabingahan ananging sami kadosdéné Sang Kristus, kita sumadhiya dados kabar kabingahan kanggé sesami. Ngantos kadhatengan kita, tiyang pitados, dipun antu-antu déning sesami kita. Sabab ing pundi tiyang pitados wonten ing ngriku Kratoning Swarga kababar. Ing pundi tiyang pitados wonten ing ngriku pakaryanipun Allah ingkang mulihaken kelampahan. Natal ingkang kita pahargya kedahipun mboten namung dados simbul karawuhanipun Gusti Yésus ingkang mulihaken, ananging èstu-èstu kita dadosaken wekdal kanggé nélakaken karawuhan-Ipun ingkang mulihaken. Kadospundi

caranipun? Lumantar pakaryan-pakaryan ingkang katindakaken Gusti Yésus. Pandamel saé ingkang saged mulihaken gesang dados langkung saé.


Para Sadhèrèk, manungsa jaman samangké saya kathah ingkang ketaman marupi-rupi sesakit ingkang neniwasi. Tiyang-tiyang punika saged pados pawarta kanthi cepet lumantar praboting pasrawungan bab punapa ingkang dipun alami. Kathah ingkang saged tumindak dados dhokter sarta ingkang milujengaken gesangipun piyambak. Tiyang-tiyang punika ugi mangertos sanget bilih sesakit kadasta: *stroke*, *diabetes*, *kanker*, jantung, ginjal, *paru-paru* utawi kebuk, punika ingkang dados jalaran utami tiyang nemahi séda. Ananging namung sekedhik sanget tiyang ingkang mangertos bilih bab ingkang njalari tuwuhipun kathahing sesakit punika **kasepèn**. Sawetawis wekdal ingkang kapengker, BBC (setasiun tv lan radhio ingkang nyawisaken pawarta saking saindenging jagat) martosaken asilipun panalitèn bab “kasepèn”. Kalih asiling panalitèn *medis* (ingkang sesambutan kaliyan babagan njampèni sesakit) énggal nedahaken bilih “kasepèn” saged nyendhakaken umur. Risiko pejah dados tikel kalih langkung cepet dipunlampahi déning tiyang-tiyang ingkang ngraosaken “kasepèn”. Sarta panalitèn ingkang dipunwedalaken déning *Archives Internal Medicine (Arsip Penyakit Dalam)* nedahaken bilih tiyang ingkang kagungan risiko sakit jantung langkung cepet pejah déning sakit jantung punika menawi tiyang wau piyambakan (ngraosaken kasepèn). Panalitèn-panalitèn bab kasepèn kasebat mbiyantu para tiyang ingkang kagungan ayahan *medis* utawi dhokter kanggé ngrimati pasièn ingkang kagungan risiko langkung ageng amargi kasepèn.

Ing jagat ingkang sarwa majeng punika, kathah tiyang ingkang ngudi mlajeng saking raos kasepèn sarta dipun isèni kanthi *selfie* (*swafoto*: mendhet potrètipun piyambak), ananging kathah ingkang kirang utawi kapara mboten nindakaken *selfaware* (ngrumangsani). Manungsa mboten ngrumaosi makna tuwin timbalaning gesang sayektosipun. Ing satengahing kawontenan ingkang kados makaten pasamuwan dipuntimbali Gusti. Pasamuwan dipuntimbali supados ambyur ing satengahing jagat

ingkang gumeder kanthi sawernining pista ananging ugi ringkih déning sawernining sesakit tuwin kasangsaran. Karawuhanipun pasamuwan kedahipun ngasta daya pangaribawa ingkang mulihaken tumrap tiyang-tiyang ingkang mbudidaya manggih-aken malih grengsenging gesangipun. Tumrap tiyang-tiyang ingkang rumaos kasepèn. Natal taun punika, karsanipun dados wekdal kanggé mahargya gesang ing salebetung kesanggeman ambyur ing gesang kanggé sesami. Amin.

[dvm-den]

Minggu, 29 Dhésèmber 2019



## DADOS TIYANG INGKANG KAJIBAH MULIHAKEN

**KHOTBAH MINGGU  
SASAMPUNIPUN NATAL**

- |                |                  |
|----------------|------------------|
| Waosoan I:     | Yésaya 63:7-9    |
| Tanggapan:     | Jabur Masmur 148 |
| Waosoan II:    | Ibrani 2:10-18   |
| Waosoan Injil: | Matius 2:13-23   |

### **KHOTBAH JANGKEP**

Para Sadhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti Yésus, *Jargon* utawi tembung-tembung mirunggan “*Kalau bersih, mengapa risih?*” utawi “*Menawi resik kénging punapa lingsem?*” temtunipun naté utawi kapara asring kita pireng. Tembung-tembung mirunggan punika asring dipunginakaken kanggé ngajak supados pribadi dhateng mirsani gesangipun piyambak. Ing gesang padintenan, tembung-tembung mirunggan punika badhé maujud makaten: menawi satunggaling tiyang sampun kulina jujur, piyambakipun badhé wantun ngumandhangakenz kajujuran tuwin mboten lingsem, mboten sumelang menawi kasuwun mbuktékaken kajujuranipun. Kosokwangslipun, menawi wonten satunggaling tiyang nindakaken goroh, piyambakipun badhé lingsem, ajrih, sumelang nalika kasuwun mbuktékaken kajujuranipun. Sacara langkung wiyar, tembung-tembung mirunggan punika nélakaken bilih manah ingkang resik badhé nuntun tiyang menggalih kanthi resik, tumindak resik, sarta nindakaken punapa kémawon sacara resik, temahan mboten lingsem. Lingsem badhé kelampahan karana wonten ingkang reget, mila manah ingkang reget, ndadosaken penggalihan, tumindak, sarta gesang reget.

Para Sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti Yésus Kristus, Hérodès kagepok manahipun kanthi rawuhipun raja ingkang badhé mulihaken gesang. Lumantar para pandhita (*orang-orang majus*), Hérodès mireng bab wiyosing rajanipun tiyang Yahudi. Lumantar para pangarsaning Imam sarta para ahli Torèt, Hérodès pirsa bilih raja punika Mésias kados ingkang kaweca déning para nabi. Pirsa prakawis punika Hérodès rumaos kagepok manahipun. Hérodès rumaos bilih Raja punika badhé dados mengsah ingkang awrat menggah anggènipur rebatan unggul, ingkang kedah dipunsingkiraken kanthi cara mejahi sadaya bayi ingkang wonten ing Bètlehèm lan sakiwa-tengenipur. Tumindakipun Hérodès punika kadhesek déning anggènipur kepéngin sanget nggayuh panguwaos. Anggènipur kepéngin sanget ngasta panguwaos ndadosaken Hérodès ngleresaken sadaya cara, *menghalalkan segala cara*. Kajawi mentala nyirnakaken/mejahi bayi-bayi ingkang mboten gadhah daya, Hérodès ugi kacathet mentala nyingkiraken/mejahi putranipun piyambak ingkang dipunsujanani badhé nglorod panguwaosipun. Prakawis punika kaserat déning Yoséphus, ahli-sejarah Yahudi ing abad kapisan.

Hérodès kagepok manahipun kanthi rawuhipun raja ingkang badhé mulihaken gesang amargi Hérodès nglawan dhateng gesang. Anggènipur nglawan dhateng gesang ketingal saking tumindakipun ingkang kejem. Patrapipun mejahi tumrap bayi-bayi ing Bètlehèm lan sakiwa-tengenipur mujudaken kadurakan dhateng gesang ingkang katitahaken déning Gusti Allah. Bayi Yésus ingkang kaanggep minangka pangancam tumrap Hérodès mboten uwal saking pangancaming tumindak mejahi. Punapa maknanipun? Kathah juru tapsir nyebataken pangancam dhateng bayi Yésus nedahaken bilih sejatosipun karawuhanipun Mésias, Ingkang kajibah mulihaken gesang wiwit sekawit dumunung ing salebetipun pangancam sarta panampik. Tiyang-tiyang ingkang milih tetunggilan kaliyan jagat, inggih punika gesang kadonyan ingkang ngutamèkaken kalenggahan, panguwaos, kasil tanpa kamanungsan sarta kaadilan nampik rawuhipun Mésias. Prakawis punika dipun wakili déning Hérodès.

Sinaosa karawuhanipun Mésias Ingkang kajibah mulihaken gesang tansah wonten ing sangandhaping wewayanganing pangancam, Gusti Allah tetep wonten ing misin-Ipun. Panjenenganipun lestantun mulihaken gesang. Prakawis punika dipuntéla kaken Gusti Allah lumantar brayatipun Yusuf kados ingkang kita pirsani wonten ing injil Matius 2:13-23. Pérangan waosan Kitab Suci punika ngemot tigang cariyos utawi tigang adegan. Cariyos kapisan: ngungsi dhateng Mesir (Matius 2:13-15). Cariyos kaping kalih, gawé pepati tumrap bayi-bayi déning Hérodès (Matius 2:16-18) sarta cariyos kaping tiga inggih punika konduripun Yusuf dalah Maria saking Mesir (Matius 2:19-23). Saking cariyos-cariyos punika kita saged mirsani kadospundi Gusti Allah tetep wonten ing rancangan-Ipun kanggé nélakaken tumindak mulihaken kanggé titahipun Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti Yésus, Kadospundi caranipun Gusti Allah lestantun wonten ing rancangan-Ipun? Gusti Allah sesarengan kaliyan brayatipun Yusuf dalah Maria. Lumantar brayat punika lampahing tumindak mulihaken dipunwujudaken. Injil nyariosaken bilih malaékatipun Allah ngatingal dhateng Yusuf ing salebeting pangimpèn. Malaékatipun Allah anggènipun ngatingal dhateng Yusuf nélakaken wontenipun sesambatan ingkang saé antawisipun Yusuf kaliyan Gusti Allah. Lumantar anggènipun ngatingal, malaékat ngaturaken pawarta dhateng Yusuf bab pangancam ingkang badhé katampi déning Gusti Yésus (sarta bayi-bayi sanèsipun ing Israël). Amargi saking punika, Yusuf kedah ngasta bayi Yésus dalah Maria ngungsi dhateng Mesir. Kitab Suci nyerat bilih Mesir mujudaken papan ingkang asring kaginakaken tiyang Israël kanggé ngayom. Kanthi makaten anggènipun ngungsi dhateng Mesir mujudaken prakawis ingkang asring dipuntindakaken ing salebetipun manggihaken pangayoman. Yusuf mirengaken dhawuhipun malaékating Allah sarta nindakaken. Ringkesing cariyos, sasampunipun Hérodès séda, malaékating Allah ngatingal malih dhateng Yusuf sarta ndhawuhí Yusuf supados nilaraken Mesir sarta kondur dhateng tanah Israël. Arkhélaus putranipun Hérodès dados panguwaos nggentosi keng ramanipun. Minangka pemimpin, Arkhélaus tumindak kejem

kados keng ramanipun. Ing Israël, brayatipun Yusuf manggèn ing Nazarèt.

Saking tigang cariyos ing injil Matius 2:13-23 punika katingal bilih wiwit sekawit karawuhanipun Sang Mésias ingkang badhé mulihaken gesang tansah wonten ing ngandhaping wewayanganing pangancam. Kathah péhak rumaos “lingsem” kanthi rawuhipun Ingkang kajibah mulihaken. Namung kémawon, Gusti Allah lestantun wonten ing karsan-Ipun kanggé mulihaken gesang. Amargi saking punika, Gusti Allah ngagem brayatipun Yusuf kanggé tumut-cancut wonten ing misi-Ipun.

Para Sadhèrèk ingkang dipunkasihi Gusti Yésus, Kadosdéné Gusti Allah anggènipun nimbali brayatipun Yusuf dados brayat ingkang kajibah mulihaken gesang ing satengahing kawontenan ingkang mboten gampil, makaten ugi timbalanipun Gusti Allah dhateng kita ing jaman samangké. Kesanggeman dados ingkang kajibah mulihaken mesthinipun dipunraosaken minangka wujuding pamuji sokur dhumateng Gusti Allah. Nabi Yésaya marangi tuladha bab punika dhateng kita. Panjene-nganipun kaliyan bangsanipun ngraosaken sih-katresnanipun Gusti Allah ingkang mulihaken. Amargi saking punika panjene-nganipun martosaken sih-katresnanipun Gusti Allah. mBok-menawi kita mundhut pirsa, punapa ingkang saged kita lampahi? Punapa saged ing salebeting kawontenaning gesang ingkang kapeteg sarta awrat kita saged madeg dados tiyang ingkang kajibah mulihaken sesami? Nalika Yusuf dalah brayatipun dipunagem Gusti Allah dados ingkang kajibah mulihaken, kawontenanipun brayat punika wonten ing salebeting kapeteg awrat, inggih punika ing papan pangungsèn. Brayat punika minangka tiyang ingkang saged njagi gesangipun. Nalika Yésaya nélakaken pawarta tumindakipun Allah ingkang mulihaken, panjenenganipun lan bangsanipun saweg ing salebeting kawontenan ingkang ribet. Awit saking punika, saben tiyang ing sadhéngaha kawon-tenanipun saged kémawon kelampahan madeg dados ingkang kajibah mulihaken gesangipun sesami.

Supados kita saged dados ingkang kajibah mulihaken, kita mbetahaken panyengkuyung. Gusti Allah nyengkuyung brayatipun Yusuf dalah Maria. Gusti Allah nyengkuyung nabi Yésaya sarta nyengkuyung kita sadaya ingkang sumadhiya dipunagem Gusti Allah dados tiyang ingkang kajibah mulihaken. Kita ugi mbetahaken panyengkuyungipun sesami kanggé sami-déné nyantosakaken. Awit saking punika, pakempalan utawi paguyuban ingkang sami-déné mulihaken dados wigatos.

Kadospunapa paguyuban punika? Ing GKI Pondok Indah Jakarta pinanggih wontenipun paguyuban ingkang sami-déné mulihaken kawastanan paguyuban Pelangi. Paguyuban punika mujudaken pakempalanipun tiyang ingkang nandhang sakit kangker, tiyang ingkang saged njagi lan ngrimati gesangipun piyambak, sarta tiyang ingkang mempeng ngamping-ampingi tiyang sakit kangker. Ing pakempalan kasebat, tiyang-tiyang ing ngriku sami-déné ngiyataken sarta nikmati gesang sesarengan. Ugi wonten marupi-rupi pawarta séhat saking para tenaga ing babagan ngobati tiyang sakit ingkang tumut ambyur kanthi grengseng ing Paguyuban Pelangi. Madegipun Paguyuban Pelangi badhé ngéwahi raos kuwatos utawi ngéwahi pamawasipun tiyang ingkang nandhang sakit kangker sarta brayatipun, bilih ponis dhokter sanès pungkasaning samubarang kabèh. (mirsanana: <https://www.radiopelitakasih.com/2018/02/19/ini-dia-kunci-utama-keberhasilan-pasien-melawan-kanker/>).

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Lumantar Pangandikanipun Allah punika, Allah nimbali kita supados dados tiyang ingkang kajibah mulihaken, amargi saking punika, punapa ingkang badhé kita tindakaken? Kula ngaturi kita sadaya supados nanggapi timbalan punika kanthi ndhatengaken pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang ingkang saweg ngadhepi pakèwet ing sakiwa-tengen kita. Lumantar tumindak punika, kita sinau nindakaken ingkang prayogi piyambak kagem Panjeneanganipun minangka pamuji sokur kita dhumateng Allah. Amin.



Selasa, 31 Desember 2019



## NGALAMI SANG KAWICAKSANAN

### KHOTBAH TUTUP TAHUN

Waosoan I: 1 Raja-raja 3:5-14

Antawisipun Waosoan: Mazmur 20

Waosoan Injil: Yohanes 8:12-19

### KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk, kadospundi kabar panjenengan ing dinten punika?  
Kadospundi manah panjenengan ing dinten punika?

*(Katuraken Palados Sabda wawanrembag kaliyan ingkang rawuh ing pasamuwan)*

Para Sadhèrèk,  
mbokbilih ing antawis kita samangké wonten ingkang ngraosaken  
biasa kémawon. Mbokbilih wonten ugi ingkang remen sanget  
amargi warsa ngajeng badhé nikah ....

Ingkang cetha, dinten punika kita badhé mungkasi warsa 2019.  
Dinten-dinten pancèn lumampah rikat sanget .... Ananging pitakènanipun, “Punapa résolusi warsa anyar ingkang panjenengan tetepaken nalika miwiti warsa 2019 sampun mawujud? Utawi,  
sepinten résolusi ingkang saged panjenengan gayuh ngantos ing pungkasaning warsa samangké? Punapa wonten para Sadhèrèk  
ingkang saged mujudaken Résolusi Warsa Anyar 2019 kapengker?”  
*(Katuran Palados Sabda wawanrembag kaliyan ingkang rawuh ing pangibadah)*

Mbokbilih wonten ing antawis kita ingkang celathu, “Aaah ... aku ora duwé résolusi warsa anyar sing ndakttetepaké ing wiwitaning warsa 2019 ... Aku yo ora ngerti apa sing diarani résolusi warsa anyar .... Tumraping aku, urip iku bené mili saklumrahé baé ....

Para Sadhèrèk,

leres bilih kita taksih tetep gesang nalika kita ngejaraken gesang kita lumampah mili saklimrahipun kémawon. Ananging, nglampahi gesang ingkang kados mekaten mboten badhé ngasilaken suksèsing gesang ingkang sak-saé-saénipun. Ibaratipun, menawi kita nglampahi gesang kados banyu mili, kita saged nggayuh biji 5 utawi 6. Ananging menawi kita saged mangnihaken talénta peparingipun Gusti dhateng kita sarta kanthi premati migunaaken wewengan ingkang dipun paringaken Gusti dhateng kita, mbokbilih kita saged nggayuh biji 8 utawi 9 utawi malah biji 10 ing bab nggayuh suksèsing gesang!

Para Sadhèrèk,

kita pancèn sanès panguwasa saha ingkang saged nemtoaken abrit-pethakipun gesang punika. Ananging kita dipun paringi akal budi saha kapinteran déning Gusti kanggé nata saha nglampahi gesang punika mawi ancas tujuwan ingkang cetha. Prekawis punapa ancas kasebat kelampahan punapa mboten, punika sanès wewenang kita. Ingkang wigatos, kita kawajibaken supados mbudidaya kanthi èstu kanggé nggayuh ancas tujuwaning gesang kita. Sanadyan kita mboten mangertos kadospundi pungkasaning gesang kita, ananging bab netepaken tujuwaning gesang (kalebet netepaken résolusi warsa anyar ing saben warsaipun) punika bab ingkang wigatos sanget.

Julius Èrvings, satunggaling pemain baskèt NBA Amérika ingkang misuwur naté celathu, “Ancas tujuwaning gesang nemtoaken dados punapa panjenengan ing wekdal mangajeng.”

Punapa ingkang dipun télakaken déning Èrvings kasebat saèstu leres. Piyambakipun saged dados pemain baskèt ingkang misuwur amargi rumiyin piyambakipun mbudidaya mangnihaken talénta peparingipun Gusti, saking ngriku piyambakipun netepaken ancas tujuwaning gesangipun, saklajengipun piyambakipun mbudidaya

nggayuh punapa ingkang dados ancas tujuwaning gesangipun kasebat.

Para Sadhèrèk,

satunggaling pengusaha enèm ingkang suksès saking Jawi Tengah, Heppy Trenggono, naté celathu, "Ora ana gunané mlayu yèn salah arah. Ora ana gunané nyengka nyambut gawé yèn tanpa tujuwan." Punapa ingkang dipun criyosaken Heppy kasebat cèples sanget. Tiyang sami nyambut damel utawi sinau kanthi wekel, ananging amargi mboten gadhah ancas tujuwaning gesang pramila sedayanipun kados-kados mboten wonten ginanipun. Gesangipun mboten saged mawujud kanthi sak-saé-saénipun.

Ing pungkasaning warsa 2019 samangké sumangga kita sami ngraos-raosaken gesang kita ing sauruting warsa 2019 punika kanthi pitakènan mekaten: "Bab punapa kémawon ingkang kedah kita dandosi ing warsa 2019? Talénta saha wewengan punapa ingkang kita panggihaken ing warsa 2019? Sepinten asringipun kita ngalami pepanggilan kaliyan Gusti Sang Wicaksana ing gesang kita? Sepinten asringipun kita nanggapi panyaruwé, pepènget saha arahan saking Gusti?

Para Sadhèrèk,

dinten samangké kita badhé sinau saking sang prabu Suléman. Nalika semanten panjenenganipun taksih enèm sanget lan nembe kémawon madeg dados ratu ing Israël, nggantos Daud keng ramanipun. Sasampunipun panjenenganipun caos kurban obaran, ing salebeting pangimpèn, panjenenganipun dipun panggihi Gusti Allah. Ing ngriku Gusti Allah paring wewengan dhumateng prabu Suléman kanggé nyenyuwun punapa kémawon dhumateng Gusti. Ananging panyuwunanipun prabu Suléman kanyata mirunggan sanget saha dados karenanipun Gusti. Sang prabu mboten nyuwun panjang yuswa utawi kasugihan utawi nyawanipun mengsahipun. Piyambakipun namung nyuwun dhumateng Gusti supados dipun paringi manah ingkang saged nimbang-nimbang prekawis ing antawisipun umat. Piyambakipun namung nyuwun supados saged nindakaken tugasipun minangka raja kanthi saé. Tumrap panyuwunan kasebat, Gusti lajeng ngabulaken. Gusti ugi

malah maringi berkah-berkah sanèsipun, inggih punika kasugihan saha kaluhuran, sanadyan berkah kasebat mboten dipun suwun déning prabu Suléman.

Punapa ingkang dipun tindakaken déning Prabu Suléman kasebat dados conto ingkang saé kanggé kita. Tegesipun, Prabu Suléman nyuwun satunggaling bab ingkang mboten kanggé nyekapi égo utawi kapentinganing dhiri pribadinipun, ananging supados saged nindakaken tugas timbalan saking Gusti. Émanipun Prabu Suléman namung kandheg wonten ing kawicaksanan sacara kamanungsan. Piyambakipun mboten nglajengaken anggénipun celak kaliyan Gusti, ngalami rawuh saha tuntunan lan pepènget saking Gusti Sang Kawicaksanan sejati. Pungkasnipun, pepènget-pepènget ingkang dipun paringaken Gusti dhumateng Prabu Suléman mboten kapiyarsaaken (1 Raja-raja 11: 1, 2). Prabu Suléman saklajengipun gadhah semah 700 cacahipun saha garwa selir 300 cacahipun (1 Para Raja 11:3). Para semah punika asring asung pangaribawa ingkang awon dhumateng Prabu Suléman.

Sinau saking pengalamanipun Prabu Suléman, kita kaatag supados sampun ngantos kandheg wonten ing satunggaling panyuwunan kémawon. Gesang punika werni-werni kawontenan saha prekawisipun, satemah mbetahaken kasanggeman ingkang kedah tansah kaanyaraken. Saben kita kaatag supados ngraos-raosaken gesang punika, nyuwun pangapuntening dosa saking Gusti menawi wonten bab-bab ingkang mboten karenan ing Panjenenganipun, sarta netepaken punapa ingkang kedah kita tindakaken ing mangsa salajengipun. Gagasan ingkang kados mekaten punika ingkang dipun anggé déning tiyang-tiyang saking Éropa lan Amérika ingkang sami netepaken résolusi warsa anyar. Padatan kasebat sejatosipun tuwuhan saking tradhisi Pra-Paska (ngraos-raosaken - mratobat – gesang anyar).

Para Sadhèrèk,

Gusti ngersakaken supados kita saged gesang sak-saé-saénipun amargi kita dipun titahaken Gusti dados titah ingkang mirunggan. Wonten kathah tugas ingkang dipun paringaken Gusti dhumateng kita kanggé majengaken gesang kita dadosa sacara pribadi

punapadéné kanggé sedaya umating manungsa, ugi kanggé sedaya titah. Pramila, mangké sasampunipun wangsul saking papan pangibadah punika sumangga kita samia ngraos-raosaken gesang kita, nyuwun pangapuntening dosa, saha ngrancang résolusi warsa anyar 2020 ingkang badhé kita tetepaken ing mbéjang énjang, ing wiwitaning warsa 2020. Punika ingkang badhè Ibu/Bapak/Sadhèrèk budidaya sesarengan kaliyan Gusti wonten ing sauruting warsa 2020.

Mugi-mugi sabdanipun Gusti Yésus: “Aku iki pepadhanging jagad; sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhanging urip” (Yoh. 8:12) ndadosaken kita purun ngraos-raosaken gesang kanthi ngener dhumateng Sang Kristus. Sang Kristus Sang Pepadhanging Jagad mugi madhangi kita satemah kita saged manggihaken talénta / kasagedan saha kakiyatan ingkang dipun paringaken Gusti dhateng kita. Mugi kanthi pepadhang saking Gusti, sadaya dosa sarta panguwasaning dosa saged uwal saking dhiri kita satemah margining gesang kita dados padhang jinggrang, ancas tujuwaning gesang kita dados cetha. Kanthi mekaten gesang kita dados langkung sembada.

Mugi kanthi panguwaosing pepadhang Sang Kristus, kita saged ningali punapa ingkang prelu kita rancang kanggé nggayuh tujuwaning gesang kita, kanggé mujudaken résolusi warsa anyar ingkang sampun kita tetepaken. Pramila punika, sasampunipun netepaken tujuwaning gesang utawi résolusi warsa anyar, ingkang kedah kita tindakaken inggih punika damel rancangan kanggé nggayuh tujuwan kasebat. Frits Pachtner nélakaken, “Mboten wonten arsitèk (juru damel gambar bangunan) ingkang damel rancangan namung kanthi dipun awang. Sedaya rancangan dipun damel wonten ing kertas.”

Saklajengipun Agus Riyanto wonten ing bukunipun ingkang asesirah, “Bangkit, Maju, dan Raih Mimpi” nyethakaken bilih rancangan kasebat kedah dipun susun sacara SMART (*Spesific, Measurable, Achievable, Reality-based, and Trackable – spesifik /mligi/mirungga, saged kaukur, saged kagayuh, adhedhasar kasunyatan ingkang wonten, lan saged dipun lacak*).

Kanthy panguwaosing pepadhang Sang Kristus, mugi kita badhé kasagedaken nindakaken punapa ingkang sampun kita rancang. Henry Ford nélakaken "Ancas tanpa dipun tindakaken namung dados *halusinasi/ ketonton*". Henry Ford punika tiyang ingkang ngedekaken *Ford Motor Company* (perusahaan mobil merek Ford) ingkang gesang ing taun 1863 – 1947. Tembung-tembung wicaksana kasebat sanès pangucap ingkang muspra. Henry Ford sampun ngalami piyambak. Saking punapa ingkang dipun tindakaken, Henry Ford dipun wawas sampun kasil nuwuhaken kelas tengahan wonten ing masyarakat Amérika Serikat. Piyambakipun ugi kalebet tiyang ingkang sepisahan ngeacakaken sistem produksi ban lumaku wonten ing produksi mobil ingkang reginipun saged kajangka.

Para Sadhèrèk,

"Punapaa ancas tujuwan panjenengan, panjenengan badhé saged nggayuh sedaya punika menawi panjenengan purun nyambut damel," mekaten pratélaning Oprah Winfrey, satunggaling sélébriti saha pengusaha saking Amérika. Temtu kejawi punika kita mesthi kedah ndhasari sedayanipun wonten ing pandonga. Salah satunggaling tokoh agami ngendika, "Menawi panjenengan mboten saged nyawang mangajeng amargi mangsa mangajeng ketingal surem lan peteng, lan panjenengan mboten saged noléh mawingking amargi mangsa mawingking sampun ndadosaken panjenengan kuciwa saha damel sakiting manah, pramila samia ndhangaka manginggil dhumateng Allah ingkang mahakuwaos. Panjenengan mesthi badhé pikantuk pitulunganIpun."

Gesang punika kadyo tetandingan utawi paprangan. Pramila punika, Masmur 20 ngajak kita kanggé miwiti saha nglampahi peperangan kasebat kanthy pandonga ingkang èstu dhumateng Gusti. Sesanti "Dedonga lan makaryo" (*ora et labora*), badhé saged mbiyantu kita saged taberi ngantos pungkasan.

**KACARITA**, ing warsa 1859 ing California Amérika, wonten tiyang enem ingkang ngupadi mas dumugi ing tebing ingkang dipun kinten ngandhut mas. Tiyang-tiyang punika mboten mangretos kandelipun siti-sela ing tebing kasebat. Sanadyan

mekaten, sasampunipun tiyang-tiyang punika masang téndha, tiyang-tiyang punika lajeng miwiti ngedhuk siti-sela kasebat. Tiyang-tiyang kasebat ngedhuk siti, mbongkar sela-sela lan ngedhuk teras siti sangsaya jero. Sawetara punika, sréngéngé sumunar sangsaya bentèr ndadosaken luhipun tiyang-tiyang kasebat mbanyu mili mbajiri raimipun.

Nalika wanci sonten, salah satunggaling tiyang kasebat ngedumel. Sinambi nguncalaken kampak lan sérok, piyambakipun mbengok kanthi sora: “Aku ora gelem nutuké pagawéyan iki.”

Nalika wayah dalu tiyang kasebat nilar kanca-kancanipun kanggé ngadu nasib ing papan sanès. Ing dinten cindhakipun, wonten sanèsipun ingkang ugi tumindak kados mekaten. Dipun susul tiyang angka tiga, sekawan lan gangsal.

Ananging, wonten tiyang setunggal ingkang mboten kéguh. Piyambakipun teras ngedhuk. Wonten ing cariyos bab suksèsipun, tiyang kasebat nélakaken: “Nalika semana, kaya-kaya ana suwara sing tansah abebistik ‘kedhuk terus luwih jero’. Pramila kula nglajengaken ngedhuk. Mboten dangu saking panika, kula manggihaken sumbering mas ingkang gumilap ing sangadhtaking sunaring sréngéngé ....”

Pengalaman kasebat saèstu aji sanget tumraping tiyang kasebat, satemah nalika salah satunggaling anakipun kepéngin mandhek anggènipun mbudidaya kanthi pawadan mboten saged kagayuh, tiyang kasebat lajeng ngèngetaken anakipun dhateng pengalamanipun. Piyambakipun tansah ngucap, “Aja gampang nglokro ya lé ....”

Para Sadhèrèk,

sumangga kita tansah mbudidaya kanggé nggayuh gesang ingkang langkung saé, sinambi tansah ngalami Sang Kawicaksanan ingkang sampun prasetyo nganthi gesang kita. Panjenenganipun, inggih Sang Pepadhahng sejati, badhé mulihaken, nganyaraken saha ngutus kita nindakaken pakaryan pamulihan ing jagad punika. Amin.

[mh]



Rabu, 1 Januari 2020



**KHOTBAH  
WARSA ÉNGGAL**

## **JUMANGKAH KANTHI KEBAK PANGAJENG-AJENG**

- |                |                  |
|----------------|------------------|
| Waosoan I:     | Wilangan 6:22-27 |
| Tanggapan:     | Jabur Masmur 8   |
| Waosoan II:    | Galatia 4:4-7    |
| Waosoan Injil: | Lukas 2:15-21    |

### **KHOTBAH JANGKEP**

Punapa gesang ingkang dipunlampahi manungsa punika tansah gampil? Atetales pengalaman, temtu kita badhé ngandika “mboten”. Wonten kathah pepalang ingkang dipunadhepi sarta prakawis punika saged kelampahan mboten kendhat tanpa wonten watesipun. Lajeng, kadospundi menawi kita nglampahi gesang tuwin éwah-éwahanipun tanpa pangajeng-ajeng? mBoten saged dipunangen-angen saiba nggegirisi, kados pejah raosipun. mBoten wonten derenging manah lan grengseng. Kita mboten kepéngin kados makaten ta? Ananging, punapa nglampahi gesang kanthi kebak pangajeng-ajeng badhé ndamel pepalang punika sirna?

Dipuncariyosaken, ing satunggaling dhusun ingkang ketaman kawontenan garing, tiyang-tiyang ingkang manggèn ing dhusun ngriku kedah mendhet toya saking sumur ingkang dunungipun ing papan tebih ing pinggiring dhusun. Satunggaling tiyang jaler ingkang asmanipun Semi ugi mboten uwal saking kawontenan kados ingkang karaosaken déning tiyang-tiyang sanèsipun ing

dhusun ngriku. Saben énjing sarta ndungkap sonten, kanthi ngginakaken èmbèr kalih ingkang dipunpikul, Semi mendhet toya ing sapinggaing dhusun. Sumelèting surya, papan ingkang tebih, sarta margi ingkang kathah sélanipun dados pepalangipun. Pepalang punika karaosaken saya awrat nalika piyambakipun mangertos menawi èmbèripun ingkang wonten sisih tengen pikulanipun bocor alit ing sisih ngandhap. Mila saben-saben piyambakipun ngebaki toya ing èmbèr wau, sadumuginipun ing nggriya toyaniipun sampun suda. Semi rumaos menawi kangélanipun muspra, mangka menawi kedah nggantos èmbèripun, sampun mboten saged , piyambakipun mboten gadhah wragad kanggé tumbas. Raosipun Semi badhé kèndel kémawon saking pangudinipun mendhet toya. Ananging, salah satunggaling kancanipun wonten ingkang mangertos prakawis punika tumunten ngajak Semi rembagan. “Sampun kèndel saking pangudi panjenengan mendheti toya, panjenengan mboten pirsa punapa ingkang dipun asilaken saking èmbèr panjenengan ingkang bocor punika. Cobi panjenengan gatosaken margi alit ingkang panjenengan langkungi. Kula aturi nggatosaken sisih tengen margi punika panjenengan badhé mirsani sekar-sekar pethak alit ingkang megar. Mangka ing wekdal punika mangsa ketigen, saking pundi taneman punika pikantuk toya, ngantos wonten sekar-sekar ingkang saged megar? Mangerosa, toya punika dhatengipun saking toya ingkang dhawah saking èmbèr panjenengan ingkang bocor. “mBoten wonten ingkang muspra, panjenengan taksih saged ngasta toya dhateng griya panjenengan sarta panjenengan ugi saged ndamel taneman punika lestantun gesang”, makaten aturipun kancanipun Semi.

mBoten wonten ingkang muspra ingkang dipuntindakaken manungsa kanggé ngadhepi pepalang wonten ing gesangipun. Kanthi panguwaos ingkang dipunpariringaken déning Gusti Allah, manungsa dados “astanipun Allah” ing jagat kanggé ngrimati bumi. Tumindak, karawuhan sarta katresnanipun Gusti Allah lumebet ing gesang sarta laladan satunggaling tiyang utawi umat saged kelampahan lumantar tangan kita.

Kita pitados dhateng sawernaning kamirahanipun Gusti Allah, badhé nindakaken gesang kita mboten namung minangka tiyang ingkang saweg mlampah ngudhari pakèweting gesangipun kémawon, ananging saged dados berkah kanggé saben tiyang ingkang dipunpanggihi. Kita, ing salebetung ngadhepi pepalanging gesang, dipunparengaken saged dados berkah kanggé umat sanèsipun sarta sadaya bangsa.

Para pangèn ing waosan Injil dinten punika dados tuladha. Para pangèn gesang ing salebetung karibedan ageng. Para pangèn saged kaanggep minangka tiyang miskin, kepencil, kaanggep mboten wonten ajinipun, dipunlirwakaken, reget, sarta kaanggep mboten mangertos tatanan. Para pangèn mboten nggadhahi jaminan kanggé gesang sarta kawilujenganipun. Dinten-dinten ingkang sampun dipun lampahi para pangèn tansah sami tanpa pangajeng-ajeng. Ananging karawuhanipun para malaékat dhateng para pangèn kanthi ngasta pawartos bedhamèn punika sampun ngéwahi pamawasipun para pangèn bab ajining dhiri sarta gesang.

Para pangèn pancèn kagèt sekedhap, ananging salajengipun para pangèn punika énggal-énggal késah madosi sumbering bedhamèn punika. Para pangèn “énggal-énggal” bidhal dhateng Bètléhèm, kepéngin sanget mbuktèkaken sarta nanggapi pawartos kawilujengan ingkang dipuntélakaken. Punapa ingkang dipun tindakaken para pangèn gegayutan kaliyan lelampaahan punika nggigah raos gumun sanget ingkang bénjingipun badhé ngiring pakaryanipun Gusti Yésus sarta dhateng ingkang wiwitian martosaken Injil (mirsanana Lukas 5:26; 8:5,6; 8:13). Para pangèn nanggapi karibetaning gesangipun kanthi sawetahing kaantebaning manah sarta tumindakipun para pangèn gadhah daya pangaribawa kanggé gesangipun tiyang kathah, kalebet tiyang-tiyang Kristen ing jaman samangké.

Para pangèn mbudidaya kanggé manggihaken sumbering kabingahan ingkang sejatos. Kabingahan ingkang kados makaten punika mboten namung kamirahanipun Allah ngantos para pangèn saged uwal saking panandhanging gesang, ananging

kabingahan kanggé jumangkah ngadhepi gesang kanthi sawernining pangajeng-ajeng gadhah daya panganibawa ageng. Pakèwet ingkang kita adhepi kanthi sawetahing kakiyatan saha kabingahan mboten badhé dados muspra, ananging malah dados pepujèn tuwin kamulyanipun Allah. Salajengipun ngendikakaken kabingahan punika kanggé tiyang kathah.

Lumebet ing warsa énggal punika, kita mboten mangertos pakèwet punapa ingkang gumelar ing ngajeng kita. Punapa kawontenan kita dados langkung saé ing taun ingkang énggal, kita mboten mangertos. Kula kémutan dhateng satunggaling wewarah ingkang ungelipun makaten: *Learn from yesterday, Live for today, and Hope for tomorrow*. Sinau saking dinten kapengker, gesanga ing dinten samangké, sarta gadhaha pangajeng-ajeng kanggé dinten ingkang badhé kelampahan.

Pitadosa, saageng-agengipun pakèweting gesang ing ngajeng kita, wonten Gusti Allah ingkang tansah nunggil lan nuntun gesang kita lumantar berkah-berkah-Ipun, kados ingkang dipun andharaken ing pangandikanipun Gusti makaten:

Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé,  
lan ngayomana kowé;  
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané  
marang kowé,  
lan maringana sihrahmat;  
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang  
kowé,  
lan maringana tentrem rahayu.

Wilujeng jumangkah ing Warsa Énggal punika kanthi sawetahing berkah pangajeng-ajeng!

Amin.

[mp-den]

Minggu, 5 Januari 2020



## ANDUM PEPADHANG

### KHOTBAH ÈPIFANI

Waosan I: Yésaya 60:1-6

Tanggapan: Mazmur 72:1-7, 10-14

Waosan II: Èfesus 3:1-12

Waosan Injil: Matius 2:1-12

### KHOTBAH JANGKEP

Manut lampahing liturgis, pangibadah Minggu punika winastanan Minggu Èpifani. Punapa ta tegesipun Èpifani? Menawi kita punika kalebet para tiyang ingkang gandrung dhateng gambar utawi lukisan, bokmenawi kita sumerep bilih Èpifani punika lukisanipun Michaël Angelo ingkang kapapanaken ing British Museum, ing kitha London. Nanging mboten karana lukisan wau lajeng wonten Minggu Èpifani. Malah kosok-wangsulipun, lukisan wau kedayan wontenipun pahargyan Èpifani. Èpifani tegesipun tetingalan, mawujud nyata, utawi adamel nyata.

Ing Minggu Èpifani, pasamuwan sami mahargya "Gusti ingkang ngetinggal". Tegesipun, Èpifani ingkang dipun riyayakaken sasam-punipun Natal, badhé nandhesaken utawi nyumerepaken langkung cetha bab kalenggahanipun Gusti Yésus.

Ing papan ingkang tebih anama Bètlehem, rawuhipun Gusti Yésus, panjalmaning Allah, ketingal nglangkungi wewatesan

ingkang wonten, ngantos para tiyang Majus sumerep lintangipun saking Wétan, katuntun dados seksi Sang Padhang ingkang sampun miyos.

Waosoan ing Injil Matius ngandharaken bab lelampahan sasampunipun miyosipun Gusti Yésus ingkang nandhesaken kalenggahanipun Gusti Yésus. Sumangga kita gatosaken pitakènan pitakènanipun tiyang Majus: "Ratunipun tiyang Yahudi ingkang nembé miyos punika wonten ing pundi?" (Mat.2:2). Nembé miyos, ateges sampun kawiyosaken. Sangsaya cetha menawi kita titi priksa tembung "Anak" ngginakaken *Paidion* (Yunani), ingkang tegesipun laré alit. Sanès *Brephos*, "bayi". Lajeng tiyang Majus nyebat bilih Laré wau ratunipun tiyang Yahudi. Pitakènan punika wau nyumerepaken bilih Yésus punika Sang Mesih ingkang dipun antu-antu.

Dhatengipun para tiyang Majus minangka seksi tumrap Gusti Yésus ingkang miyos, dipun pratandhani sarana wontenipun lintang saking Wetan (Mat.2:1). Wonten ing Kitab Suci, Pepadhang punika lambangipun Gusti piyambak. Penginjil Yokanan, kanthi cetha nerangaken bilih: "Sang Padhang kang sajati kang madhangi saben wong, iku lagi ngrawuhi jagad." (Yok.1:9).

Pepadhang dipun betahaken dados sarana madhangi. Namung wonten ing pepadhang kita saged mbédakaken punapa ingkang wonten: saged dipun tingali, dipun grayang, dipun trawang. Ananging ingkang asipat kasat mripat mboten saged ketingal tumraping karohanèn. Wonten ing Injil Matius, Herodhès lan pangajenging agami Yahudi sumerep bilih ing Kitab Suci kaweca bab miyosipun Sang Mesih. Nanging punapa ingkang dipun sumerepi punika mboten saged numusi menggahing batinipun. Rak inggih makaten ugi kita asring dipun damel wuta sanadyan kita sumerep. Kadosdéné Herodhès lan pangajenging agami wekdal semanten! Kita piyambak kesengsem saking punapa ingkang kita tingali. Gampil sanget anggèn kita kepencut dhateng wewangunan greja ingkang ageng, gunggunging warga ingkang

kathah, pisungsung ingkang mindhak. Kita mboten saged ningali pepadhang ingkang sajati.

Sang Padhang punika ingkang ugi dipun andharaken déning nabi Yésaya kanggé umat Gusti Allahipun Israël. Kita saged nggambarkeraken kadospundi kasangsaranpun umat. Sawetawis katrangan nedahaken kawontenan ing negari pambuwangan, ingkang dangunipun ngantos satunggal turunan. Wekdal nalika pambuwangan lan kawontenan ing Yèrusalem ingkang risak, njalari raos manah dados alit tumrap pawartos pangluwaran ingkang dipun wartosaken déning nabi Yésaya. Awit saking punika, sang nabi miwiti pawartosipun sarana nenangi pangajeng-ajengipun umat, "Ngadega dadia pepadhang, sabab padhangira teka. Lan kamulyaning Sang Yehuwalah mlethèki sira." (Yés.60:1). Umat Israël mboten namung kaluwaraken nanging katimbalan dados pepadhang, martosaken pakaryanipun Gusti wonten ing gesangipun (Yés.60:6).

Minangka umat ingkang ngraosaken pepadhang saking Gusti Yésus Kristus, punapa kita sampun dados pepadhang wonten ing gesang masamuwan ing wekdal punika? Miturut dedongengan, ing suwarga Gusti Yésus adreng sanget rawuh wonten ing bumi karsa badhé ngraosaken piyambak kadospundi kahananing tiyang-tiyang pitados dhumateng Panjenenganipun nalika mahargya Natal. Panjenenganipun midhanget bilih pasamuwan ngrembaka lan asmanipun tansah kasebat lan kapuji ing saben wekdal. Awit saking punika Panjenenganipun tumedhak wonten ing pasamuwan ingkang ageng, ingkang warganipun sami sugih, ngagem ageman lan mobil mewah. Gusti Yésus mirsani anggènipun pasamuwan wau ngibadah. Gusti lajeng trenyuh. Saparipurnaning pangibadah, Panjenenganipun jumeneng karsa sesalaman kaliyan warga pasamuwan. Nanging punapa ingkang kalampahan? Sadaya tiyang nebih saking Panjenenganipun. Gusti Yésus ngendika: "Apa sira ora wanuh marang Ingsun? Ingsun iki Yésus kang sira abektèni?" nanging sadaya tiyang sangsaya nebih lan pratéla: "Nèng gréja kok ana wong gemblung ta?"

Radi kuciwa nanging mboten pupus pangajeng-ajeng, Gusti Yésus nglajengaken tindakipun tumuju dhateng kitha alit, ingkang warganipun mboten dumugi kalih dasa tiyang, ingkang ngabekti. Nanging swasana pangibadah saèstu ngresepaken. Sasampunipun pangibadah rampung, Gusti Yésus ndangu dhateng tiyang kathah, "Kapriyé anggonira ngibadah dina iki?", wangsumanipun: "Oh, saé sanget khotbahipun, cocok kanggé kula sadaya". "Apa sira sumurup Ingsun iki sapa?" nanging sadaya tiyang sami gèdhèk kanthi pitakèn, "Panjenengan warga anyar, mangga kita sami tepangan". Gusti Yésus nyela, "Ingsun iki Yésus kang sira abekteni iku." Tiyang kathah sami kagèt lan pratéla, "Ah mokal, menawi Panjenengan punika Yésus, pundi tandha buktinipun? Cobi nindakaken mukjijat. Sampun ngantos namung ngeNdika kémawon.." Swasana lajeng ramé. Pandhitanipun medal lajeng ngrukunaken lan pitakèn: "Ana apa ta iki?" Wangsumanipun tiyang kathah, "Tiyang punika ngaken bilih Piyambakipun punika Gusti Yésus." Tumunten Pandhita wau pratéla, "Sampun, mangga sami kondur, kula badhé ngrampungaken sadaya punika." Pandhita wau lajeng nuntun Gusti Yésus mlebet ing gréja. Kori gréja dipun tutup lajeng ngaras sampéyanipun Gusti Yésus. Gusti Yésus trenyuh, lajeng ngandika, "Sira wanuh marang Ingsun?", "Dhuu, Gusti kawula.." "Kena apa déné sira ora kandha marang wong-wong manawa Ingsun iki Yésus?" wangsumanipun, "Apuntenana kawula Gusti, kawula ajrih para tiyang punika sami mboten pitados. Lajeng sami mboten dhateng ing gréja punika, lajeng mangké kula badhé nedha punapa?"

Para Sadhèrèk,  
 Gebyaring jagad punika saged ndandosaken kita wuta mboten saged ningali kalenggahaning Sang Padhang, Gusti Yésus Kristus punika. Nanging ingkang narik kawigatosan bilih bab punika dipun seksèni déning para tiyang Majus, ahli palintangan, ahli nujum ingkang sinebat kafir déning tiyang Israel. Nanging para tiyang Majus wau kasagedaken mrangguli Sang Padhang wau.

Sami kadosdéné Paulus, ingkang ngraosaken pepadhangipun Gusti ingkang ngédab-édabi. Ingkang suwaunipun kasurung déning raos sengit dhateng para tiyang pitados, Saulus pinanggih

kaliyan Sang Padhang. Piyambakipun lajeng dados pawartos Injil. Sanadyan kinunjara, mboten ical berkah pangreksanipun Gusti ingkang dipun tampèni. Samangké piyambakipun ngraosaken dayaning Sang Padhang ingkang nganyaraken gesangipun, satemah piyambakipun paseksi: "Aku, wong kang asor dhéwé ing antarané para suci kabèh, wus kaparingan sih-rahmat iki, kanggo martakaké marang wong-wong dudu Yahudi bab kasugihané Sang Kristus, kang ora kena kinira iku." (Ef. 3:8).

Herodhès mboten kuwagang sumerep Sang Padhang. Pangajenging agami ing wekdal samanten inggih mboten saged sumerep Sang Padhang. Punapa kita kasagedaken sumerep sang Padhang ingkang damel éwah-éwahan wonten ing Gusti Yésus? Menawi kita saged sumerep Sang Padhang, gesang kita badhé ngalami éwah-éwahan. Saulus salin dados Paulus, Sang Pawarta Injil. Tiyang Majus mboten namung marem pinanggih kaliyan Ratu ingkang nembé kawiyosaken, ananging nyembah lan misung-sungaken gesangipun kagem Sang Ratu, lan wantun mboten nindakaken dhawuhipun Herodhès, wangslipun dhateng nagaripun nglangkungi margi sanèsipun.

Menawi kita saged sumerep lan ngraosaken Sang Padhang, kita badhé ngalami éwah-éwahan, dados pawartos Injil ing gesang punika.

Lajeng kados punapa?

Kula aturi nyimak cariyo prasaja punika.

Ing satunggaling dinten Minggu, salju nutupi kitha Colchester, Inggris. Sakawit John Égglen niatipun badhé wonten griya, sabab menawi mlampah dhateng gréja tebihipun mèh 10 kilometer punika mboten gampil. Ananging tanggal jawab dados Dhiaken ndadosaken gumregah. Ing gréja ingkang warganipun 12 tiyang lan katambah warga anyar satunggal, laré remaja 13 taun. Pandhitnipun mboten dhateng jalanan griyanipun katutup salju. Sawetawis warga nyuwun supados pangibadah mboten katin-dakaken. Nanging Égglen tetep nindakaken paladosan pangibadah. Karana pandhita mboten dhateng, Égglen ingkang khotbah. Khotbahipun awon sanget, jalanan piyambakipun mboten nggadhahi kaprigelan khotbah lan inggih nembé

sepisanan sesorah ing ngajengipun tiyang kathah. Nanging, sasampunipun mirengaken khotbah, si laré remaja wau masrahaken gesangipun dhumateng Gusti.

Panjenengan pirsa sinten si remaja wau? Piyambakipun Charles Haddon Spurgeon! Satunggaling Juru khotbah ingkang kondhang saking Inggris. Saupami Egglen tetep trimah dhateng griyanipun lan mboten ngladosaken pangibadah, mbokmenawi Inggris lan jagading kekristenan mboten badhé nggadhahi Spurgeon.

Dados pepadhang punika ateges ngginakaken wekdal lan wewengan. Dados pepadhang punika ateges tanggel jawab ing bab punapa ingkang sampun kapitayakaken dhateng kita. Dados pepadhang punika ateges leladi kagem kamulyanipun Gusti. Ibu Theresa naté paseksi, "katentremaning jagad kawiwitan saking tiyang ingkang purun mèsem (*tersenyum*)."  
Mèsem utawi *tersenyum* punika tumindak ingkang prasaja. Nanging ing satengahing tiyang ingkang gesang ing salebetting pangajeng-ajeng ingkang sirna, kados pengalaman paladosanipun ibu Thérésa, punika tumindak ingkang alit ananging sanget dipun betahaken.

Lumantar cara ingkang kados makaten, ibu Thérésa memulang kadospundi dados pepadhang ingkang damel angeting gesang. Sugeng andum pepadhang. Gusti mberkahi. Amin.

Minggu, 12 Januari 2020



**KHOTBAH  
PEMBAPTISAN YESUS**

## **PEMBAPTISAN TANPA KAPULIHAKEN: PUNAPA SAGED?**

- |               |                              |
|---------------|------------------------------|
| Bacaan I:     | Yésaya 42:1-9                |
| Antar Bacaan: | Mazmur 29                    |
| Bacaan II:    | Lelakoné Para Rasul 10:34-43 |
| Bacaan Injil: | Matius 3:13-17               |

### **KHOTBAH JANGKEP**

Para Sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus, Ing satunggaling kelas katekisasi kanggé para Sadhèrèk ingkang badhé kabaptis, guru katekisasi pitakèn dhateng para murid, "Apa kang bakal padha dilakoni sawisé nampa pratandha baptis?" Para murid katekisan ingkang umuripun kirang langkung 17 taun atur wangulan ingkang bédá-bédá. Wonten ingkang mangsuli kepéngin dados tiyang Kristen sejati karana ndarbèni iman dhumateng Gusti Yésus. Wonten ingkang mangsuli kepéngin ngladosi Gusti lumantar pasamuwani-Pun minangka tandha atur panuwun dhumateng Gusti. Wonten ingkang mangsuli kepéngin nindakaken piwulangipun Gusti inggih punika nresnani sesami. Guru katekisasi inggih ngaosi dhateng sadaya wangulan wau. Sasampunipun punika wau, guru nandhesaken piweling bilih sadaya pangajeng-ajengipun murid katekisasi kedah tansah dipun ènget lan dipun tindakaken. Guru katekisasi ngèngetaken bilih lumantar baptis, umat dipun tunggilaken wonten ing prajanji-nipun dhumateng Gusti. Prajanjian wau wujud tetangsulan kalih sisih. Gusti Allah ingkang kagungan karsa maringi prajanjian lan umat ingkang kalebetaken ing prajanji-nipun Gusti. Sarana makaten, prajanjian ingkang makaten wau mboten satimbang utawi sinebat *asimetris*. Wonten ing pundi panggenan ingkang

mboten satimbang? Panggènanipun inggih wonten ing Gusti Allah ingkang nimbali, saha manungsa ingkang katimbalan. Sarana makaten baptis punika mboten amargi kasaénanipun manungsa. Baptis minangka sih-rahmatipun Allah. Awit saking punika tiyang ingkang nampèni baptis, tiyang wau nampi kanugrahan saking Gusti Allah. Isining kanugrahan inggih punika kapulihaken déning Gusti Allah. Manungsa kapulihaken déning Gusti Allah supados nampèni sih-rahmatipun. Amargi baptis punika sih-rahmat, pramila baptis ingkang kaparingaken wau mboten kanggé gumunggung. Baptis mboten kanggé gumung-gung lan kanggé ngasoraken sesaminipun. Tiyang ingkang sampun nampèni baptis sampun samesthinipun andhap asor. Andhap asor wau kados nalika Gusti Yésus paring tuladha ing wekdal Panjenenganipun nyuwun dipun baptis déning Yokanan Pembaptis ing benawi Yordan.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Cariyos bab baptisipun Gusti Yésus kinanthènan andhap asoripun, temtu asring kita pirengaken. Mugia kita mboten bosen dhateng cariyos punika, sanadyan saben taun mirunganipun wonten ing dinten pembaptisanipun Gusti Yésus dipun khotbahaken. Ing dinten punika pawartos bab Gusti Yésus dipun baptis, kita pirengaken malih kados ingkang dipun wartosaken déning Injil Matius 3:13-17

Pembaptisan Gusti Yésus ingkang kaserat ing Injil Matius ngemu teges ingkang mirungan menawi katandhingaken kaliyan seratan ing Injil Markus, Lukas lan Yokanan. Wonten ing sadaya pembaptisan wonten bab ingkang sami inggih punika panyuwunanipun Gusti Yésus supados kabaptis déning Yokanan Pembaptis. Ingkang sapisan saking pembaptisanipun Gusti Yésus ing Inji Matius inggih punika wawan pangandikan antawisipun Gusti Yésus kaliyan Yokanan Pembaptis, kados ingkang kaserat ing ayat 14-15. Barbara E. Reid napsir, wawan pangandikan wau minangka wangslulan tumrap pasamuwan wiwitan ingkang angèl anggènipun nampèni bilih Gusti Yésus kabaptis sarana baptisan ingkang mengku pamratobat ingkang dipun wartosaken déning Yokanan Pembaptis. Prakawisipun ingkang sepisan, menawi Gusti Yésus

langkung ageng katimbang Yokanan Pembaptis (ayat 11), kénging punapa ing ngriki Panjenenganipun nglenggahi ing papan langkung andhap? Prakawis ingkang kaping kalih, menawi tiyang Kristen pitados bilih Gusti Yésus mboten nandhang dosa wiwit miyosIpun, kénging punapa Panjenenganipun nampèni baptisan saking Yokanan, kamangka baptisan Yokanan nélakaken pamratobat. Barbara nyebataken bilih lumantar wawan pangandikanipun Gusti kaliyan Yokanan Pembaptis, punika dados wangsu-lanipun. Wonten tembung kunci ing Injil Matius, inggih punika “Katetepan” lan “Kaleresan” (Mat.3:15). Tumrap tiyang Israël, bab katetepan punika dados wigati sanget. Gusti Yésus punika katetepaning prajanjianipun Allah. Matius nepangaken bab kaleresan nalika nyebat bilih Yusuf “tiyang ingkang leres”. Wekdal punika Matius nyebat Gusti Yésus minangka “tiyang ingkang leres”. Tumraping wawasanipun tiyang Yahudi, kaleresan (mursid) punika kagayuh sarana setya dhateng prajanjian wonten ing Injil Matius dipun tetepi wonten ing Gusti Yésus (Mat.5:17-20).

Sasampunipun Gusti Yésus kabaptis, langit binuka lan Panjenenganipun mirsa Rohipun Allah pindha peksi dara tumedhak ing sangginggilipun. Rawuhipun Gusti Allah wonten ing Roh, mratandhani ing bab kalenggahanipun Gusti Yésus dados Sang Mesih. Rawuhipun Gusti Allah salebetung Roh inggih netepi pangandikanipun Yokanan Pembaptis, “Aku iki mbaptisi kowé kabèh nagnggo banyu... Iku (Panjenengané) bakal mbaptisi kowé kalawan Roh Suci lan geni.” (Mat.3:11). Tonya dados lambing kanggé ngresiki badan, geni dados lambing pangresikaning batin, satemah ingang ngalami, gesang ing ewah-éwahaning batin inggih punika gesang manut ing karsanipun Allah.

Sasampunipun Roh Allah nedhaki Panjenenganipun, kapireng swanten saking swarga, “Iki PutraningSun, kekasihihingSun, kang ndadékaké renaming panggalihingSun.” (Mat.3:17) Matius badhé ngandharaken “Iki PutraningSun.” Wondéné Markus lan Lukas ngandharaken, “Sira iku PutraningSun”. Markus lan Lukas badhé nyariyosaken pengalaman batinipun Gusti Yésus nalika dipun baptis. Salebetung ngginakaken tembung “Iki...” Matius

mratélakaken bilih baptisan minangka kababaring Allah ing bab Gusti Yésus lumantar baptisaniPun. Pengalamanipun Gusti Yésus minangka pribadi ingkang dipun tresnani Gusti Allah dados pengalamanipun sadaya tiyang kanggé ngraosaken katresnanipun Gusti. Rawuhipun Gusti Yésus punika rawuh kanggé sadaya tiyang, kados ingkang sampun katampi ing kampun Nazaret. Panjenenganipun sangsaya kateguhaken kanggé martosaken pangajeng-ajeng tumrap tiyang ingkang sedhilih, nampèni panandhang, piyambakan, sakit, mbetahaken pitulungan. Wekdal punika Panjenenganipun rawuh lumantar tiyang-tiyang ingkang dipun tresnani. Baptisanipun Gusti Yésus ingkang mbabaraken andhap asoripun Gusti Yésus punapadéné sih-katresnanipun ingkang nunggilaken ing antawisipun Sang Rama lan Sang Putra. Katresnan ingkang njalari umat pikantuk katresnanipun Allah, satemah wonten ing baptisan, umat nampèni sih-rahmat skaing Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,  
 Magepokan kaliyan baptisan lan sih-rahmatipun Allah, ing kitab Para Rasul 10:34-43, kita manggihaken baptisanipun Kornélius lan pulihing gesangipun Pétrus. Rinaos anèh, ingkang dipun baptis Kornélius nanging Pétrus ingkang dipun pulihaken?

Lelakoné Para Rasul 10:34-43 isi khotbahipun Pétrus ing sangajenging tiyang-tiyang Yahudi. Pétrus ngandharaken bilih Gusti Allah mboten mbedak-mbedakaken sadaya bangsa. Sejatinipun Gusti Allah mboten mbédak-mbédakaken sadaya tiyang saking pundi dunungipun. Saben bangsa ingkang ajirih lan urmat dhumateng Panjenenganipun lan nindakaken kaleresan ingkang mranani Panjenenganipun (PR.10:35). Khotbahipun Pétrus punika taksih nyawiji kaliyan lelampaahaning Baptisanipun Kornélius, satunggaling tiyang saking sajawining rangkah Yahudi (PR.10:1-33). Tiyang Yahudi mastani bilih tiyang-tiyang sajawi-ning Yahudi minangka tiyang ing mboten sunat. Tumraping tiyang Yahudi tiyang-tiyang wau kagolongaken tiyang ingkang mboten nggadhahi kapitadosan, awit saking punika mboten pantes nampi kawilujengan saking Allah.

Sasampunipun pembaptisan Kornélius, Pétrus ngalami éwah-éwahan. Piyambakipun sumerep bilih Gusti Allah wonten ing Sang Kristus punika Gusti kanggénipun sadaya tiyang (PR.10:36). Wejanganipun Pétrus katandhesaken sarana tumedhakipun Roh Suci, kados ingkang kaandharaken ing Para Rasul 10:25, "Kabeh wong pracaya saka golongan tetakan kang ndhèrèkaké Rasul Pétrus, padha kaéraman, jalaran padha sumurup, yen peparing Roh Suci iku uga kaganjaraké marang bangsa-bangsa liya."

Pangandika punika badhé nyumerepaken bilih punapa ingkang kawartosaken déning Rasul Pétrus punika leres. Pétrus sampun saged ningali ing suwaliking Gusti Yésus ingkang kawengku minangka bangsa Yahudi lan kabudayan Yahudi. Éwah-éwahaning pangraosipun Pétrus, saking panyawang ingkang ciut, namung katutup déning samukawis ingkang asipat Yahudi, lajeng tinarbuka dhateng sadaya bangsa, amargi sampun pinanggih kaliyan Gusti Yésus saking Nazaret. Nalika nindakaken pakaryanipun, Gusti Yésus memulang kadospundi supados saged mulyakaken tiyang sanès. Nalika tiyang-tiyang Yahudi sami sengit dhateng tiyang Samaria, Gusti Yésus paring tuladha kanthi nggatosaken tiyang-tiyang Samaria. Nalika tiyang-tiyang Yahudi sengit dhateng tiyang-tiyang Romawi ingkang njajah bangsanipun, Gusti Yésus ngajak supados para sakabatipun mboten males sengit dhateng tiyang sanès. Ing wekdal nalika tiyang-tiyang Yahudi nindakaken paugeraning Torèt kanthi nyinkiraken kawontenan ingkang ndhasari lan ndadosaken Torèt kécalan rohing katresnan, Gusti Yésus mulang supados maos Torèt kajumbuhaken kaliyan kawontenan ingkang ndhasari. Sarana maos kanthi nggatosaken kahanan ingkang nyarengi, Kitab Suci badhé ngetinggalaken dados pepadhang, pangluwaran lan ndhatengaken bedhamèn lan katresnan tumrap sesami. Ing ngriki Pétrus sumerep maknaning kasangsaran, séda lan wungunipun Gusti Yésus. Lelampahan bab wungunipun Gusti Yésus, njalari Pétrus kèngetan dhateng punapa ingkang sampun kalampahan ing wekdal kawuri tumrap sadaya pakaryanipun Gusti Yésus. Gusti Yésus tumrap Rasul Pétrus dados panyurung kanggé gesang kanthi wawasan anyar inggih punika ngaosi gesang minangka sih kanugrahaning Allah. Pembaptisanipun Kornélius wonten ing

patunggilanipun Sang Kristus, dados pahargyan ingkang mulihaken sadaya tiyang gesang minangka patunggilan. Patunggilan punika wujuding katresnan. Pramila baptisan dados sarana ngrembakaning katresnan ingkang mulihaken gesang.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih, Ing Minggu Baptisanipun Gusti punika, kita ngraosaken jejer “Pembaptisan tanpa kapulihaken, punapa saged?” Jejer punika badhé ngajak kita ngraosaken lumadosing baptisan kanthi tetales ing pangandikanipun Gusti kados ing waosan lèksionari dinten punika. Sarana nyimak baptisanipun Gusti Yésus ing benawi Yarden, pawartos pangandikanipun Gusti kaeneraken dhateng kakiyataning katresnanipun Gusti Allah. Katresnan ingkang nyagedaken Gusti andhap asor lan nyuwun kabaptis. Katresnanipun Sang Rama ingkang ngundhangaken sinten ta Gusti Yésus punika. Karana katresnanipun Allah, Pétrus inggih ngalami kapulihaken lumantar pembaptisanipun Kornélius. Saking sikep ingkang nyencang dhiri pribadi éwah dados sikep ingkang tinarbuka.

Sarana makaten, maharya pembaptisan ingkang mengku pangretosan maharya sih-rahmatipun Allah. Pahargyan sih-rahmatipun Allah lajeng sangsaya lebet maknanipun nalika kawujudaken ing gesang padintenan lumantar gesang ingkang kebak katresnan dhateng sesami lan sadaya titahipun Allah. Awit saking punika, dinten punika, tumrap para Sadhèrèk ingkang sampun nampèni pratandha baptis, dadosa baptis alit utawi baptis diwasa. Punapadéné tumrap Sadhèrèk ingkang cecawis badhé nampèni pratandha baptis, mangga kita ngraosaken katresnanipun Allah ingkang mulihaken lan ingkang sampun kaecapaken sarana baptisan. Kanthi ngraosaken katresnanipun Allah punika, kita ndarbèni greget mulihaken gesang sarta tansah ngraosaken baptisan minangka sih-rahmatipun Allah ingkang nyurung kita, dados tiyang ingkang mulihaken gesang. Tumrap pangajak punika kadospundi wangsulan panjenengan?

Sugeng ngraosaken baptisan kita. Amin.

[wsn/tk]



## **BAHAN LITURGI**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



Minggu, 1 Dhésèmber 2019



## JUMAGA KANTHI SIYAGA

### LITURGI ADVÈN 1

*Katrangan:*

*PS* : Pelados Sabda

*PL* : Pelados Liturgi

*U* : Umat/Warganeting Pasamuwan

*P/D* : Pinisepuh/Dhiaken

*L* : Lèktor

### PACAWISAN

- *Ingkang nuntun pepujèn (pemandu pujian) saged nuntun gladhèn ngidungaken kekidungan ingkang kaagem ing pangibadah punika.*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartas Pasamuwan.*
- *Wekdal ening sawetawis.*
- *Panyumeting **lilin adven 1.***

### NGEMPAL

P/D : Aku nyawang uripku,  
 saiba ringkih lan winatesé uripku,  
 Aku nyawang pepadhaku,  
 saiba adoh lan longkanging sesambungan kita iku.  
 Aku nyawang sakiwa-tengenku,  
 saiba rusak lan bubrahé jagat raya iku.  
 Dhuh Allah, karsaa Paduka rawuh lan mulihaké iku mau,  
 temah aku, pepadhaku, lan jagat raya iku  
 bungah-bungah lan sukarena amarga kasaénané Allahku.

--- umat jumeneng ---

U : (*ngidungaken KPJ 242:1-4 RAWUHA SANG IMANUÈL*)  
KPJ 242 RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4 MM 72

- 1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl,  
dènnya nandhang kasangsaran; ngantu-antu pitulungan.  
Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.
- 2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.  
Umat kang nandhang sangsara luwara saking cintraka.  
Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.

--- para palados pangibadah mlebet dhateng papan  
pangibadah ---

- 3) Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira.  
singkirna peteng nglimputi sarta wayanganing pati.  
Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.
- 4) Tedhaké Daud, rawuha mbikak gapuranning swarga;  
tinutup lawanging satru, mring umat tentrem-rahayu.  
Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !  
Pethukna Sang Imanuèl.

**VOTUM LAN SALAM**  
PS : (*Ngidungaken Sih Rahmat*)

SIH RAHMAT

Lagu & Syair: Dulkaeni

5 5 5 5 ‘ . 5 5 . 3 . . 4 5  
Pitulungan ki – ta pu ni-ka

4 5 7 0 ‘ 7 1 7 . 1 7 5 . . 0  
 Pinangka - ni - pun

4 5 7 7 ‘ 7 7 7 . 7 1 7 1 . 7 5 . 4 3  
 saking sawab berkahing Al-lah Ra-ma

3 3 3 3 ‘ 1 3 4 5 7 . 7 1 1  
 Ingkang nitah aken langit lan bu-mi

1 7 7 7 ‘ 5 7 1 1 1 1 . . 0  
 Sih-Rahmat lan ten-trem Rahayu

5 7 1 1 ‘ 5 7 1 1 . . 0  
 saking Allah Rama kita

5 4 4 4 ‘ 4 4 . 5 3 1 7 . . 0  
 tuwin Gusti ki-ta Yésus Kristus

3 4 4 4 ‘ 4 4 5 3 4 3 1 7 . . 0  
 wontena ing panjenengan sadaya (*pandhita*)  
 mugi wonten-a ing ki-ta sadaya (*pinisepuh/dhiaken*)

U : (*Ngidungaken Amin, Amin*)  
1 7 ‘ 5 . 4 5 ‘ 3 . . 0 ‘  
 A - min A - min

--- *pasamuwan lenggah* ---

## PAMBUKA

PL : Pasamuwan, dinten punika kita lumebet ing Minggu Advèn kapisan. Wiwit minggu punika kita badhé nyawisaken dhiri kanggé methukaken karawuhanipun Sang Rajaning Bedhamèn ing gesang punika. Lumantar mangsa Advèn, kita tinimbalan supados ngrumaosi bilih kita punika pribadi ingkang dosa, ingkang mbetahaken dipunpulihaken. Tumindaking mulihaken kanthi sampurna badhé kababar nalika Gusti Allah ngrawuhi jagat lumantar wiyosipun Gusti Yésus Kristus.

Ing Advèn ingkang kapisan punika dados gapura kanggé lumabet dhateng rerangkèning

Advèn kapisan punika dados satunggaling gapura mlebet dhateng satunggaling rerangkènipun lampah ingkang kebak kabingahan karana ngener dhateng tumindak mulihaken ingkang wetah. Kita kasuwun sami mirsani kawontenan kita, sesami, tuwin ingkang sarwa dumadi sinambi bingah-bingah nengga rawuhipun Ingkang Mulihaken punika. Ingkang Mulihaken punika kados ingkang sinebat ing Jabur Masmur 126:4,

“Dhuh Yéhuwah, Paduka mugi karsaa mulihaken kawontenan kawula, kados pulihipun lèpèn asat wonten ing Tanah Nègeb!”

U : (*ngidungaken KPJ 213:1-3 ALLAH NGESORKEN SRIRA*)  
KPJ 213. ALLAH NGESORKEN SRIRA

Do=G 6/8

- 1) Allah ngesorken srira, wit nglabuhi jalma.  
Manungsa tan keduga ngandelken dhirinya.  
Mung karana tresna, gesang tentrem raharja.  
Tyang dosa pinurih tobat, cinadhang sihrahmat.
- 2) Allah tedhak ing donya, wit gunging sih-tresna;  
Ngru kunaken manungsa klayan sariranya.  
Mila tyang pracaya sami manggih raharja;  
kang sami olah katresnan sinihan Pangéran.
- 3) Allah ngurbanken srira, wit gunging sih-rahmat.  
Nimbalii tiyang dosa, mrih samnya mratobat.  
Swawi sami séba, nyadhong sih-palimirma,  
nebihi dredah-sulaya, ngudi rukun samya.

### **PANGAKEN DOSA**

PL : Sumangga kita ngakeni dosa-dosa kita ing ngarsanipun  
Gusti Allah ..... (*ening sawetawis*) .....

U : (*ngidungaken KPJ 63:1-3 TYANG NAJIS NDALARUNG ING DOSA*)

KPJ 63. TYANG NAJIS NDALARUNG ING DOSA

Do=F 3/4

*(Umat priya ngidungaken pada 1, umat wanita ndedonga secara pribadi)*

- 1) Tyang najis ndlarung ing dosa,  
tinampik mring swarga.  
Allah tan sudi mirsani  
sabarang kang nistha.  
Reff. : Nyuwun suci, adhuh Gusti,  
nyuwun suci, nyuwun suci

*(Umat wanita ngidungaken pada 2, umat priya ndedonga secara pribadi)*

- 2) Tyang najis datan tinampi  
ngarsané Hyang Widi.  
Adhuh Gusti, mugi karsa  
mbirat dosa kula.  
Reff. : Nyuwun suci, adhuh Gusti,  
nyuwun suci, nyuwun suci

PL : Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula nyuwun pangapuntening dosa. Amin.

*(Umat sesarengan ngidungakan pada 3 lan 4)*

- 3) Tyang najis ndlarung ing dosa,  
pinagas ing sihnya.  
Dé kang yekti asung bekti,  
tinunggil ing Gusti.  
Reff. : Nyuwun suci, adhuh Gusti,  
nyuwun suci, nyuwun suci
- 4) Tyang najis badhé sangsara,  
cinadhangan nraka.  
Kang mratobat badhé begja,  
cinadhangan swarga.  
Reff. : Nyuwun suci, adhuh Gusti,  
nyuwun suci, nyuwun suci

--- *umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

P/D : Kanggé kita ingkang sami ngakeni dosanipun sarta prajanji badhé gesang ing margi pitedahipun Gusti, pramila tampènana sih-rahmatipun Gusti Allah kanthi raos sokur,

15 "Menawa kowé padha tresna marang Aku, kowé padha netepana pepakonku, 16 Aku bakal nyuwun marang Sang Rama lan Panjenengané bakal maringi kowé Juru Pitulung liyané, supaya Panjenengané nunggil karo kowé, ing salawasé, 17 yaiku Rohing Kayektèn. (Yohanes 14:15-17a)

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Umat sami jawat asta kaliyan sakiwa-tengenipun kalayan ngidungaken KPJ 460 ---*

U : *(ngidungaken KPJ 460 TENTREM RAHARJA tigang rambahsan)*

KPJ 460 TENTREM-RAHARJA

Do=E 4/4

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;  
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

U : *(ngidungaken KPJ 226:1-3 HOSIANA, GUSTIKU)*  
KPJ 226. HOSIANA, GUSTIKU

Do=C 4/4

- 1) Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Pra manungsa sajagad dèn paringi sih rahmat,  
gedhé cilik ywa kliwatan. Payo muji Pangéran.
  
- 2) Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
Pra manungsa sadonya samya amanembrama;  
samangkya sajagad bingah, wit katresnaning Allah.

- 3) Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
 Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.  
 Pra manungsa sabumi samya atur pamuji;  
 samangkya samya ngabekti maring Sang Kristus Gusti.

--- *Umat lenggah* ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)  
 U : (*Ngidungaken KPJ 199:1 MARA SIRA RUNGOKNA*)  
       KPJ 199. MARA SIRA RUNGOKNA

Do=G 4/4

- 1) Mara sira rungokna swaranya.  
 Kori thinothok cetha; tilingna !  
 Gusti kang arsa mlebu, mara énggal wengakna !  
 Ywa nganti gawé cuwa; wenganana !

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### Waosoan Kapisan

L : (*maos Yésaya 2:1-5*)  
 Mekaten pangandikanipun Gusti!  
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 122 kanthi gegentosan antawisipun lèktor kaliyan umat*).

#### Waosoan Kaping Kalih

L : (*maos Roma 13:11-14*)  
 Mekaten pangandikanipun Gusti!  
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Waosoan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking  
**Matius 24:36-44.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu  
inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun  
Gusti lan dipun gatosaken. Maranatha!

U : (*Ngidungaken KPJ 475 MARANATA*)

KPJ 475. MARANATA

Fis=la 4/4

Maranata, Maranata, Maranata, Maranata,  
Maranata, Maranata, Maranata, Maranata,

## **Khotbah**

### **Wekdal Ening**

*--- umat jumeneng ---*

### **PANGAKEN PITADOS**

P/D : Sumangga sesarengan kaliyan pasamuwan Kristen ing  
sajagat, kita nganyaraken iman kapitadosan kita kanthi  
ngidungaken kidung pangaken pitados, kados ingkang  
kasebataken wonten ing KPJ 122:1-4 “Kula Pitados”

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;  
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus  
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,  
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampaun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;  
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit  
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:  
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah  
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah  
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.  
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.

- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum. Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa, tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

--- *Umat lenggah* ---

### **PANDONGA SAFAAT**

PS : (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

### **PISUNGSUNG**

P/D : Sumangga kita nélakaken pamuji-sokur kita dhumateng Gusti Allah kanthi ngaturaken pisungsung selaras kaliyan pangandikanipun Gusti ingkang makaten:

“29 Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.” (1 Babad 16:29)

U : (*Ngidungaken KPJ 157:1-*)  
**KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU**

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.  
 Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.  
*Ref.* : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
  
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan sarana samubarang saisining bumi, jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.  
*Ref.* : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
  
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampah.

Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

*Ref.* : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga caos pisungsung*)

### **PANGUTUSAN LAN BERKAH**

U : (*Ngidungaken KPJ 222:1-2 DUMELING KAPYARSA*)  
**KPJ 222. DUMELING KAPYARSA**

Do=Es 3/4

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,  
 supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti  
*Refr.* : Gusti paringa manah kang suci,  
 kénging kanggé ngurmatirawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,  
 jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki.  
*Refr.* : Gusti paringa manah kang suci,  
 kénging kanggé ngurmatirawuhnya Njeng Gusti.
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,  
 dédé saking labet amba, kajawi mung sihnya.  
*Refr.* : Gusti paringa manah kang suci,  
 kénging kanggé ngurmatirawuhnya Njeng Gusti.

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah!**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U : **Puji sokur konjur Gusti Allah!**

PS : Pinujia Gusti Allah kita!

U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

PS : Mengekera kanthi tentrem rahayu, sarta tampènana berkahipun Gusti:

“Sih-rahmatipun Allah Sang Rama, sihipun Gusti Yésus Kristus, sarta patunggilanipun Sang Roh Suci

nunggila ing panjenengan samangké dumugi ing salami-laminipun.

Amin.

U : (*Ngidungaken KPJ 231:1*)  
KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,  
methukken klayan puji mring Ratuning jagad  
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci  
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

[day-den]



Minggu, 8 Dhésèmber 2019



## RAWUHIPUN GUSTI YÉSUS MBEKTA PULIHING KAWONTENAN

### LITURGI ADVÈN 2

*Katrangan:*

*PS* : Pelados Sabda

*PL* : Pelados Liturgi

*U* : Umat/Warganeting Pasamuwan

*P/D* : Pinisepuh/Dhiaken

*L* : Lèktor

### PACAWISAN

- *Ingkang nuntun pepujèn (pemandu pujian) saged nuntun gladhèn ngidungaken kekidungan ingkang kaagem ing pangibadah punika.*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartas Pasamuwan.*
- *Wekdal ening sawetawis.*
- *Panyumeting **lilin advèn 2.***

--- umat jumeneng ---

### NGEMPAL

*PL* : Hé para wong mursid, padha asurak-suraka ana ing Sang Yéhuwah! Awit wus samesthiné, manawa wong tulus atiné padha memuji.

*U* : **Padha saosa puji sokur marang Sang Yéhuwah kalawan clempung, kidungna masmur kalawan slukat akawat sepuluh.**

*PL* : Kidungna kekidungan anyar; diprigel panabuhmu kanthi swara kang ramé!

U : **Sebab pangandikané Sang Yéhuwah iku nyata,  
samubarang kabèh katindakaké kalawan setya  
tuwu.**

PL+U: **Panjenengané karenan marang kang bener lan  
adil; bumi kebak ing sih-kamurahaning Yéhuwah.**  
(Jabur Masmur 33:1-5)

U : (Ngidungaken KPJ 33:1-3)

KPJ 33. SWAWI TA KANCA KULA

Do=D 3/4

(kakidungaken sesarengan)

1) Swawi ta kanca kula  
sami memuji Allah  
(kakidungaken umat wanita)  
ing dinten puniki;  
(kakidungaken umat priya)  
kula dipun paring  
(kakidungaken sesarengan)  
bingah linuwih, bingah linuwih

(kakidungaken sesarengan)

2) Asurak-surak, kanca,  
sami asuka-suka;  
(kakidungaken umat priya)  
manganggé kang saé,  
(kakidungaken umat wanita)  
sampun kirang sekareé  
(kakidungaken sesarengan)  
kang éndah-éndah. x2

(kakidungaken sesarengan)

3) Swawi anglembana  
Allah Kang Mawilasa;  
(kakidungaken umat wanita)  
sanadyan Ma-agung,  
(kakidungaken umat priya)  
karsa miyarsakaken  
(kakidungaken sesarengan)  
pamuji kula. x2

## VOTUM

PS : Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah,  
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U : (*Ngidungaken KPJ 465 AMIN*) **Amin** 6 x.

### **SALAM**

PS : Tentrem-rahayu nunggila ing panjenengan sadaya.

U : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *umat lenggah* ---

### **PAMBUKA**

PL : Krana Allah tresna mring jagat, sarta nggènira angasihi, iku kongsi masrahaké Ingkang Putra Ontang-anting. Makaten patrapipun Allah anggènipun mulihaken gesang, supados tiyang ingkang pitados lan ngugemi dhateng katresnanipun Allah punika, uwal saking karisakan lan pulih malih nggayuh gesang langgeng.

Ing Minggu Adven II punika kita badhé ngraos-raosaken satunggalan irah-irahan,

**RAWUHIPUN GUSTI YÉSUS MBEKTA PULIHING KAWONTENAN**

Kanthy irah-irahan punika, kita saya kaémutna sarta kasantosakna kanggé tansah mbekta pulihing kawontenan ing sakiwa-tengen kita. Awit saking kasaénanipun Gusti Allah punika, sumangga kita memuji sesarengan kanthy kidung “Krana Allah Tresna”

U : (*Ngidungaken KPJ 80*)

**KPJ 80. KRANA ALLAH TRESNA**

Do=A 3/4

Krana Allah tresna mring jagad sarta nggènira angasihi, iku kongsi masrahaké Ingkang Putra ontang anting, supaya sakèhing jalma kang pracaya lan ngugemi, ywa kongsi nemu karusakan, nanging langgeng gesang ira.

### **PANGAKEN DOSA**

PL : Samangké kita sowan malih wonten ing ngarsanipun Gusti Allah, kanggé ngakeni dosa kita. Panjenenganipun pirsa dhateng punapa ingkang kanggénipun tiyang sanès mboten pirsa. Panjenenganipun tansah pirsa punapa ingkang kita umpetaken. Awit saking punika, samangké

kita ndedonga sacara pribadi ngakeni dosa ingkang kita lampahi. Salajengipun kita nyuwun supados Sang Roh Suci tansah nyembadani kita kanggé saya nytingkiri dosa. Kita ndedonga sacara pribadi ..... (*sasampunipun ening sawetawis wekdal, PL nutup pandonga pribadi kanthi pandonga sesarengan*)

U : (*Ngidungaken KPJ 62:1-3*)

KPJ 62. SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA

Do=F 4/4

- 1) Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula. Yéku sih kang ngéram éramna mring kula tyang kebak dosa. Mila kula tansah muji tan kendhat rinten lan ratri
- 2) Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah, kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah. Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.
- 3) Mring salir tyang, nggih sanak-kadang, mesthi kawula tedahna margi kang anjog ing pepadhang, yéku sih-rahmat sanyata. Punika sokur kawula mring Gusti Kang Mahatresna.

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS : Samangké kita saos sokur amargi Gusti Allah sampun maringi pangapunten dhumateng panjenengan lan kula. Pawartosing sih-rakmat ing minggu punika kapendhet saking Kolosé 3:15,

“Muga tentrem-rahayuné Kristus ngerèh ana ing atimu, marga iya kaya mangkono iku anggonmu padha katimbalan dadi badan siji. Padha saosa sokur.”

Makaten sih-rahmatipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS : Salam katentreman tuwin karahayon kanggé kita sadaya.

--- *Umat sami jawat asta kaliyan Sadhèrèk ing sakiwa tengenipun* ---

U : (*Ngidungaken KPJ 162:1-3*)

KPJ 162. KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI

Do=Bes 3/4

- 1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.  
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.  
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha kwasa.
- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.  
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.  
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.
- 3) Katresnan Paduka, Gusti wonten ing Yésus kawedhar.  
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.  
Kula sèstu rumaos begja linuberan rahmat Paduka.  
Amin

--- *Umat lenggah* ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosoan Kapisan

L : (*maos Yésaya 11:1-10*)

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 72:1-7, 18-19 kanthi gegentosan antawisipun lèktor kaliyan umat*).

##### Waosoan Kaping Kalih

L : (*maos Roma 15:4-13*)

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosoan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Matius 3:1-12.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Maranatha!

U : (*Ngidungaken KPJ 475*)  
KPJ 475. MARANATA

Fis=la 4/4

Maranata, Maranata, Maranata, Maranata,  
Maranata, Maranata, Maranata,

### **Khotbah**

### **Wekdal Ening**

--- *Umat jumeneng* ---

### **PANGAKEN PITADOS**

P/D : Samangké kita badhé sesarengan ngékraraken Pangaken Pitados Rasuli, makaten .....

--- *Umat lenggah* ---

### **PANDONGA SAFAAT**

PS : (*Nuntur pandonga safaat, kapungkasan kanthi ngucapaken Donga Rama Kawula*)

### **PISUNGSUNG**

P/D : Samangké kita kacawisan wekdal kanggé misungsungaken punapa ingkang kita darbèni. Pangatag-atag pisungsung kapendhet saking 2 Korintus 9:7 makaten,

“Saben wong pisungsungé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhiih utawa marga kapeksa, awit Allah iku ngasihi wong kang misungsung kanthi bungah.”

U : (*Ngidungaken KPJ 154:1-2*)  
KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi , kula kagungan ta.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula  
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
 mugi katampia atur kawula,  
 mrih gesang kawula kagema Paduka  
 pirantos sapala.

2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;

kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula  
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
 mugi katampia atur kawula,  
 mrih gesang kawula kagema Paduka  
 pirantos sapala.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

### **PANGUTUSAN LAN BERKAH**

PS : Sumangga kita wratakaken, kita wartosaken pawarta Injil  
 kanthi andhap-asoring manah, supados gesang kita tansah  
 ngluhuraken asmanipun Gusti Allah ingkang maringi sih-  
 rahmat-Ipun dhateng gesang punika.

U : (*Ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;

datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.

Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkikh;

sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;  
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.  
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;  
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah**
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus ingkang tansah mbudi-daya tumindak mulihaken.
- U : **Gesang kawula tansah mbudi-daya mujudaken tumindak mulihaken.**
- PS : Pinujia Gusti Allah lumantar tindak-tanduk panjenengan.
- U : **Gesang kawula nyunaraken kasaénanipun Gusti samangké ngantos salami-laminipun.**
- PS : Mengkera kanthi tentrem-rahayu sarta tampènana berkahipun Gusti,  
                   Mugi katresnanipun Allah Sang Rama nyantosakaken  
                   gesang panjenengan;  
                   sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, nyekapi gesang  
                   panjenengan;  
                   sarta patunggilanipun Sang Roh Suci nyembadani  
                   gesang panjenengan,  
                   samangké dumugi ing salami-laminipun.  
                   Amin.
- U : (*Ngidungaken Maranatha Amin mawi lagu KJ 472*)  
**Maranatha** (5X), **Amin** (3X).

[har-den]

Minggu, 15 Dhésèmber 2019



## MIRSANI KRIDHA LAMPAHING TUMINDAK MULIHAKEN

### LITURGI ADVÈN 3

*Katrangan:*

*PS : Pelados Sabda*

*PL : Pelados Liturgi*

*U : Umat/Warganeting Pasamuwan*

*P/D : Pinisepuh/Dhiaken*

*L : Lèktor*

### **PACAWISAN**

(Pacawisan ibadah saged kajumbuhaken kaliyan pakulinan ingkang katindakaken ing saben pasamuwan/gréja)

- *Tengara/loncèng 3 X, umat nyawisaken dhiri ing salebetipun wekdal ening.*
- *Tengara/loncèng 2 X, pamaosing pawartos pasamuwan.*
- *Tengara/loncèng 1X, panyumeting **lilin advèn 3***

--- *Umat jumeneng* ---

### **TIIMBALAN IBADAH**

**PL :** Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita mlebet ing minggu Advèn kaping tiga punika kanthi litani masmur, Kawula badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Sang Yéhuwah kalayan gumolonging manah,

**U :** **kawula badhé nyariyosaken sakathahing kaélokan Paduka.**

**PL :** Kawula badhé bingah-bingah sarta asumyak-sumyak awit saking Paduka,

U : **Asma Paduka kawula puji klayan masmur, dhuh Gusti, Sang Mahaluhur,**

PL : Tiyang ingkang wanuh kaliyan asma Paduka, punika sami kumandel dhateng Paduka, amargi Paduka, mboten naté négakaken tiyang ingkang ngupadosi Paduka, dhuh Yéhuwah.

U : *(Ngidungaken KPJ 19:1-3)*

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,  
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.  
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.

--- *Para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah ---*

- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,  
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,  
salir ingkang pinanggya dados margining bergja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,  
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,  
wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

## VOTUM

PS : Sumangga kita purwakan ibadah Minggu Advèn kaping tiga punika kanthi pangaken bilih,  
Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah Sang Rama, ingkang nitahaken langit, bumi saisènipun,  
sarta ingkang mboten naté nilaraken pakaryaning Astanipun.

U : *(Ngidungaken) Amin, Amin, Amin.*

## SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama tuwin saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing para Sadhèrèk (kita) sadaya.

U : **Wontena ing panjenengan ugi.**

--- *Umat lenggah* ---

### **PAMBUKA**

PL : Pasamuwan ingkang kinasih, sayektosipun pakaryanipun Allah punika mawujud ing gesang padintenan kita, punapa kita sampun nyipati pakaryanipun Gusti Allah ingkang mulihaken punika? Sumangga wekdal punika kita nyawisaken manah, budi, lan nyawa kita supados dipun padhangi déning Roh Suci ngantos kita dipun saged aken nyipati pakaryanipun Gusti Allah ingkang mulihaken punika.

U : (*Ngidungaken KPJ 31:1-3*)

KPJ 31 SWAWI PRA SUCI NYAWIJI

Do=C 4/4

- 1) Swawi pra suci nyawiji tunggal ati sami ngabekti memuji mring Gusti. Ajrih, sumelang, sedhilih, lan kasangsaran ginantos kabegjan sih-ing Pangéran.
- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbèngrat, ngétang mukijat lan gunging sih-rahmat. Lubering berkah sing swargi tansah tumrah, nyantosakken manah, nyirnakken semplah.
- 3) Di tansah ndedonga pasrah mring Sang Rama, miwah rumantya nglawan mring panggodha. Amrih saliring tyang kang samya nyipati, dadya kapraran sami ndhèrèk Gusti.

### **PANGAKENING DOSA**

P/D : (*Ngajak umat ndedonga sacara pribadi nyuwun pangapuntening dosa. Sasampunipun kawawas cekap P/D mungkasi pandonga nyuwun pangapuntening dosa sacara sesarengan*)

U : (*Ngidungaken KPJ 45:1-3*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu. Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

- 2) Anêng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.  
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH RAHMAT**

PS : Minangka abdinipun Gusti Allah, kula martosaken bilih sih-rahmatipun Allah kacawisaken kanggé saben tiyang ingkang kanthi èstu-èstu ngakeni dosanipun. Kados ingkang sinerat ing Yésaya 57:18,  
“Ingsun wus nguningani sakèhé dalané iku, éwasamono bakal Sunmarèkaké lan bakal Suntuntun tuwin bakal Sunpulih-pulihaké atiné kalawan panglipur; uga ana ing lambéné wong-wongé kang padha prihatin.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

--- *Umat sami jawat asta kaliyan Sadhèrèk ing sakiwa-tengenipun* ---

U : *(Ngidungaken KPJ 78:1, 3)*  
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;  
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Ref.: Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya  
Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,  
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Ref.: Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

--- *Umat lenggah* ---

## **PALADOSAN SABDA**

### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### Waosoan Kapisan

L : (**Maos Yésaya 35:1-10**)

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 146:5-10 kanthi gegentosan antawisipun lèktor kaliyan umat*).

#### Waosoan Kaping Kalih

L : (**maos Yakobus 5:7-10**)

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Waosoan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Matius 11:2-11.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Maranatha!

U : (*Ngidungaken KPJ 475*)  
KPJ 475. MARANATA

Fis=la 4/4

Maranata, Maranata, Maranata, Maranata,  
Maranata, Maranata, Maranata, Maranata,

## **Khotbah**

## Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

### PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D : Sesarengan kaliyan pasamuwan ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita sesarengan ngucapaken pangakening kapitadosan kita manut Pangaken Pitados Rasuli makaten, .....

--- *Umat lenggah* ---

### PANDONGA SAFAAT

PS : (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

### PISUNGSUNG

P/D : Para Sadhèrèk, wekdal samangké kita kacawisan wekdal kanggé saos sokur lumantar ngaturaken pisungsung. Sadèrèngipun ngaturaken pisungsung, sumangga kita nalesi pisungsung kita saking Jabur Masmur 76:12 ingkang kita waos sesarengan,

“Padha ngucapna nadar banjur padha luwarana konjuk ing Yéhuwah Allahmu! Kabèh wong kang ana ing ngarsané Yéhuwah, karebèn padha ngunjukaké pisungsung marang Panjenengané kang diwedèni.”

U : (*Ngidungaken KPJ 186:1 lan 2)*  
KPJ 186. URIP KANG SAMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,

Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Reff. : Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,  
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

--- *Sasampunipun umat ngidungaken KPJ 186 pada satunggal, kanthong pisungsung kaladosaken dhateng umat, kairingan instrumèntalia utawi **lelagon musik KPJ 186**.*

*Saparipurnanipun kanthong pisungsung kaladosaken, umat jumeneng sarta ngidungaken KPJ 186 pada kalih ---*

- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempuyuh,  
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.

*Reff. : Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,  
Aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya !*

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

### **PANGUTUSAN**

U : (*Ngidungaken KPJ 355:1-3*)

KPJ 355. WONTEN PUNDI DUNUNGING GESANG

Do=F 4/4

- 1) Wonten pundi dununing gesang  
ingkang mengku katentreman?  
wonten pundi Sang Jinebadan  
ingkang nuntun mring kaswargan?

*Reff. : Kang kapireng swaraning puji  
ngumandhang aneng pamujan,  
mung Sang Kristus yéku sumbering  
katentreman wah kaswargan.*

- 2) Dhateng pundi purunging tiyang  
ingkang kawratan ing dosa,  
tiyang prihatos wah tyang kesrakat  
tinampèn klayan legawa?

*Reff. : Kang kapireng swaraning puji  
ngumandhang anèng pamujan,  
mung Sang Kristus yéku sumbering  
katentreman wah kaswargan.*

- 3) Dhateng pundi tangis linipur  
amrih manggih kaayeman?  
Ing pundi korining pitobat,  
dimen manghiha kaswargan?

*Reff.* : Kang kapirek swaraning puji  
ngumandhang anèng pamujan,  
mung Sang Kristus yéku sumbering  
katentreman wah kaswargan.

- PS : Para Sadhèrèk, samangké mengkera saking papan pangibadah punika. Kondura kanthi tentrem-rahayu kang saking Gusti Allah, sarta enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.  
U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah**  
PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus.  
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**  
PS : Pinujia Gusti Allah kita!  
U : **Samangké dumugi ing salami-;aminipun.**

## **BERKAH**

- PS : “Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadanipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadanipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu.” Amin.  
U : (*Ngidungaken Maranatha Amin mawi lagu KJ 472*)  
**Maranatha** (5X), **Amin** (3X).

[tafw-den]

Minggu, 22 Dhésèmber 2019



## IMANUËL: NETEPI PRAJANJINING TUMINDAK MULIHAKEN

### LITURGI ADVÈN 4

*Katrangan:*

*PS* : Pelados Sabda

*PL* : Pelados Liturgi

*U* : Umat/Warganeting Pasamuwan

*P/D* : Pinisepuh/Dhiaken

*L* : Lèktor

### **PACAWISAN**

- *Loncèng kaungelaken minangka pratandha pacawisan paladosan ibadah kawiwitan.*
- *Para palados pangibadah ndedonga ing konsistori, umat sami ndedonga sacara pribadi.*
- *Loncèng kaungelaken minangka pratandha pangibadah kawiwitan.*
- *Pradataning pasamuwan maos Pawarta Pasamuwan.*
- *Panyumeting **lilin Advèn 4.***

### **TIMBALAN NGIBADAH**

(Jabur Masmur 130:1-5)

**PL** : Dhuh Yéhuwah, saking jurang ingkang lebet kawula sesambat dhumateng Paduka.

**U** : **Dhuh Pangéran, Paduka mugi karsaa miyarsakan swanten kawula,**

**PL** : Paduka mugi ningna

**U** : **dhumateng swantening pasambat kawula.**

- PL : Dhuh Yéhuwah, manawi Paduka ngènget-ènget dhateng durakaning tiyang,  
U : **dhuh Pangéran, sinten ingkang saged lestantun?**  
PL : Nanging Paduka kagungan pangapunten,  
U : **supados tiyang sami ajrih-asih dhumateng Paduka.**  
PL : Aku nganti-anti marang Pangéran Yéhuwah, nyawaku ngarep-arep,  
U : **lan aku ngarep-arep marang Pangandikané.**

--- *Umat jumeneng* ---

- U : (*Ngidungaken KPJ 222:1-3*)  
KPJ 222. DUMELING KAPYARSA

Do=Es 3/4

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,  
supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti  
Refrain : Gusti paringa manah kang suci,  
kénging kanggé ngurmati  
rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,  
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki.  
Refrain : Gusti paringa manah kang suci,  
kénging kanggé ngurmati  
rawuhnya Njeng Gusti.
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,  
dépé sakeing labet amba, kajawi mung sihnya.  
Refrain : Gusti paringa manah kang suci,  
kénging kanggé ngurmati  
rawuhnya Njeng Gusti.

### VOTUM

- PS : Pangibadah Minggu Advèn kaping sekawan punika kelampahan ing salebetting pakaryanipun Allah Sang Rama ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, ingkang sampun ngutus Putranipun dados Panibus Dosa, sarta panganthi-

nipun Sang Roh Suci ngantos dumugi ing pungkasaning jaman.

U : (*Ngidungaken amin*) **Amin** (3X)

### **SALAM**

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus, wontena ing panjenengan (kita) sadaya.

U : **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *Umat lenggah* ---

### **PAMBUKA**

(*Dipun waosaken déning Panutur, inggih punika tiyang ingkang kajibah nuturaken unèn-unèn ing ngandhap punika.*)

Ana sawijining janma kang sumpena,  
lumaku bebarengan klayan Allahé ing gisiking samodra.  
Ing saben gelaran pawedhèn kang wus dèn ambah,  
wong mau nyipati ana rong pasang tapaké dhéwé lan tapaké Allah kang sisihan.

Ananging ana ing sapérangan papan wong iku uninga  
mung ana tapak sapasang,  
wong iku émut déné ing papan-papan kang mung ana tapak  
sapasang  
uripé lagi ketaman pakéwuh kang gawé susah.

Wong iku nyuwun pirsa, dhuh Allah, punapaa sababipun,  
ing wekdal-wekdal kang kados makaten punika,  
Paduka kamitégan nilar kawula;  
kénging punapa ing wekdal-wekdal tartamtu mung wonten  
sepasang tapak kang pinanggya?  
Gusti Allahé tumuli paring panjawab  
“Anakku, Aku tresna banget marang keng slira,  
sarta tan naté Ingsun nilaraké keng slira,  
sanadyan ing wektu kang kebak pakéwuh lan bebaya  
nalika sliramu weruh mung ana sapasang tapak kang ana,  
iku nalikané Ingsun nggéndhong keng slira.”

PL : Gusti Allah ingkang kados makaten punika ingkang kita gadhahi. Gusti Allah ingkang tansah nggatosaken. Panjennenganipun punika Imanuèl, Gusti Allah ingkang tansah nunggil lan mboten naté nilar gesang kita. Panjennenganipun punika Gusti Allah ingkang tansah samekta nggéndhong kita, nalikanipun kita sampun mboten kuwawi malih nglajengaken lampah kita, sinaosa asring kita mboten ngrumaosi.

Ing Minggu Advèn IV punika, kita sadaya tinimbalan kanggé ngantos-antos rawuhipun Gusti Allah ingkang badhé mulihaken. Pangandikanipun makaten:

“..... nanging wong kang padha nganti-anti marang Pangéran Yéhuwah kaparingan kakuwatan anyar: padha mabur mumbul kaya manuk garudha kalawan kakuwatanning swiwiné; padha lumayu lan ora nganti lesu, padha lumaku nanging ora sayah.” (Yésaya 40:31)

U : (*Ngidungaken KPJ 225:1-3*)

KPJ 225. HALÉLUYA ! YÉSUS KRISTUS

Do=Fis 4/4

- 1) Haléluya ! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.  
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya ! Rawuhipun awit welasipun  
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya ! Yésus Kristus dados Juru Slamet,  
Panuntun kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
- 4) Haléluya ! Haléluya ! Putranipun Allah  
sampun miyos ing Bètléhèm. Pinujia tansah !

### **PANGAKEN DOSA**

PL : (*Ngaturi umat supados ngakeni dosa sacara pribadi. Ing salebetipun umat ngaturaken pandonga pribadi, kau-n gelaken lelagon utawi instrumental saking KPJ 51.*

*Sasampunipun karaos cekap, PL mungkasi kanthi pandonga pangaken dosa.)*  
 U : (*Ngidungaken KPJ 51:1, 4)*  
 KPJ 51 GUSTI MUGI MIRSANI

Do=F 6/4

- 1) Gusti mugi mirsani nggèn kula kasrakatan.  
 Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.  
 Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugi nglanting kawula  
 sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.
- 4) Gusti tuking kadarman, mugi mlasi mring kula.  
 Uwala sing momotan wah kali sing panggodha.  
 Gusti tuking kraharjan kang kwasa mbirat dosa,  
 mugi nucèkken kula, temah gesang sembada.

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS : Ing salebeting Sihipun Allah ingkang mulihaken, Panjene-  
 nganipun aprajanji kados ingkang dipun andharaken ing  
 Kitab Yésaya 41:13,

“Sabab Ingsun iki, Pangéran Yéhuwah, Allahira,  
 nyepeng tanganira tengen, tuwin ngandika marang  
 sira: “Sira aja wedi, iya Ingsun iki kang mitulungi  
 sira.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.  
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Umat sami jawat asta sinambi ngucapaken:*  
*“Tentrem rahayu”* ---

U : (*Ngidungaken KPJ 92:1-2)*  
 KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.  
 Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.

- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,  
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

--- *Umat lenggah* ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga paladosan sabda, kanthi nyuwun panganthinipun Sang Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosoan Kapisan

L : (*Maos waosoan kapisan saking Yésaya 7:10-16*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Masmur Tanggapan

L : (*Maos Masmur tanggapan saking Jabur Masmur 80:2-8, 18-20* saged kawaos gentosan kaliyan umat)

##### Waosoan Kaping Kalih

L : (*Maos waosoan kaping kalih saking Roma 1:1-7*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Waosoan Injil

PS : (*Maos waosoan Injil saking Matius 1:18-25*)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu  
inggih punika ingkang mirengaken lan ngéstokaken  
pangandikanipun Gusti Allah.  
Maranatha!

U : (*Ngidungaken Maranatha manut lagu KPJ 473*)  
**Maranatha.**

### **Khotbah**

### **Wekdal Ening**

--- *Umat jumeneng* ---

### **PANGAKEN PITADOS RASULI**

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Allah ingkang gesang ing wekdal kapengker, ing wekdal samangké, tuwin ing wekdal badhé dhateng, kanthi ngèngeti pangaken tumrap anggèn kita kabaptis manut Pangaken Pitados Rasuli, kados ingkang kapacak ing KPJ 122:1-4.

P/D+U: (*Ngidungaken KPJ 122*)

**KPJ 122. KULA PITADOS**

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;  
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus  
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,  
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;  
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit  
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatyá:  
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah  
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah  
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.  
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun  
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.  
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,  
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

--- *Umat lenggah* ---

### **PANDONGA SAFAAT**

PS : (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

## PISUNGSUNG

P/D : Samangké kacawisan wekdal kanggé caos sokur awit saking pitulungan sarta panganthinipun Gusti Allah wonten ing gesang padintenan kita, lumantar ngaturaken pisungsung. Pangandikanipun Gusti Allah minangka tetales anggèn kita saos pisungsung, kapethik saking Jabur Masmur 52:11 makaten,

“Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!”

U : (*Ngidungaken KPJ 94:1-3*)  
KPJ 94. SUMANGGA MAREKA

Do=F 4/4

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita, anggunggung asmanya wit sihé kang sanyata maringken Kang Putra, yéku marginira mbirat dosa kita, wah gesang sembada
- 2) Sagunging pamuji konjuk ngarsaning Gusti, kang tansah mberkahí wrata titah sabumi. Allah ingkang murba pratala-akasa paring kaéndahan miwah kautaman.
- 3) Yéhuwah Makwasa maringi kabingahan lan tentrem-raharja dugèng jaman klanggengan. Samya tansah panggah mituhu mring Allah, minangka panuwun, wit gung berkahipun.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

## Kidung Pangutusan

U : (*Ngidungaken KPJ 437:1-3*)

## KPJ 437. GUSTI YESUS PANGEN KULA

Do=G 3/4

- 1) Gusti Yésus Pangén kula,  
sèstu gung sih Paduka,  
Ing sapurug kula mlampah,  
Paduka kanthi tansah  
Reff. : Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti  
          Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.
- 2) Saliring bandha kadonyan,  
mung sarananing gesang.  
Déné piandel kawula  
mung panganthi Paduka  
Reff. : Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti  
          Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.
- 3) Ajrih - asih maring Gusti  
wah nresnani sesami,  
lah puniku gesang kula,  
wit panganthi Paduka.  
Reff. : Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti  
          Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.

### PANGUTUSAN

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah.**
- PS : Émuta bilih Gusti Allah tansah nunggil ing ruwet-rentenging gesang kita.
- U : **Prasetyanipun “Inggih” tuwin “Amin”**
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus kanthi tanggèn tuwin santosa ing salebeting pitados kanggé kamulyaning Asmanipun.
- U : **Saking samangké dumugi ing salami-laminipun.**

## BERKAH

PS : "Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowé (kita), Pangéran Yéhuwah iku pangayomanmu (kita) ana ing tengenmu (kita).

Srengéngé ora bakal nglarani kowé (kita) ing wayah awan, utawa rembulan ing wayah bengi.

Kowé (kita) bakal direksa déning Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhing bilai; nyawamu (kita) direksa.

Pangéran Yéhuwah bakal ngreksa marang lebu lan wetumu (kita), wiwit ing samengko tumeka ing delahan."

Amin.

(Masmur 121:5-8)

U : (*Ngidungaken KPJ 436:1*)

KPJ 436. GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA

Do=C 4/4

- 1) Gusti nuntun lampah kula, saklangkung nggèn kula begja  
Celak miwah tebih ugi, kula tansah dipun kanthi

Reff. : Nggih Gusti kang ngantri kula,

astanya pyambak kang ngreksa

Mila kula manut Gusti, Juru wilujeng sejati.

[ts-den]

Selasa, 24 Dhésèmber 2019



## KAPULIHAKEN KANGGÉ MULIHAKEN

### LITURGI MALAM NATAL

*Ibadah malem Natal punika badhé kaisi déning **prahmèn** (pethikan lampahing cariyos) ingkang mbetahaken pacawisan ageman (**kostum**) sarta gladhèn rumiyin kanggé para Sadhèrèk ingkang kadhapuk nindakaken ayahan mrahmèn.*

*Katrangan:*

*PS : Pelados Sabda*

*PL : Pelados Liturgi*

*U : Umat/Warganing Pasamuwan*

*P/D : Pinisepuh/Dhiaken*

*L : Lèktor*

### PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken rambah kaping 7 minangka pratandha pacawisan ibadah kawiwitan.*
- *Para palados pangibadah ndedonga ing konsistori, umat ndedonga sacara pribadi ing papan lenggahipun piyambak-piyambak.*
- *Katrangan lampahing pangibadah déning ingkang kaparingan jejibahan punika.*
- *Umat kasuwun lumebet ing wekdal ening.*
- *Loncèng kaungelaken rambah kaping 3.*
- *Panyumeting **lilin malem Natal**.*

### TIMBALAN NGEMPAL

PL : Sowan ngabekti, nyawiji tunggal ati ngabdi dhumateng Sang Murbèng Dumadi.

Ananging jagatipun peteng ndhedhet karana sakathahing kasangsaran, peprangan, sesakit, memengsahan, panggarap lan pengerukaning jagat raya, patrap mbédak- mbédakaken ngantos damel blawuring pangajeng-ajeng, sarta ngrisak katentreming manah.

Para putra ingkang tansah setya, sami ngajeng-ajeng dipun pulihaken saking ruwet-rentengipun pepetenging jagat. Punapa taksih badhé wonten tumindak mulihaken kanggé jagat punika? Pitadosa, sarta pirsanana kados-pundi pakaryaning Allah anggénipun mulihaken gesang sampun dipun tetepi. Kados ingkang dipun wartosaken déning Nabi Yésaya wonten ing Kitab **Yésaya 9: 1-3** makaten:

“Bangsa kang lumaku ing pepeteng wus sumurup pepadhang gedhé; wong kang padha manggon ing nagara kang peteng ndhedhet wus padha kaplethékan pepadhang.

Paduka sampun nuwuhamen surak mawurahan, saha kabingahan ingkang ageng. Tiyang-tiyang sami abingah-bingah wonten ing ngarsa Paduka, kadosdéné bingahipun tiyang ing mangsa panèn, kadosdéné surak-surakipun tiyang nalika mbagé rayahan.

Awit pasangan ingkang mlinder saha rembatan ingkang wonten ing pundhakipun sarta penthungipun tiyang ingkang nindhes sampun Paduka tugel kados nalika kawonipun Midian.

--- *Kanthi kairingen lelagon (instrumentalia) saking KPJ 221,  
prahmèn 1 tumunten kawiwitam ---*

### **PRAHMÈN 1: Nyrantos rawuhipun Mésias**

*(Prahmèn 1 punika saged dipun ayahi déning warga diwasa  
dalih warga adi yuswa)*

*--- Jejeripun tiyang-tiyang ingkang saweg sami mlampah sliringan, dumadakan dipunkagètaken déning pirembaganipun sawetawis tiyang ingkang mentas medal saking papan pangibadahipun tiyang Yahudi. Pirembagan punika ngener dhateng prajurit kalih kaliyan juru gedhong papan pangibada gungungipun ugi kalih -----*

- |                |   |
|----------------|---|
| Prajurit 1     | : Pajek papan pangibada kudu énggal diklumpukaké pak sepuh...   |
| Prajurit 2     | : Énggal mbayar, aku wus kentèkan kasabaran .....!!   |
| Juru-gedhong 1 | : Sabar, sabar sadulurku, iki papan pangibada, dudu papan kanggo dodolan kang golèk bathi. Akèh prakara kang kudu diurus, kabèh mau mbutuhaké ragat uga. Coba gatèkna, kabutuhan kanggo ngurus dalem pangibada iki uga pak. |
| Prajurit 1     | : Aku ora preduli, iki dudu papan kanggo ngibada. Kanggoku, papan iki ora liya ya mung enering pajek.   |
| Prajurit 2     | : Cepet ta, apa Gusti Allahmu kurang sugih... Énggal nyuwuna... Coba ndedongaa kang luwih ngganter... supaya kowé bisa mbayar pajek...  |
| Juru-gedhong 2 | : Ya, ya, ya... arep dak udi... luwih becik kita rampungi anggon kita rembugan iki pak, akèh umat kang nyawang sesawangan kang ora kepénak iki... nyuwun pamit...   |

*--- Prajurit ngawasaken sakiwa-tengenipun, sarta ngener dhateng kempalanipun sawetawis tiyang ingkang mirsani lelampahan punika. Manawi wonten wekdal, saged dipun adani pirembagan dadakan kaliyan tiyang-tiyang ingkang saweg sami ngempal ing ngriku ---*

- |            |   |
|------------|---|
| Prajurit 1 | : Mangga, aku arep lunga saka kéné, nanging élinga ya kanggo sawetara wektu... éling-élingen kuwajibanmu utawa aku bakal bali |
|------------|---|

manèh nggawa bala kang luwih akèh, ora mung nggawa penthung... nanging uga ngawa pedhang!!!

Prajurit 2 : Héé... apa kang sira sawang? Bubar... bubar... ayo bubar....!!!

--- *Prajurit nilaraken panggénan ngiku* ---

Juru-gedhong 1 : Dhuh Allah, kawula umat kagungan Paduka, mboten wonten ajinipun babar pisan dipun sawang déning tiyang-tiyang ngamanca punika. Tanah prasetyan punika sampun dipun kuwaosi déning ingkang njajah, kanggénipun tiyang-tiyang ingkang njajah punika, pangibadah kawula namung dados enereng pajek...

Juru-gedhong 2 : Rempu manah kawula dhuh Allah, kawula ngajeng-ajeng sanget dhateng pakaryan Paduka ingkang mulihaken. Kadumugènana prasetya Paduka dhuh Allah, sarta mugi énggal rawuha Sang Mésias...

--- *Umat jumeneng* ---

U : (*Ngidungaken KPJ 221:1-4*)

KPJ 221.DUK BUMI KINEMULAN RATRI

Do=G 6/8

- 1) Duk bumi kinemulan ratri, pra pangèn nèng ara ara,  
kalawan setya tuhu sami anjagi panthaning mènda.  
Dyan amireng mlaékat muji, ngumandhang anèng akasa;  
pra pangèn sami dinawuhan nglari Putra Kaswargan.
- 2) Praptèng Bètléhèm, dyan kumlepyur tempuk cahya tigasami;  
sajuga king lintang ing luhur, kadwinya saking Sang Bayi  
Pyur ! Tempuk cahya kang katiga; cahyèng mripat kang asuka.  
Dyan pra pangèn tumungkul sami sujud manembah Gusti
- 3) Maria dahat bingah ing driya nampi gunging kanugrahan;  
klayan Yusuf anèng sisahnya, ngusap mring Bayi kaswargan.

Pra pangèn masrahken méndanya  
 mring pangreksaning mlaékat,  
 tan téga nilar Sang Pamarta, mila tansah sung hurmat.

- 4) Dhuh Sang Bayi saking ngaluhur,  
 rawuh nandhang papa nistha.  
 Gusti mugi nuntun kawula angambah margi Paduka.  
 Lah Paduka ngasta wisésa, anglungsur para pangwasa.  
 Nadyan agung tresnaning Gusti, donya datan nampèni.

### **VOTUM**

- PS : Ibadah Malem Natal punika kelampahanipun wonten ing kapitadosan kawula bilih Gusti Allah Sang Juruwilujeng badhé rawuh sarta Mulihaken sadaya yitah.
- U : *(Ngidungaken)* **Amin, Amin, Amin.**

### **SALAM**

- PS : Tentrem rahayu, Gusti Allah nunggila ing panjenengan (kita) sadaya.
- U : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

*--- Umat lenggah ---*

### **PAMBUKA**

- PL : Ing jagat ingkang kita lampahi punika wonten ing salebetting pepeteng. Nggebak, mitenah, ngungel-ungelaken tiyang sanès, dak siya, sarta kadurakan sanèsipun sampun dados pakulinanipun tiyang gesang samangké. Wonten ingkang rumaos langkung unggul saking tiyang sanès, sarta wonten ingkang kawontenanipun mboten dipun akeni. Wonten pasambat-panangis, panggresula, sarta keroting untu amargi saking panganiaya. Wonten pundi lenggahipun Gusti Allah? Punapa ingkang katindakaken déning Panjenenganipun ing kawontenan ingkang kados makaten?
- Panjenenganipun badhé rawuh, makarya, sarta mulihaken para titah sadaya. Punika kayakinan kita sarta panggegilut kita wonten ing pangibadah malem Natal punika, ing

salebeting jejer: “Kapulihaken kanggé Mulihaken”. Mugi Gusti nuntun kita mangertosi Rancangan sarta Pakarya-nipun ing jagat punika.

### **PRAHMÈN 2: Ara-ara Éfrata**

(*Prahmèn 2 saged dipun ayahi déning warga nèm-nèman dalam Para Laré*)

--- *Kawontenan wanci dalu ingkang kekes, para pangèn sesarengan kaliyan ménda-méndanipun sami bedhiyang. Para pangèn punika: Nathan (pangèn 1), Amos (pangèn 2), lan Yunus (pangèn 3). ---*

- Pangèn 1 : Kanca-kanca, wengi iki adhem banget ya? Brrrrrrrrr .....  
 Pangèn 2 : Nathan, nyedhaka mréné, ngumpul karo aku lan Yunus, cedhak karo papan bedhiyang.  
 Pangèn 3 : Karebèn anget awak kita kanca .....

--- *Bedhiyang (prapèn ingkang wonten uruping latu) dipun kupengi tiyang tiga, kaaturan nggatosaken papanipun dipun suwungaken ---*

- Pangèn 1 : Kowé padha krungu kabar apa ing wektu iki?! Ana pajek anyar kang dibubuhaké marang kita déning pamarintah Romawi.  
 Pangèn 2 : Durung nganti rampung mbayar tanggungan kang siji, wus katekan manèh tagihan anyar kang kudu dibayar.....  
 Pangèn 3 : Ah, uwis ta, pracaya waé marang Gusti Allah, kita bakal disebadani ngliwati karibedaning urip iki kanthi becik.  
 Pangèn 1 : Angger diparingi séhat, angger wus kaparingan tambah umur, iku wus cukup.  
 Pangèn 2 : Karomanèh ndedonga supaya ménda-ménda nakal iki aja nganti mlayu utawa dipuntubruk déning kéwan galak (*ngrangkul ménda ingkang dipun*

*ayahi déning putra sekolah minggu kanthi ageman  
ménda)*

Pangèn 1 : Ya, ya, ya, supaya bendara kita ora ngurangi opah  
kita ya, ha ha ha .....

Pangèn 3 : kabèh iku bakal kita darbèni manawa kita pracaya.

*Solis (tukang ngidung piyambakan) ngidungaken KPJ 123  
“Kula Pitados ing Gusti” Para Sadhèrèk ingkang kadhapuk  
minangka pangèn lan minangka ménda, tumut ngidungaken  
KPJ 123 sesarengan kaliyan umat ---*

Pangèn 1 : Ah, wis ndedonga, wis memuji, payo padha turu  
kanca-kanca .....

Pangèn 2 : Gusti mugi rawuh .....

Pangèn 3 : Maranatha, Amin.

*--- Para Pangèn tilem, cahyaning lampu dipun suda suranipun  
kadamel redhup ---*

## PANGAKEN DOSA

PL : Kawontenanipun gesang kebak panandhang, pramila  
mbetahaken dipun pulihaken. Ananging asring kita sayah  
nengga tuwin kécalan kapitadosan dhumateng pakarya-  
nipun Gusti Allah ingkang andamel pulihing gesang. Gusti  
Allah karsa supados kita lestantun panggah lan pitados.  
Mila, sumangga ing salebetung pangaken dosa punika kita  
ngakeni bilih kita asring kécalan pitados kita dhumateng  
Gusti Allah, asring kita ajrih sarta rumaos dipun tilar  
déning Gusti Allah. Kula aturi émut, sayektosipun Gusti  
Allah mboten naté nilar kita... (*nuntun dedonga ngakeni  
dosa*)... Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula  
ndedonga. Amin.

U : (*Ngidungaken KPJ 45:1-4*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.  
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.  
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

### **PRAHMÈN 3: Wiyosanipun Gusti Yésus**

*(Prahmèn 3 saged dipun ayahi déning Warga Nèm-nèman dalah Warga Diwasa)*

--- Jejer punika nggamaraken kawontenanipun tiyang  
ingkang kadhesek wekdal saha wewengan pados papan kanggé  
ngéyub saha nglairaken, sarta raos sumèlèh nalika wiwit  
karaosaken tuwuhing pangajeng-ajeng dhateng pakaryanipun  
Allah ingkang mulihaken ---

- |       |  |
|-------|--|
| Maria | : (Ketawis menggèh-menggèh nyegah sakiting<br>padharan tuwin bangkèkanipun, sinambi katuntun<br>déning Yusuf) Adhuuuuh... Yusuf... Tulunganaku...<br>Aku kepéngin ngaso sadhélá... |
| Yusuf | : Maria, pinaraka kéné... Dhuh Gusti... Punika mbok<br>bilih sampun dumugi wekdalipun... sekedhap malih<br>Maria... alon-alon ampeten dhisik Maria...                              |
| Maria | : Yusuf, golèka papan kanggo kita... aku arep nunggu<br>ing kéné... kaya-kaya aku wus arep nglairaké, rada<br>cepet ya...  |
| Yusuf | : Ya, aku mbudi daya sabisaku...   |
| Maria | : Gusti mugi nunggil sliramu.  |
| Yusuf | : Sliramu uga, sing sabar Maria.   |
| Yusuf | : Yafèt, sadulurku... Tentrem rahayu anaa ing kowé...<br>Sadulurku, aku prelu nunut manggon ing omahmu.<br>Aku lagi karo sisihanku, lan dhèwéké lagi ngandhut...                   |
| Yafèt | : (Ingkang kagungan papan pasipengan 1, Yafèt bin<br>Éhud) Yusuf sadulurku... Nyuwun pangapura,<br>omahku wus ora amot... kabèh sadulur-sadulur kita                               |

- uga padha rawuh saka papan kang adoh kanggé ndfataraké pendhudhuk... ing kéné uga ana priyayi 3 kang wus adiyuswa sarta ana bayi siji. Aku ora bisa nulungi sliramu...
- Yusuf : Oooh, iya Yafèt, matur nuwun menawa mangkono, aku pamit pisan... arep nerusaké laku nggolèki sadulur kita liyané... Tentrem rahayu kanggo brayatmu...
- Yafèt : Yusuf, coba golèkana Rubèn putrané Yubal. Menawa ora klèru, dhèwèké isih sadulur karo kang garwa?
- Yusuf : Oh..., prayoga, dak usahakaké. Matur nuwun...
- Yafèt : Tentrem-rahayu uga nunggila ing sliramu lan Maria...
- Yusuf : Rubèn... Salam karahayon. Apa sliramu bisa nulungi aku? Maria bareng karo aku,... Maria lagi ngandhut, sarta wis mèh tekan lèké jabang bayi...
- Rubèn : (*Ingkang kagungan papan pasipengan 2, Rubèn bin Yubal*) Salam karahayon uga kagem sliramu Yusuf. Omahku uga ramé... kebak... Mung waé... (*Nolèh mlebu menyang omahé sinambi mbengok*) Rahèl... Rahèl... Rahèl... (*Nolèh manèh marang Yusuf*) tak undangé bojoku dhisik...
- Rahèl : (*Sémahipun Rubèn*) Ana apa Rubèn? (*Metu saka njero ngomah*). Hé hé hé Yusuf... kepriyé kabaré Maria?
- Yusuf : Salam Rahèl... nah iku... Aku butuh papan kanggo nginep... apa aku karo Maria bisa nunut manggon, Maria wis tekan wanciné arep nglairaké.
- Rahèl : Yusuf, énggal Maria gawanen mréné!
- Rubèn : Rahèl, Maria karo Yusuf arep mbok papanaké ana ngendi?
- Rahèl : Rak ana tilas kandhang ingon-ingon sing mentas panjenengan resiki... sing arep kita gawé dadi kamar kanggo anak-anak mengkoné. mBokmenawa ana kana bisa, sanadyan prasaja banget...
- Rubèn : Oh, ya... ya... prayoga Yusuf, Maria énggal-énggal gawanen mréné...

Yusuf : Tansah binerkahana panjenengan sekaliyan, Rubèn lan Rahèl. Aku karo Maria énggal-énggal mréné...

--- *Maria dipun tuntun Yusuf nuju dhateng griyanipun Rubèn sarta Rahèl (Pasipengan 2). Salajengipun Yusuf lan Maria mlebet dhateng griyanipun Rubèn, kairinan déning tangisipun pun Jabang Bayi. Sasampunipun punika Sang Jabang Bayi kabekta mlebet kaèlèhaken ing papan pamakanan.* ---

Yusuf : Maria, Gusti Allah iku kang nylametaké kita...

Maria : Ya... Iku mau Asmané... Yéshua, tegesé Gusti Allah iku Sang Juruslamet... Gusti Allah kang ana tengah-tengahé umat Kagungané... Imanuél.

Yusuf : Matur nuwun Gusti, Paduka sampun mitulungi kawula sadaya. Anak punika badhé kawula rimat kanthi sadaya kasaged an kawula, nyuwun kepareng Paduka nyembadani gesang kawula...

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PL : Pawartos sih-rahmat kanggé jagat amargi wiyosanipun Gusti Yésus. Panjenenganipun Sang Juruwilujeng sejati, kados ingkang kawartosaken déning Kitab Nabi Yésaya 9:5,

“5 Amarga ana Bayi kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan ana ing pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman.”

Makaten pawartos sih-rahmat kanggé kita.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Kairinan lelagon (instrumentalia) saking KPJ 218, wakiling umat, P/D, PS **nyumet lilin Natal**. Sasampunipun lilin Natal kasumet, sunaring lilin dipun dum dhateng umat sawetahipun* ---

U : *(Ngidungaken KPJ 218:1-3)*

## KPJ 218. DALU SUCI

Do=A 6/4

- 1) Dalu suci tidhem sami, Njeng Gusti Pamarta  
tedhak manjalma krana kita  
miyos wonten kandhang Bètléhèm  
Gusti ning dumadi, Gustining dumadi.
- 2) Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,  
nilar kamulyané ing swarga,  
sumèlèh ing rumput kang nistha;  
nladhani mring kita, nladhani mring kita
- 3) Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,  
katentremané jagad-raya,  
kados prasetyané Kang Rama.  
Mila linuhurna, mila linuhurna.

--- *Umat lenggah* ---

**PALADOSAN PANGANDIKA****Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

**Pamaosing Kitab Suci****Waosoan Kapisan**

L : (*maos waosoan kapisan saking Yésaya 9:1-6*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

**Masmur Tanggapan**

L : (*maos masmur tanggapan saking Jabur Masmur 96, saged kawaos gentosan kaliyan umat*).

**Waosoan Kaping Kalih**

L : (*maos waosoan kaping kalih saking Titus 2:11-14*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosan Injil

PS : (*maos waosan Injil saking Injil Lukas 2:1-20*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu punika tiyang ingkang mirengaken sarta ngèstokaken Sabdanipun Gusti. Maranatha!

U : (*Ngidungaken Maranatha manut lagu KPJ 473*)  
**Maranatha.**

### **Refèksi Malem Natal**

#### **Wekdal Ening**

--- *Umat jumeneng* ---

#### **PANGAKEN PITADOS RASULI**

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli** sesarengan .....

--- *Umat lenggah* ---

#### **PRAHMÈN 4: Malaékat ing Ara-ara**

(*Prahmèn 4 saged dipun ayahi déning Para Laré sarta Warga Nèm-nèman*)

--- *Ing salebetipun cahya kadamel surem, para pangèn kaliyan ménda ngèn-ngènanipun mapan ing panggung. Dumadakan cahya sumunar padhang byar ..... para pangèn lan ménda-méndanipun sami kagèt.* ---

Malaékat 1 : Aja padha wedi, ..... lah kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal kaparingaké tumrah sabangsa kabèh.

Malaékat 2 : Ing dina iki wus miyos Juruslametmu, yaiku Kristus, kang jumeneng Gusti, ana ing kuthané Daud.

Malaékat 3 : Déné kang minangka tengerané marang kowé, mangkéné: Kowé bakal mrangguli bayi kagedhong sumèlèh ing pamakanan.

--- *Balatantra swarga medal, kiranglangkung gunggungipun laré 10 – 12, gabungan saking para laré kaliyan nèm-nèman* ---

Balatantra swarga : (*Ngandika sesarengan*) "Kamulyan kagem Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu ana ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé."

--- *Patrapipun balatantra swarga anggènipun manggihi para pangèn saged katindakaken kanthi ngidungaken KPJ 215 kalayan jejogétan. Tuladhanipun jejogétan, saged dipun pirsani ing: [https://www.youtube.com/watch?v=Z9YhRH\\_46RQ](https://www.youtube.com/watch?v=Z9YhRH_46RQ) utawi <https://www.youtube.com/watch?v=Tdcx-cwetOY>* ---

--- *Sasampunipun balatantra swarga ngidungaken KPJ 215, balatantra kaliyan malaékat mengkeraken para pangèn, medal saking panggung* ---

Pangèn 1 : Yunus, Amos, apa kowé pracaya marang apa kang mentas kita deleng?

Pangèn 2 : Saiba ngédab-édapi lelakon iki, ora mung kahanané balatantra swarga waé, ananging uga pawarta kawilujengan iku uga .....

Pangèn 3 : Payo kanca-kanca ..... kita menyang Bètléhèm , kuthané Sang Prabu Daud, ndeleng Sang Jabang Bayi kang kaprasetyakaké .....

## **PANDONGA SAFAAT**

PS : (*Nuntun pandonga safaat ingkang kapunjeraken ing kawontenaning jagat ingkang mbetahaken dipun-pulihaken déning Allah, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

## **PISUNGSUNG ING PAPAN PAMAKANAN**

P/D : Sumangga kita ngucap sokur kanthi ngaturaken pisungsung ing papan pamakanan prasaja. Kita kaémutaken

déning pangandikanipun Gusti Allah ing Matius 2:11 makaten,

“11 Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maria kang ibu, nuli padha sujud nyembah marang Panjenengané. Tumuli padha mbukaki pethiné raja-brana, Padha nyaosaké pisungsung marang Panjenengané arupa mas, menyan lan blendok mur.”

- U : (*Ngaturaken pisungsung kanthi maju dhateng altar, nyemplungaken pisungsung ing pethi ingkang kawanganun kadosséné papan pamakanan kewan. Inambi ngaturaken pisungsung, umat sami ngidungaken KPJ 233:1-4*)

### KPJ 233. KANCA AGIYAKA

Do=G 4/4

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthléhèm  
karawuhan Rohing Pangéran.  
Sang Bayi miyos pinaringken kita.  
*Refr.* : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun  
sumèlèh anèng pamakanan.  
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.  
*Refr.* : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 3) Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,  
rawuhé mbabar sih-kawelasan  
marang manungsa kang samnya pracaya.  
*Refr.* : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 4) Panebus sejati kang rawuh ing bumi  
mrih manungsa sinung basuki.  
Nulya sowana sarwi sumuyuda.  
*Refr.* : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga pisungsung*)

--- *Umat lenggah* ---

### **PRAHMÈN 5: Ngempal ing Bètléhèm**

(*Prahmèn 5 saged dipun ayahi campuran saking Para Laré, Nèm-nèman, Diwasa, sarta Adi Yuswa*)

--- *Para pangèn ing Éfrata mbudidaya sowan lan saos sokur. Para pangèn samekta kaagem martosaken prakawis punika wonten ing gesangipun: Pawarta ingkang mulihaken gesangipun tiyang kathah.* ---

- Pangèn 1 : Kanca-kanca, apa sing arep kita gawa, sarta kita aturaké ana ing ngarsané Sang Jabang Bayi?
- Pangèn 2 : Wah, apa ya, kita ora duwé barang-barang sing aji temenan.
- Pangèn 3 : Wis ta, payo kita padha budhal waé, sak ana-ané waé...

--- *Para pangèn ndhatengi satunggaling griya* ---

- Pangèn 1 : Kula nuwun, kula rombonganipun para pangèn. Wonten pawarta ingkang mboten kados padatan ingkang kawula tampi...
- Pangèn 2 : Kasinggihan, malaékat ing tengah dalu maringi pawarta dhateng kawula, bilih sampun miyos Sang Jabang Bayi ingkang badhé mulihaken lan milujengaken umatipun Allah.
- Pasipengan 2 : Mangga-mangga, kula aturi pinarak, wonten Sadhèrèk kula ingkang sémahipun nglairaken Jabang Bayi, ananging mapanipun... Éééh (*radi mangu-mangu anggènipun matur*)... ing tilas kandhang.
- Pangèn 1 : Wooooo, punika babar-pindhah mboten pinang-gih ing angen-angen kawula!

- Pangèn 2 : Kula kinten.... kula èstu-èstu mboten pantes pepanggihan kaliyan pun Jabang Bayi ingkang Ngédab-édabi punika, jebul Panjenenganipun miyos ing kandhang sarta kasèlèhaken ing papan pamakanan kéwan.
- Pangèn 3 : Sayektosipun Gusti Allah karsa rawuh mulihaken gesang, malah ugi kanggé gesangipun tiyang papa kados kita para pangèning ménda...

*--- Ingkang kagungan papan pasipengan ngaturi para pangèn dhateng kandhang ---*

- Pasipengan 2 : Punika priyantunipun, ananging nyuwun pangapunten, kados ingkang sampun kula aturaken, punika kandhang ménda ingkang badhé kadamel kamar ananging dèrèng dados...
- Yusuf : Mangga, pinarak...

*--- Maria lan Yusuf methukaken dumuginipun para pangèn sarta nedahaken bayi suci ---*

- Pangèn 1 : Élok saèstu... Sang Putra punika sakeplasan paring pangajeng-ajeng tumrap pulihipun Israél lan jagat raya.
- Pangèn 2 : Gusti mugi mberkahi panjenengan... brayat suci saking Gusti Allah.
- Pangèn 3 : Kawula saos sokur, kawula kepareng nyipati prakawis ingkang ngédab-édabi.
- Pangèn 1 : Kawula purun dipun agem déning Gusti, dados seksi... nyeksèni katresnanipun Gusti Allah ingkang ngudanèni pandonga kawula sarta maringi wangsulan ingkang mulihaken gesang kawula. Amin.

*--- Sadaya ingkang kadhapuk nindakaken ayahan mrahmèn (sadaya pemain fragmèn) ngempal, ngaturaken salam sarta tuwi dhateng Bayi Yésus, Maria, lan Yusuf. Prahmèn saged katutup sesareangan kanthi ngidungaken KPJ 230. Minangka*

*tuladha pepujèn sarta jejogédan saged dipun pirsani ing:*  
<https://www.youtube.com/watch?v=2e9A6y40J2s> utawi  
[https://www.youtube.com/watch?v=nXcP5\\_eY8RM](https://www.youtube.com/watch?v=nXcP5_eY8RM) ---

--- *Umat jumeneng* ---

U : (*Ngidungaken KPJ 215:1-2*)  
**KPJ 215. ANÈNG SALUMAHING BUMI**

Do=F 4/4

- 1) Anèng salumahing bumi srungumandhang pamuji.  
 Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,  
*Refr.* : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !
- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,  
 kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena  
*Refr.* : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !
- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,  
 panggunggung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,  
*Refr.* : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !
- 4) Payo kita samnya muji sareng lan bala swargi  
 srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,  
*Refr.* : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

## PANGUTUSAN

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa seksinipun Gusti Allah ingkang mulihaken.
- U : **Kawula sampun kapulihaken, pramila kawula badhé késah sarta ngundhangaken pawartaning tumindak mulihaken dhateng jagat.**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita.
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

## BERKAH

PS : Mengkera kanthi tentrem-rahayu, sarta tampènana berkahipun Gusti:

“Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus saha Sihipun Allah Rama sarta patunggilanipun Roh Suci, nunggila ing para Sadhèrèk (kita) ing salami-laminipun. „Amin.

U : (*Ngidungaken KPJ 427:1, 2*)  
KPJ 427. BEGJA SEJATI

Do=d 6/8

- 1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,  
yé ku gesang kang pangaji.

Dadya lantaran mrih karukunan,  
katentreman kelampahan

*Refr.* : Mung Sang Kristus ye'ku Gusti,  
Panebus kula sejati  
Gesang kawula, kagem asmany  
nggih martosken sih rahmatnya

- 2) Begja sanyata, gesang ne'ng donya,  
lelados mring Sang Pamarta.

Dipun be'lani, sabar ing kardi,  
temah kalis ing belahi.

*Refr.* : Mung Sang Kristus ye'ku Gusti,  
Panebus kula sejati  
Gesang kawula, kagem asmany  
nggih martosken sih rahmatnya

[ypp-den]

Rebo, 25 Dhésèmber 2019



## LITURGI NATAL

# KARAWUHAN INGKANG MULIHAKEN

*Katrangan:*

*PS : Pelados Sabda*

*PL : Pelados Liturgi*

*U : Umat/Warganing Pasamuwan*

*P/D : Pinisepuh/Dhiaken*

*L : Lèktor*

## PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken minangka pratandha pacawisan pala-dosan ibadah kawiwitan.*
- *Para palados pangibadah ndedonga ing konsistori, umat sami ndedonga sacara pribadi.*
- *Loncèng kaungelaken minangka pratandha pangibadah kawiwitan.*
- *Pradataning pasamuwan maos Pawarta Pasamuwan.*
- *Panyumeting **lilin Natal**.*

## TIMBALAN NGIBADAH

**PL :** Ing wektu kapungkur, ing nagara kang adoh,  
pra manungsa padha duwé sumpenan  
bakal tekané jaman kamulyan ing sawijining dina.  
Kabungahan bakal ana.  
Ananging kang pinanggya jebul mung urip kang saya  
sangsara  
lan pangarep-areping urip malah sirna.  
Mungsuh-mungsuh kang ana wus ngasoraké bangsanya,

para punggawaning praja tumindak daksiya.  
 Kaadilan kaya-kaya turu kepatos.  
 Wong-wong mau wiwit nduwèni pangrasa:  
 Menawa waé wektu iku bisa bali marang wiwitannya  
 ing jamané sang Prabu Daud mengku panguwaos kang  
 santosa,  
 kang kinebakan ing sawernaning kaunggulan  
 sarta nggawa marang kalubérانing sandhang pangan.  
 Saupama Gusti Allah kang nitahaké swarga lan jagat raya  
 karsa maringi sawijining Raja kang luwih prakosa  
 ngungkuli Sang Prabu Daud kang naté ana,  
 kang anggoné nindakaké pepréntahan kanthi kabeneran  
 lan kaadilan,  
 kang bisa mungkasi peprangan,  
 kang karatoné ora bakal ana pungkasannya.

Para sadulurku, pangrasa kang mangkono iku dadya nyata.  
 Saindenging jagat bakal mangreti manawa Gusti Allah iku  
 ngersakaké manungsa iku mardika lan urip sarwa  
 kacukupan,  
 urip ing sajroning katresnan, kabeneran,  
 kaadilan lan kamurahaning pangrasa.  
 Natal ..... dadya wiwitaning jaman kamulyan kang  
 énggal prapta.  
 Payo kita padha ngumpul lan mapag karawuhanné Sang  
 Natal!

U : (*Ngidungaken KPJ 247:1-4*)  
 KPJ 247. SUGENG RAWUH , GUSTI

Do=G 2/2

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga  
 kang tumedhak nèng donya krana kula,  
 "Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,  
 rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"  
 Salam, salam!

- 2) Gusti ingkang dadya tuking sih-rahmat;  
adreng panyuwun kula klayan urmat.  
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,  
kang sampun dadya srana miyos Paduka.  
Salam, salam!
  
- 3) Pra pangèn gumrégah, cahya nelahi,  
nulya nampi pawartos saking swargi;  
“Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan  
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan.”  
Salam, salam!
  
- 4) Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthing  
nedya angaturken pangabekti;  
mas lan blendok mur sinaosaken mring Gusti  
kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.  
Salam, salam!

### **VOTUM**

- PS : Pitulungan kita punika ing salebetung Asmanipun Allah  
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- U : (*Ngidungaken Amin, Amin, Amin*) **Amin, Amin, Amin.**

### **SALAM**

- PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan sami.  
U : **Lan nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *Umat lenggah* ---

### **PAMBUKA**

- PL : Gusti Yésus miyos ing Bètléhèm ngrika,  
nalika sawijining raja kang aran Hérodès mengku  
pangwasa.  
Ing wektu iku, ana wong-wong kang ngumbara saka tanah  
Wétan kang tumeka  
ing sajroning nglari, wong-wong mau mundhut pirsa  
“Ing ngendi dunungnya sang bayi kang nembé miyos ing  
donya,

kang bakal madeg dadya Rajanipun tyang Yahudi punika?  
Kawula mangertos lintang-Ipun sumunar.”

Hérodès midhanget atur kang mangkono  
dadi melang-melang lan muntab dukanya.  
Panjenengané nimbali kabèh wong kang sugih kabisan  
ing krajan kang dèn wengku,  
supaya ndhudhahi saka kitabing para leluhur kang ana  
kang bisa nerangaké anané sawijining Raja  
kang bakal kaparingaké déning Allah,  
ing ngendi dunungé Sang Raja anggoné bakal miyos ing  
donya.

Hérodès nyuwun pirsa marang para kang ngumbara,  
kepéngin mangerti kapan wektuné lintang iku mecungul  
nyunaraké cahya.

Hérodès tumuli ndhawuhu para kang ngumbara mau lunga  
ngetutaké lakuné lintang kang sumunar  
sarta mènèhi ngreti ing ngendi dunungé jabang bayi iku  
miyos ing donya.

Miyosé Gusti Yésus ing donya iki nekakaké pangarep-arep  
anyar.

Pangarep-arep supaya kaadilan kajejegaké tansah,  
Katresnan tetéla nyata lan ana,  
Kalomaning pangrasa kababar nyata,  
Kawilujengan kaparingna marang manungsa.  
Wiyosané Sang Yésus dadya pratandha  
ing ngendi Kratoning Allah kajejegna  
sarta Kraton Swarga dadya nyata.

Ya Sang Yésus iku Raja Gung kang sanyata.

U : (*Ngidungaken KPJ 2i6:1-3*)

KPJ 216.BÈTLÉHÈM ING ÉFRATA

Do=F 6/8

- 1) Bètléhèm ing Éfrata, sanyata prasaja,  
kang cilik ing Yéhuda nging pinilih Gusti.  
Ya anèng kandhang kewannya, miyos ing Sang Pamarta.  
Allah sung waluya, tan mawang manungsa.

- 2) Pra pangon wong kang ringkikh, asor, melas-asih,  
winartanan mlaékat marganing sih-rahmat;  
dé kang sinungan waluya, mung kang nlangsani dosa.  
Allah Mahaasih mbélani wong ringkikh.
  
- 3) Pra pujangga king wétan asung pakurmatan,  
wit tinuntun lintangé, Gustining pra Gusti.  
Mula pra pujangga kang sowan mring Gusti.  
nulad pra pujangga kang sowan mring Gusti

### **PANDONGA PANGAKEN DOSA**

PS : (*Nuntun pandonga pangaken dosa*)

U : (*Ngidungaken KPJ 61:1-3*)

KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.  
Kadhwuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,  
nung tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci
  
- 2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.  
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,  
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
  
- 3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.  
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,  
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PL : Sih-rahmating tumindak mulihaken punika kelampahan  
awit saking katesnanipun Sang Jabang Bayi Natal, Gusti  
Yésus Kristus.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PL : Ing salebeting karingkhanipun minangka Sang Jabang  
Bayi, panguwosipun nyata kados ingkang ingkang  
kaandharaken wonten Pangandikanipun Gusti makaten,

"8 Nanging tumrap Kang Putra, "Dhuh, Allah, dhampar Paduka punika langgeng salaminipun, lantaran kaprabon Paduka punika lantaraning kayektosan." (Ibrani 1:8)

- U : **Pinujia Sang Kristus Gusti**  
 PL : Gesanga ing salebeting tentem-rahayuning tumindak mulihaken.  
 U : **Kawula nggesangi katentreman.**

--- *Umat sami jawat asta sinambi ngucap: "Katentremaning Natal mulihaken gesang kita". Ing salebetipun umat sami jawat asta, **solis** (tukang ngidung piyambakan) ngidungaken KPJ 232:1 KAMULYAKNA ---*

- U : (*Ngidungaken KPJ 230:1-4 kanthi jumeneng*)  
 KPJ 230. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=C 2/4

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.  
 Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,  
 sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya
- 2) Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad  
 Sang Pamarta wus manjalma ngrebat sagung dosa:  
 ngrebat sagung dosa, ngrebat , ngrebat sagung dosa.
- 3) Karaharjan kang snyata pinaringken jalma.  
 Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,  
 tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
- 4) Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.  
 Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,  
 begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

--- *Umat lenggah ---*

## **PALADOSAN SABDA**

### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panganthinipun Sang Roh Suci*)

### **Pamaosing KItab Suci**

#### Waosoan Kapisan

L : (*maos waosoan kapisan saking Yésaya 52:7-10*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L : (*maos Masmur Tanggapan saking Jabur Masmur 98, sagek kawaos gentosan kaliyan umat*)

#### Waosoan Kaping Kalih

L : (*maos waosoan kaping kalih saking Ibrani 1:1-12*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Waosoan Injil

PS : (*maos waosoan Injil saking Injil Yohanes 1:1-14*)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu  
inggih punika tiyang ingkang mirengaken saha  
ngéstokaken Pangandikanipun Gusti Allah. Haléuya!

U : (*Ngidungaken KPJ 468 HALÉUYA*) **Haléuya** (3X)

### **Khotbah**

### **Wekdal Ening**

--- *Umat jumeneng* ---

### **PANGAKEN PITADOS RASULI**

P/D : Pasamuwanipun Gusti Yésus, sumangga kita ngikraraken  
pangakening pitados kita sesarengan kaliyan Sadhèrèk-  
Sadhèrèk kita ingkang kangen dipun-pulihaken gesang-  
ipun kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ...

--- *Umat lenggah* ---

### PANDONGA SAFAAT

PS : (Nuntun pandonga safaat sesambetan kaliyan pangajeng-ajeng maujuding pulihipun gesang, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)

### PISUNGSUNG

P/D: "jalaran mripat kawula sampun sumerep kawilujengan ingkang mijil saking Paduka, ingkang sampun Paduka cawisaken wonten ing sangajenging bangsa sadaya, inggih punika pepadhang ingkang medharaken karsa Paduka tumrap bangsa-bangsa sanès saha ingkang dados kamulyaning umat Paduka, Israèl."  
(Lukas 2:30-32)

U: "**Pepadhang iku sumunar sajroning pepeteng, sarta ora kalindhih déning pepeteng.**" (Yohanes 1:5)

P/D+U: **Dhuh Gusti, Paduka mugi karsa ndadosaken kawula minangka pepadhang Paduka, lumantar sadaya kasaénan ingkang saged kawula tindakaken.**

U: (*Ngaturaken pisungsung sinambi ngidungaken KPJ 214:1-3*)

KPJ 214. ANÈNG PAMAKANAN

Do=E 3/4

- 1) Anèng pamakanan, iku dunungnya;  
ginedhong ing kain, sèstu prasaja.  
Lelintang ing langit padhang nelahi,  
dé Yésus Gustiku saré kepati
- 2) Raja-kaya nywara, kang néndra wungu,  
nadyan piniyarsa nging tan ngreridhu  
Samangkya atiku ssttu rahayu,  
wit Gusti, mitraku nentremken kalbu.
- 3) Dhuh Yésus, Sang Putra, mugi Paduka  
lestantun ing kula kanthi sih- tresna.  
Pra umat samnya binerkahana,

tinuntun nggènira lumebèng swarga.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

U : (*Ngidungaken KPJ 220:1-3*)

KPJ 220. DINTEN NATAL DINTEN ADI

Do=G 3/4

- 1) Dinten Natal dinten adi, dinten kabingahan yekti.  
Nglipur tiyang nandhang sisah, ngiyataken tiyang semplah.  
Ingkang kesaput pepeteng tinuntun mring padhang langgeng.
- 2) Dinten Natal dinten mulya, dinten kang mbingahaken driya,  
ngèngeti tiyang siniya, nulungi tiyang kang papa,  
ngrukunken kang sami dredah, ngraosken berkahing Allah.
- 3) Dinten Natal dinten suci, wiyos Sang Kristus Gusti.  
Sumangga sumyak memuji, sung panggunggung pangabekti,  
wah ngundhangken sih-rahmatnya, sarana tumindak nyata.

### **PANGUTUSAN LAN BERKAH**

PS : Para Sadhèrèk, Gusti kita Yésus Kristus sampun ngrawuhi gesang kita.  
Gusti Yésus sampun dados Kabar Kabingahan kanggé jagat punika.  
Gusti Yésus mulihaken jagat kanthi Karawuhanipun.  
Gusti Yésus ugi ngersakaken supados panjenengan leng-gah, tumut makarya mulihaken sesami kita.  
Lenggaha ing satengahing kjagat punika.  
Télakna kawilujengan peparingipun Gusti  
Lumantar tumindak panjenengan padintenan.

Tampènana berkahipun Gusti Allah:

“Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U : (*Ngidungaken*) **Haléluya** (5x) **Amin** (3x)

[dvm-den]

Minggu, 29 Dhésèmber 2019



LITURGI MINGGU  
SASAMPUNIPUN NATAL

## DADOS TIYANG INGKANG KAJIBAH MULIHAKEN

*Katrangan:*

<i>PS</i>	: Pelados Sabda
<i>PL</i>	: Pelados Liturgi
<i>U</i>	: Umat/Warganing Pasamuwan
<i>P/D</i>	: Pinisepuh/Dhiaken
<i>L</i>	: Lèktor

### PACAWISAN

- *Umat lenggah, tumunten lumebet ing wekdal ening.*
- *Panyumeting lilin pangibadah.*
- *Pamaosing Pawarta Pasamuwan.*
- *Loncèng kaungelaken.*

### NGEMPAL

**PL** : Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, dinten punika kita lumebet ing Minggu Kapisan sasampunipun Natal. Kita saos sokur bilih Sang Kristus ingkang Rawuhipun kita pahargya karsa dedalem ing antawis kita sarta dados tiyang ingkang karsa mulihaken gesang. Murwakani pangibadah Minggu punika, sumangga kita ndedonga nyuwun panganthinipun Gusti.  
(*PL nuntun pandonga*).

“Dhuh Gusti Yésus, Paduka sampun nyunaraken dhateng kawula, pepadhang anyar saking Pangandika Paduka ingkang manjing dados manungsa. Kaparingnya

pepadhang Paduka punika dhateng kawula, upados kawula saged nyunaraken pepadhang Paduka wau dhateng jagat. Kanthi makaten jagat badhé nampèni cahyakamulyan Paduka, sarta dipun pulihaken déning katresnan Paduka. Keparenga Paduka ngagem kawula dados tiyang ingkang mulihaken. Amin”

U : (*Ngidungaken KPJ 236:1 - 3)*

KPJ 236. LINUHURNA! GUSTI PAMARTA

Do=D 4/4

- 1) Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.  
Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa rawuh ing dinya.  
Jagad bilai, Kristus ngrawuhi, daweg kanca, dèn pepuja !  
Rawuhé Gusti datan ngadili, malah nulungi tyang dosa.
- 2) Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.  
Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.  
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi karsa nucèkken tyang dosa.  
drapon muktia saha mulyakna asmané Hyang Mawilasa.

--- *Para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah ---*

- 3) Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa  
Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa  
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi paring tladha mring tyang dosa;  
ngirid mring swarga tyang kang pracaya;  
swawi ndhèrèk, para kanca !

### **VOTUM LAN SALAM**

PS : Pitulungan kita punika saking Gusti Allah ingkang nitah-aken langit kaliyan bumi,

U : **sarta ingkang ngrimati titah Paduka.**

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama,  
tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus wontena ing panjenengan (kita) sadaya.

U : (*Ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

--- *Umat lenggah ---*

## PAMBUKA

PL : Pepadhangipun Gusti Allah punika etuking tumindak mulihaken. Sorotipun nyrambahи dhateng sadaya titah-ipun Gusti Allah. Pepadhang ingkang andamel pulih punika ndhatengi kita supados kita sumadhiya dados tiyang ingkang mulihaken tumrap sesami tuwin titahipun Gusti Allah sanèsipun. Lumantar jejer "Dados Tiyang Ingkang Kajibah Mulihaken", kita badhé ngraos-raosaken timbalan kita punika. Mugi Gusti mberkahai pangibadah kita dinten punika.

U : (*Ngidungaken KPJ 244:1, 3*)

### KPJ 244. SAJRONING PEPETENG

Do=Bes 2/2

- 1) Sajroning pepeteng ing donya, sumunar cahya minulya amadhangi bangsa sajagad; sadaya nampi sihrahmat. Rawuhé nyinkirken pepeteng; sirna wayangan ing pati. Bumi nampani gesang langgeng, krana pepadhang nelahi.
- 3) Samangké kita sukarena wonten ing ngarsa Paduka, wit prasetya ingkang kinangsi wus babar wonten ing bumi. Payo sujud mring Kang Maluhur, ngaturken pamuji sokur, karana agunging panénan kagem bujana kaswargan.

## PANGAKENING DOSA

PL : Para Sadhèrèk, sumangga kita sesarengan maos Injil Matius 22:38-39:

"Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé."

PL : Sesambutan kaliyan dhawuhipun Gusti Allah punika, punapa ingkan sampun kita tindakaken? Sumangga kita ndedonga (*PL nuntun pandonga pangaken dosa*)

U : (*Ngidungaken KPJ 48:1 lan 3*)

### KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

1) Gusti angantya sira wong dosa.

Aruming swara nimbali sira.

Nyuwuna luwar lan pangapura!

Mareka, saosna ati nira!

*Refrein* : Lah mareka! Gusti angantya,

aywa adoh-adoh, umareka!

Gusti anganti-anti sira!

Ywa nyenyuwé, mula gyा mareka!

3) Nging marga kang anjog ing kabegjan.

ciyut, angèl kalamun dèn ambah.

Kang mangkono datan kauningan!

mangka iku margining Yéhuwah.

*Refrein* : Lah mareka! Gusti angantya,

aywa adoh-adoh, umareka!

Gusti anganti-anti sira!

Ywa nyenyuwé, mula gyा mareka!

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS : Minangka paladosipun Gusti Allah, keparenga kula ngaturaken bilih kanggé saben tiyang ingkang kanthi andhap-asor tuiwin tulusing manah ngakeni dosanipun, Gusti Allah ingkang Mahaasih tuwin Mahamirah maringi pangapuntening dosa, kados ingkang kacetha wonten ing pangandikanipun Gusti Allah makaten:

"Rahayu wong kang padha kaapura paneraké, lan  
kang dosa-dosané kaaling-alingan;" (Roma 4:7)

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken "Salam  
karahayon"* ---

U : (*Ngidungaken KPJ 69:1, 2*)

KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,  
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.  
Salir tyang pracaya lamun tansah setya  
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.  
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.  
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
- 2) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah  
tyang nandhang sangsara manggih waluya  
Saliring pra umat tan kendhat rinimat.  
srana peparingnya, nadyan prasaja.  
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.  
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

--- *Umat lenggah* ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : (*Nuntun pandonga paladosan sabda kanthi nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosan Kapisan

L : (*maos waosan kapisan saking Yésaya 63:7-9*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!  
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Masmur Tanggapan

L : (*maos Masmur tanggapan saking Jabur Masmur 148, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

##### Waosan kaping Kalih

L : (*maos waosan kaping kalih saking Ibrani 2:10-18*)

Makaten sabdanipun Gusti Allah!  
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosoan Injil

PS : (*maos waosoan Injil saking Injil Matius 2:13-23*)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.  
Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haléuya!  
U : (*Ngidungaken KPJ 468 HALÉUYA*) **Haléuya** (3x)

- Khotbah
- Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

### **PANGAKEN PITADOS RASULI**

P/D : Sumangga kita nyantosakaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pengakuan Iman Rasuli sacara sesareangan ...

--- *Umat lenggah* ---

### **DOA SAFAAT**

PS : (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

### **PISUNGSUNG**

P/D : Sumangga kita ngaturaken pisungsung sokur kita kanthi tinalesan ing pangandikanipun Gusti Allah makaten:

“Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.” (1 Babad 29:14b)

U : (*Ngidungaken KPJ 154:1 – 2*)  
KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi , kula kagungan ta.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula  
sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagema Paduka  
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;  
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula  
sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagema Paduka  
pirantos sapala.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

### **PANGUTUSAN**

U : (*Ngidungaken KPJ 245:1, 4, 5)*  
KPJ 245. SANG PEPADHANG SEJATI

Do=D 4/4

- 1) Sang pepadhang sejati samangya wus prapti,  
nyirnakna rèhing pati, mrih jalma basuki.
- 4) Sang pepadhang jagad rawuh sung sih-rahmat,  
mrih tyang pracaya pasrah dadya putrèng Allah.
- 5) Sang pepadhang satuhu rawuh ironing kalbu.  
nenuntun tyang pracaya nulad Sang Pamarta.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus,
- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita,
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

### **BERKAH**

- PS : Tampènana berkahipun Gusti Allah,  
“Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
- U : (*ngidungaken HALÉLUYA*) **Haléluya** (5x), **Amin** (3x).

[asp-den]

Selasa, 31 Desember 2019



LITURGI  
MALAM TUTUP TAUN

## NGALAMI SANG KAWICAKSANAN

### KATRANGAN

*Lit = Liturgos; U = Umat; PS = Palados Sabda; L = Lèktor; Prdt = salah satunggaling anggotaning Pradatuning Pasamuwan*

### PECAWISAN

- Wekdal Ening Pribadi

### TIMBALAN NGIBADAH

**Prdt1:** Dinten-dinten lumampah rikat sanget ...

Mboten karaos ... ing wekdal samangké kita sampun wonten ing pungkasaning warsa 2019 ...

Wonten bingah, wonten sisah ....

Wonten wekdal ngedalaken luh, wonten kanggé wekdal gumujeng ....

Sumangga kita ngraos-raosaken sedaya punika kanthi manah ingkang kebak raos sokur lan tresna ....

- *Umat jumeneng (ngrepèkaken KPJ 14: 1-3)*

### KPJ 14 KULA SAMYA TETUNGGILAN!

Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,  
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan

*Refr.:*

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,  
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.

*-Tanpa interlude-*

Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,  
ing lelampahan prasaja salah srana mukijat. *Refr.:* ...

Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,  
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah. *Refr.:*

....

### Votum Lan Salam

**PS:** Pangibadah Tutup Warsa ing dalu punika  
kelampahan wonten ing asma Dalem Allah Sang  
Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.

**Umat:** (aklamasi) AMIN, AMIN, AMIN

**PS:** Gusti Allah nunggila ing panjenèngan sadaya

**Umat:** UGI NUNGGIL ING PANJENÈNGAN.

- *Umat lenggah*

### Pambuka

**Lit:** (maos geguritan)

Geguritan Pungkasaning Taun  
Anggitinanipun Tata Sutabri  
(*kapertal déning Murtini Hehanussa*)

Napak tilas urip nempuh jagad raya  
Ngentèkké wektu kang ora suwé lawasé  
Tanpa kinarasa, umur saya tambah  
Tambah celak pungkasaning tahun, saya celak tibané.

Pungkasaning taun dadi sarana ngorèksi urip  
 Ngemataké kuwalitasing urip ing sisih dhiri  
 Dadi kuwalitas pribadi kang mandhiri  
 Kanggo nggayuh prèstasi kang hakiki.

Taun anyar mèh tumapak  
 Padha cecawisa aja nganti léna  
 Aja ngimpi ing wayah awan jinggrang  
 Perjuwangan urip kudu terus kajaga

Ceklèk tuwuhan ilang gumanti  
 Greget asimpuh tanpa kendhat, tansah banyu mili  
 Kanggo urip kang luwih apik saha hakiki  
 Mugi Gusti Yésus hamberkahai.

- *Umat ngrepèkaken KPJ 23: 1,2*

### KPJ 23. PUJI MRING ALLAH

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.  
 Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.  
 Pangidungnya klayan bingah ing manah,  
 nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.  
 ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.  
 wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.  
 tinebus temah waluya.

### Pangakening Dosa

Lit: Ing pungkasaning warsa punika, sumangga kita  
 marek sowan wonten ing ngarsanipun Gusti saprelu  
 ngakeni dosa tuwin kalepatan kita lumantar  
 pandonga.

- *Umat ngakeni dosa wonten ing pandonga sacara pribadi*

Lit: (*nutup donga pangakening dosa:*)

Dhuh Gusti ... Mugi Paduka karsa miyarsakaken  
pasambat kawula. Mugi Paduka paring pangapunten  
tumrap dosa tuwin kalepatan kawula. Mugi Paduka  
nganyaraken gesang kawula wonten ing sih piwelas  
Paduka ... Wonten ing Asma Dalem Gusti Yesus  
Kristus, kawula nyenyuwun. Amin.

- *Umat ngrepèkaken KPK BMGJ 163:1-3*

KPK BMGJ 163. PITOBAT

Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti  
mung karepé dhéwe kang dituruti  
samangkya mratobat nampi sih rahmat  
migatosken tansah karsaning Allah

Refr.:

Mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga  
sinung gesang yekti unggul sing pati.

Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,  
tan nggapé mring Gusti nytingkur kaswargan,  
mangkya anoraga ngendelken Gusti,  
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,

Refr.:

Biyèn urip mblunthah mursal ing lampah,  
nguja hawa raga manut ing dosa,  
mangkya mesu budi ing lampah suci,  
martosken Injilnya maring pepadha,

Refr. :

- *Umat Jumeneng*

## Pawartos Sih Rahmat

- PS:** Dhumateng saben tiyang ingkang kanthi getun lan isin purun ngakeni dosa tuwin kalepatanipun, sarta mratobat, pramila sih kanugrahanipun Gusti lumèbèr wonten ing gesangipun. Pangandikanipun Gusti minangka pawartos sih rahmat badhé kawaosaken saking Kolose 2: 11-12 ingkang mekaten ijemanipun ....  
Makaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti.

**Umat:** Puji Sokur konjuk Gusti.

- *Umat sami jawat asta sinambi ngucap: “tentrem rahayu”*

## Pepujèning Umat (KPJ 73: 1-3)

KPJ 73: 1-3 GUSTI KULA

Gusti kula ingkang wonten ing swarga,  
pinujia Paduka ing slaminya.  
Sèstu agung sih palimirmanta! Haléluya! Haléluya!

*Tanpa interlude*

Gusti rawuh tumedhak anèng donya,  
awit welas nebus gunging tyang dosa,  
rinukunken lan Allah Sang Rama. Haléluya! Haléluya!

Gusti séda krana kula tyang dosa,  
dé wunguné panjer gesang sanyata,  
mila kula mituhu dhawuhnya. Haléluya! Haléluya!

## PALADOSAN PANGANDIKA

- **Kanon Donga Paladosan Pangandika** (pertalan KJ 50:1)

**PS:** Gusti paring sabda,

**Umat:** *kula ningaken*

PS: Gusti paring sabda,

**Umat:** *kula ningaken*

- **Pamaosing Kitab Suci**

### Waosan 1

L1: (maos 1 Para Raja 3: 5-14)

Makaten Sabda Pangandikanipun Gusti

**Umat:** PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

### Masmur Tanggapan

L2: (maos sesautan utawi ngrepèkaken Masmur 20)

### Waosan Injil

PS: (Maos Yohanes 8: 12-19)

Mekaten Sabda pangadikanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Sabda Pangandikanipun Gusti Allah saha dipun gatosaken ing gesang padintenanipun. Haléluya.

**Umat :** *(Aklamasi) Haléluya Haléluya Haléluya*

- **Khotbah**

- **Wekdal Ening**

- *Umat Jumeneng*

### **Pangakening Iman Rasuli**

Prdt2: Sumangga sesaréngan kaliyan umat kagunganipun Gusti Yésus ing saindènging jagad, kita sami nélaaken Pangaken Pitados Rasuli sesaréngan....

- *Umat lenggah*

### **Donga Safaat**

(déning PS, dipun pungkasi Donga Rama Kawula ingkang kapujèkaken saking KPJ 152)

*KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN SWARGA*

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang asma  
kasucèkna,

Kraton Paduka rawuh, karsa Paduka klampah ing bumi  
kadya anèng swarga. Ing dinten sapunika sinunga cekap  
rejeki; kula kaapuntenna, kadya kula ugi ngapunteni tyang  
kalepatan; sampun nandukken kula dhateng panggodha,  
kalepasna kula saking piawon, jer Gusti kang kagungan  
kraton lan wisesa sarta kamulyanannya ngantos slami-  
laminya. Amin. Amin.

### **PALADOSAN PISUNGSUNG**

Prdt 3: Sumangga kita ngaturaken pisungsung sokur kanthi  
tulus éklas saha ingkang paling saé konjuk Gusti.  
Dhasar anggèn kita nyaosaken pisungsung  
kapethik saking 1 Babad 16: 34 ingkang mekaten  
ijemanipun:  
"Padha ngunjukna pamuji sokur marang Pangéran  
Yéhuwah, sebab Panjenengané iku saé! Sih  
susetyané iku nyata langgeng ing salawasé."

**Kidung Pamuji** (ngiringi lumampahing pisungsung)

KPJ 157. CAOSNA PISUNGSUNG MU

Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan  
klayan lilaning ati, klawan legawa.  
Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.

Refr.:

*Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah  
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.*

Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan  
sarana samubarang saisining bumi,  
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Refr.:

Pisungsung kagem Gusti dadia sarana  
amrih kratoning Allah énggal kelampahan.  
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring  
Refr. ....

**Donga Pisungsung** (déning Prdt3) *(Umat jumeneng)*

### PANGUTUSAN

**PS:** Pangandikanipun Gusti ngèngetaken kita supados tansah ngalami Sang Kawicaksanan Sejati. Kanthi mekaten gesang kita sangsaya wewah wonten ing Gusti tumuju dhateng kuwalitas gesang ingkang langkung saé

### Pepujèning Umat

KPJ 428: 1,2 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

Bingaha, sisaha, Gusti kula puji  
Kang mranata gesang kula  
Kula rinimatan klayan katresnan,  
mila kula pasraha pangrèhnya.

Refr.:

Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa

Sapinten awrating momotan kawula  
Godha-rencana myang sisah  
Yèn kawula énggal mulat Sang Putra,  
Manah kula ènthèng lan bingah.

Refr.:

Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa

## Pangutusan lan Berkah

- PS: Sumangga ngeneraken manah dhumateng Gusti  
 U: kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti  
 PS: Dadosa seksinipun Gusti  
 U: Puji sokur konjuk Gusti  
 PS: Pinujia Gusti Allah kita  
 U: Samangké dumugi salami-laminipun

## Berkat

- PS: Pangéran Yèhuwah maringi berkah dhateng panjene-ngan (kita) lan ngayomi panjenèngan (kita).  
 Pangéran Yèhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenèngan (kita), lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yèhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panje-nèngan (kita) lan maringi tentrem rahayu. Amin.

**Umat:** Amin.

(*Ngrepèkaken KPK BMGJ 143: 1,3*)

### 143. MUNG TANSAH PASRAH MRING GUSTI

Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka  
 mung tansah pasrah mring Gusti yéku Pamarta setya  
 manteb pracaya ing ati manut rèh lan sabdaNya  
 tinuntun dumugèng swargi ing kasampurnan nyata.

Nasibku ing rèhing Gusti tan ana pangröh liya,  
 kasarasan lan rejeki imbuhing sih nugraha,  
 rancangan tinata tliti pratandhaning pracaya,  
 aku tan kwatir tan wedi mung begja kang pinanggya.



Rabu, 1 Januari 2020



LITURGI  
WARSA ANYAR

## JUMANGKAH KANTHI KEBAK PANGAJENG-AJENG

*Katrangan:*

- PS : Pelados Sabda
- PL : Pelados Liturgi
- U : Umat/Warganing Pasamuwan
- P/D : Pinisepuh/Dhiaken
- L : Lèktor

### PACAWISAN

- Wekdal ening pribadi.
- *Lilin satunggal dipun sumet minangka pratandha pangajeng-ajeng ingkang badhé nuntun lampahing gesang ing taun énggal.*

### NGEMPAL

PL : Saben énjing kita mbikak aling-alinging cendhélolanipun griya kita, supados sunaring surya saged mlebet lan ndamel angeting kawontenan. Kita ugi mbikak cendhélolaning griya kita supados sumiliring angin ingkang nyegeraken saged mlebet dhateng nglebet griya. Kita ugi saben énjing mbikak korining griya kita supados kita sumambung kalayan wewengkoning gesang ingkang langkung wiyar. Sarta langkung saking kawontenan anget, seger, rumaket, saben énjang kita kaémutaken bilih Gusti Allah kanthi manéka warni cara nélakaken katresnan-Ipun dhateng kita.

Warsa anyar ingkang saweg kita wiwiti punika kadosdéné satunggaling gapura mlebet dhateng gesang énggal ingkang kacawisaken déning Gusti Allah kanggé kita. Kakiyatan kita jumangkah temtu karana pitados bilih Gusti Allah nunggil, sinaosa kathah prakawis ingkang mboten kanyana saged dhateng lan késah. Gusti Allah, Sang Rama ingkang kita sembah lan kita pitados, Panjenenganipun punika Sang Pangèn sejati.

--- *Umat jumeneng* ---

**U : (Ngidungaken KPJ 394:1-2)**

**KPJ 394. SAKÈHING MANGSA LAN WAYAH**

Do=D 4/4

- 1) Sakèhing mangsa lan wayah manut pranataning Allah, padha gilir gumanti. Dé wataké lan uruté, tetep lan wus pinasthi, tetep lan wus pinasthi.
- 2) Dé giliré mangsa iku, nyata becik, malah perlu marang sarwa urip paédahé lan sawabé. tetela lan mratani, tetela lan mratani

### **VOTUM DAN SALAM**

**PS : Pangibadah warsa énggal punika lumampah ing Asmani-pun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci**

**U : (Ngidungaken) Amin, Amin, Amin.**

**PS : Gusti Allah nunggil ing panjenengan.**

**U : Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *Umat lenggha* ---

### **PAMBUKA**

**PS : Gusti Yésus ngandika,**

“Mulané Aku pitutur marang kowé: Aja padha sumélang ing bab uripmu, bab apa kang bakal kokpangan utawa kokombé, lan bab badanmu, apa kang bakal kokanggo. Ajiné urip iku apa ora ngungkuli pangan, lan ajiné badan apa ora ngungkuli sandhangan? Padha

delengen manuk-manuk ing awang-awang, padha ora nyenyabar lan ora derep, sarta ora tetandho ana ing lumbung, éwadéné padha kaparingan pakan déning Ramamu kang ana ing swarga. Apa kowé ora kinacèk luwi banget katimbang karo manuk-manuk iku?

(Matius 6:25-26)

Dados pribadi ingkang mboten dipunkuwaosi déning raos kuwatos inggih punika satunggaling uleman kanggé jumangkah kalayan manteping manah ing dinten-dinten ing taun énggal punika. Énjing, siang, dalu badhé sirna, ananging Sang Rama Ingkang Nresnani kita tansah nunggil gesang kita.

U : (*Ngidungaken KPJ 395:1-2*)

KPJ 395. SAWATARA AKU NOLÈH

Do=E 3/4

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,  
sihe Gusti kang dak tampa kanthi eraming ati.  
Sanadyan akeh alangan wah kandhang lelimengan,  
nanging Gusti karsa nuntun.  
Mulane aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa,  
temah rumangsa begja
  
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;  
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.  
Aku tansah kaeraman, wit tansah binerkahan.  
Kadiparan nggonku nampa sih tresnane Kang Kwasa ?  
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

## PANGAKEN DOSA

- PS : Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, raosna siang, dalu, mangsa, sarta taun ingkang sampun kita lampahi. Kadospundi sapriki anggèn kita mirsani lan nglampahi gesang? Punapa raos kuwatos ingkang tansah dumunung ing gesang kita, punapa sih-rahmatipun Allah ingkang tansah nunggil gesang kita?
- U : (*nDedonga sacara pribadi, ngraosaken lampahing gesang ing taun ingkang sampun kapengker. Ing salebetipun*

*umat sami ndedonga, saged kairingan déning lelagon utawi instrumèntalia)*

PS : Gusti, gesang punika mboten gampil, raosipun seseg sanget. Sinaosa kala mangsa wonten wekdal ingkang mbingahaken. Ananging namung satunggal prakawis ingkang kawula ugemi bilih Paduka tansah nunggil gesang kawula, sarta rancangan Paduka punika rancangan tentrem-rahayu kanggé kawula. Paduka apunteni kiranging pitados kawula dhumateng Paduka. Paduka tuntun lampah kawula dhuh Allah. Ing Asmanipun Gusti Yésus kawula ndedonga.

Amin.

U : (*Ngidungaken KPJ 44:1-3*)

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,  
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.

*Reff.* : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka  
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.

*Reff.* : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan  
dépé labet kawula, nggih namung sih Paduka.

*Reff.* : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

--- *Umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS : “Saiki kita padha mangerti, yèn Allah uga makarya ana ing samubarang kabèh, minangka beciké wong kang padha tresna marang Panjenengané, yaiku para kang tinimbalan miturut ing karsané Allah.” (Roma 8:28)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “Allah nunggil ing lampah panjenengan” ---*

U: (*Ngidungaken KPJ 125:1-3*)

KPJ 125. LAMUN KULA MLAMPAH

Do=F 3/4

- 1) Lamun kula mlampah nèng margining Allah,  
kula sèstu ngraosken bingah.  
Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu  
mring tyang kang pitados satuhu.  
*Refr.* : Mung sawiji kabegjan sejati,  
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
- 2) Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,  
kula nilingken sabdèng Allah.  
Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,  
anger pasrah kang trusing manah.  
*Refr.* : Mung sawiji kabegjan sejati,  
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
- 3) Iba begja kula, sajroning ginodha  
kiniyatken déning sabdanya.  
Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah,  
wit saking sih-rahmating Allah.  
*Refr.* : Mung sawiji kabegjan sejati,  
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

--- *Umat lenggha ---*

## **PALADOSAN SABDA**

### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS : Dhuh Allah, karsaa Paduka nggèndèng kawula dhumateng  
kawontenaning kawicaksananipun pangandika Paduka.  
Keparenga kawula sesareangan Sang Roh Suci pinaringan  
kaleresaning pangandika Paduka. Kawula pitados,  
pangandika Paduka badhé nuntun kawula lumebet

dhateng **warsa énggal** punika. Pangandika Paduka ugi badhé nyantosakaken lampah kawula. Ugi damel kawula nglampahi gesang ing taun énggal punika kanthi kaleresan Paduka. Ing Asmanipun Gusti Yésus, .....

U : **Amin.**

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### Waosoan Kapisan

L : (*maos waosoan kapisan saking Wilangan 6:22-27*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L : (*maos masmur tanggapan saking Jabur Masmur 8, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

#### Waosoan Kaping Kalih

L : (*maos waosoan kaping kalih saking Galatia 4:4-7*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : (*Ngidungaken KPJ 197*)  
KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabdamulya.  
Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.  
Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.  
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.  
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;  
ugi sapunika wah salaminya. Sabda Paduka wonten gesang kula.  
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

#### Waosoan Injil

PS : (*maos waosoan injil saking Injil Lukas 2:15-21*)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu punika tiyang ingkang mirengaken saha netepi pangandikanipun Gusti ing gesang padintenanipun.  
Haléuya!

U : (*Ngidungaken*) **Haléuya** (3x).

## Khotbah Wekdal Ening

--- *Umat jumeneng* ---

### PANGAKEN PITADOS

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan .....

--- *Umat lenggah* ---

### PANDONGA SAFAAT

PS : (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

### PISUNGSUNG

P/D : Puji sokur konjuk Gusti Allah, awit saking lubering berkah ingkang sampun kaparingaken dhateng kita. Dinten punika, kita dipunparengaken ngriyayakaken katresnipun Gusti Allah kanthi ngaturaken pisungsung. Pandidika ingkang nalesi pisungsung kita, kita tampi saking Jabur Masmur 52:11,

“Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!”

U : (*Ngaturaken pisungsung sinambi ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;  
datan kendhat angasih, cihnaning kawlasanta.  
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkikh;  
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;  
sokur méga angantarksa, miwah surya ndhadhari.  
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
  
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;  
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

--- *Umat jumeneng* ---

P/D : (*Nuntun pandonga saos pisungsung*)

### **PANGUTUSAN**

- PS : Para Sadhèrèk, jumangkah kalayan manteping manah ing taun énggal punika ing Asmanipun Gusti Yésus! Asma ingkang kasebataken déning para malaékat.
- U : **Kawula jumangkah ing Asmanipun Gusti Yésus!**
- PS : Dadosa seksinipun Gusti Yésus Kristus!
- U : **Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula samekta atur paseksi!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita!
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**
- U : (*Ngidungaken KPJ 335:1-2*)  
KPJ 335. ANA PRAU LAYAR

Do=G 4/4

- 1) Ana prau layar margi raharja,  
Gusti kang dadi Juru mudhi nira;  
sapa kang arep uwal king cintaka,  
nungganga ing prauné mesthi waluya.
- Koor. : Nungganga kanca! mara nungganga !  
Aja wedi ing ombak wah prahara;  
dé prauné Gusti mesthi datang kentir,  
mesthi slamet lakuné. Mula ja kwatir.

2) Tan ana pangunsèn liyané Gusti,  
 kang wus ananggel karaharjan kula.  
 Tan ana manèh prau kang santosa,  
 wah kang bakuh nadyan tinempuh prahara.  
 Koor. : Nungganga kanca! mara nungganga !  
 Aja wedi ing ombak wah prahara;  
 dé prauné Gusti mesthi datang kentir,  
 mesthi slamet lakuné. Mula ja kwatir.

## **BERKAH**

PS : Tampènana berkahipun Gusti Allah,

“Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkul-aké wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U : (*ngidungaken HALÉLUYA*) **Haléluya** (5x), **Amin** (3x).

[mp-den]



Minggu, 5 Januari 2020



## ANDUM PEPADHANG

### LITURGI EPIFANI

*Katrangan:*

*PL : Palados Liturgi*

*PS : Palados Sabda*

*U : Umat/Anggota Jemaat*

*MJ : Majelis (Dhiakan/Pinisepuh)*

*L : Lektor*

### PACAWISAN

- *Wekdal ening pribadi*
- *Pamaosing pawartos pasamuwan*

### KEMPAL

(Mazmur 24:7-9)

PL : Hé gapura, padha dhuwurna pucakmu

U : HÉ LAWANG LANGGENG, PADHA KANGKATA,  
SUPAYA SANG RATUNING KAMULYAN, TINDAK  
LUMEBET.

PL : Sang Ratuning Kamulyan iku sapa?

U : IKU SANG YEHUWAH KANG KWAOS LAN PRAKOSA.  
SANG YEHUWAH PRAKOSA ING PRANG

PL : Hé gapura, padha dhuwurna pucakmu

U : HÉ LAWANG KAWAK PADHA KANGKATA, SUPAYA  
SANG RATUNING KAMULYAN TINDAK LUMEBET

PL : Sang Ratuning Kamulyan iku sapa?

U : IKU SANG YÈHUWAH, GUSTINÉ BALA TANTRA, IKU SANG RATUNING KAMULYAN

▪ *umat jumeneng lan memuji : KPJ 23 Puji Mring Allah*

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.  
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.  
Pangidungnya klayan bingah ing manah,  
nggunggung Gusti ning pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.  
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.  
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.  
tinebus temah waluya.

Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.  
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.  
dadya dilah, andel-andel satuhu.  
Pujinen lan trusing kalbu!

### **VOTUM DAN SALAM**

PS : Pangibadah Minggu Èpifani punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

U : (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

PS : Gusti nunggil ing panjengan sadaya

U : GUSTI NUNGGIL ING PANJENEGAN UGI.

▪ *umat lenggha*

### **PAMBUKA**

WAKIL BAPAK : Pepadhang punika lambanging kayektèn  
Inggih makaten punika ingkang kalampahan,  
nalika Gusti Yésus ngrawuhi jagad:  
"Sang Padhang iku wus rawuh ing jagad, nanging  
manungsa padha luwih rumaket marang pepeteng  
tinimbang karo pepadhang.." (Yok. 3.19)

▪ *wakil Bapak nyumed lilin,*

■ ***umat ngidung KPJ 225: 1 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS***

Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.  
Padhangin kamulyanipun kawuryan nèng donya.

**WAKIL IBU** : Pepadhang lambanging kabecikan, kabecikan punika ingkang kedah kita dundumaken. Sumangga kita mirengaken pangandikanipun Gusti ingkang kaparingaken kanggé kita sadaya: "Samono uga padhangmu iya sorotna marang wong, supaya iku padha sumurup marang tindak-tandukmu kang becik, temah padha ngluhuraké Ramamu kang ana ing swarga." (Mat 5:16)

■ ***wakil Ibu nyumed lilin,***

■ ***umat ngidung KPJ 225: 2 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS***

Haléluya! Rawuhipun awit welasipun mring para umat sadarum, amrih gesangipun.

**WAKIL ANAK** : Pepadhang punika lambanging katresnan. Sang Padhang sampun nebus kita. Karana katresnanipun ingkang agung. "Pancèn, bièen kowé iku dadi pepeteng, nanging saiki kowé dadi pepadhang ana ing Gusti. Mulané lakumu dikaya putra-putraning pepadhang." (Ef. 5:8).

■ ***wakil Anak nyumed lilin,***

■ ***umat ngidung KPJ 225: 3 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS***

Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,  
Panuntun kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

**PS** : Lilin punika badhé ngobong dhirinipun piyambak kanggé ngawonaken pepeteng. Menawi kita dados pepadhang, kita kedah purun ngurbanaken dhiri, supados pepadhang kita madhangi bumi.  
"Ngadega, dadia pepadhang, sabab padhangira teka, lan kamulyaning Sang YEHUWAH mlethèki sira." (Yes.60.1)

■ ***PS nyumed lilin,***

■ ***umat ngidung KPJ 225: 4 HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS***

Haléluya! Haléluya! Putranipun Allah  
sampun miyos ing Bètléhèm. Pinujia tansah!

### PANGAKENING DOSA

PS : Nuntun pandonga pangakening dosa karana karingkihaning manungsa mboten saged dados pepadhang.

#### ▪ Umat ngidung KPJ 55: 1, 2 KULA TYANG DOSA

1

Kula tyang dosa klangkung ageng,  
rinentahan palimirma.

Punika ngéram-éramaken,  
kawula séwu tan nyana.

Mangké tan wonten paniksa (2x)

Ming rumentah ing sih mirma (2x)

2

Allah ngasihi dhateng kula,  
dosa kula ingaksama.

Tan wonten mulading bendunya,  
wit kula ingangkat putra.

Kula punika sinten, ta, (2x)

dé rinentahan sih-mirma? (2x).

#### ▪ umat jumeneng

### PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS : Mirengna pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah

U : KAWULA MIRENGAKEN

PS : Ing salebeting katresnan mboten wonten raos ajrih

U : KATRESNAN INGKANG SEJATI NGICALAKEN RAOS  
AJRIH

PS : sabab raos ajrih ngandhut paukuman

U : SOK SINTENA INGKANG AJRIH, PIYAMBAKIPUN  
MBOTEN SAMPUNA ING SALEBETING KATRESNAN

PF : “Katresnan iku ora kadunungan rasa wedi, katresnan kang sampurna iku malah mbengkas rasa wedi, amarga wedi iku ngandhut paukuman, lan wong kang wedi iku ora sampurna katresnané. Anggon kita padha tresna iku, amarga Gusti Allah wusngasihi marang kita luwih dhisik. Manawa ana wong kang muni: “Aku tresna marang Gusti Allah,” mangka sengit marang saduluré, iku wong goroh.

Awit wong kang ora tresna marang saduluré kang kasat mripat, kapriyé anggoné bisa tresna marang Gusti Allah kang ora katon? Karodéné dhawuh timbalan iki oleh kita iya saka Panjenengané: Sapa kang tresna marang Gusti Allah, iku iya kudu tresna marang saduluré uga.” (Yok.4:18-21)

U : Makaten sabda sih-rahmat saking Gusti  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

- *Umat sesalaman lan pratéla “Tentrem rahayu wonten ing panjenengan”*
- *Umat jumeneng lan ngidung KPJ 202 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ*

Rahayu kang utama lakuné ngambah  
dalaning prentahé Pangéran.  
Rahayu kang netepi dhawuhé.  
Wong kang manut ing sapangrehé Gusti,  
sarta tansah telatèn netepi  
sakarsane klawan éklas ing ati.

Gusti mudi ngririd lampah amba  
manut mituruta prentahing Gusti.  
datan pegat salami-laminya.  
Kula kaparingana manah padhang,  
Dhawuh Paduka kula estokna  
klayan èklas lan dumolonging manah.

- *umat lenggh*

## PALADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI

- PANDONGA ÉPIKLESE

- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Sapisan

L : (Maos Yésaya 60:1-6)

Makaten sabdanipun Gusti!

U : Puji sokur konjuk Gusti!

**Tanggapan**

L : Maos (utawi ngidungaken) **Mazmur 72:1-7, 10-14**  
sesautan kaliyan umat.

**Waosoan kaping kalih**

L : (Maos **Éfesus 3:1-12**)  
Makaten pangandikanipun Gusti!  
U : Puji sokur konjuk Gusti!

**Waosoan Injil**

PS : Waosoan Injil Yésus Kristus kapendhet saking  
**Matius 2:1-12.**  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang  
rahayu inggih punika ingkang mirengaken  
pangandikanipun Gusti lan nindakaken ing gesang  
padintenan. Haleluya!  
U : (*ngidungaken*) HALELUYA [3x]

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

- *umat jumeneng*

**PANGAKENING PITADOS**

MJ : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti, sumangga kita  
mratelakaken sahadat kita kanthi ngucapaken Pangaken  
Pitados Rasuli

- *umat lenggah*

**PANDONGA SAFAAT**

PS : (*mimpin doa safaat, saged kapungkasan Donga Rama Kawula*)

**PISUNGSUNG**

MJ : Puji sokur dhumateng Gusti ingkang sampun madhangi  
kita sarana katresnaniPun. Sumangga kita pahargya  
katresnanipun Gusti Allah kanthi ngunjukaken pisung-

sung kita, kanthi ngèngeti pisungsung lan bektinipun para tiyang Majus wonten ing Matius 2:11, “Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang Ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.”

*Umat ngidung KPJ 181: 1, 2, 3 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI*  
 Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;  
 datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.  
 Sokur paring ingpakaryan, nadyan badamba ringkih;  
 sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

Sokur, déné sesekaran, sedhep, endah ing warni  
 sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari.  
 Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
 awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;  
 sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
 Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
 sokur di gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

■ *umat jumeneng, MJ mimpin pandonga pisungsung*

### PANGUTUSAN

PS : Kabingahan ing pangibadah punika badhé purna, punapa kabingahan dados pepadhang badhé sirep?  
 U : KAWULA NDARBENI TEKAD BADHÉ TANSAH NYUNARAKEN KATRESNANIPUN GUSTI DHATENG SADAYA TITAH.

*Umat ngidung: KPJ 431: 1, 2 GUSTI ADHAWUH*  
 Gusti adhawuh yèn kita sami  
 kinèn kadya lilin kang amadhangi,  
 supaya saben wong padhang ing ati,  
 wah angluhuraké Hyang Masuci.

Saka suwarga Gusti mirsani  
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.  
Gusti ya mirsa, apa kita iki  
urip kadya lilin kang madhangi.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti  
U : KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG  
GUSTI  
PF : Dados seksinipun Sang Kristus  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI  
PF : Pinujia Gusti  
U : SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN

### **BERKAH**

PF : Pangéran Yéhuwah maring berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadannipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadannipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.  
U. : Ngidungaken: HALELUYA [5x] AMIN [3x]

[asp/tk]

Minggu, 12 Januri 2019



LITURGI  
PEMBAPTISAN YESUS

## PAMBAPTISAN TANPA KAPULIHAKEN: PUNAPA SAGED?

*Kaerangan:*

*PL : Palados Liturgi*

*PS : Palados Sabda*

*U : Umat/Pasamuwan*

*MJ : Majelis Jemaat (Dhiakan/Pinisepuh)*

*L : Lektor*

### PERSIAPAN

- *loncèng kaungelaken sepisan, palados pangibadah ndedonga ing konsistori, umat mlebet greja, wekdal ening.*
- *loncèng kaungelaken kaping 3, MJ nyumed lilin lan maos pawartos pasamuwan*

### TIMBALAN PANGIBADAH

**PL :** Sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus, Minggu punika kita lumebet ing minggu pembaptisan Gusti Yésus déning Yokanan Pembaptis. Lelampahan punika minangka wujud katresnanipun Allah, Sang Rama. Katresnan punika ingkang nyarengi Sang Kristus andhap asor lan nyuwun dipun baptis. Katresnanipun Sang Rama mbabaraken sinten ta Gusti Yésus punika. Inggih katresnan punika kaparingaken kanggé kita minangka sih-rahmat. Awit saking punika, mahargya pembaptisan kita mboten sanès mahargya sih-rahmatipun Allah. Pahargyan sih-rahmatipun Allah badhé ketingal maknanipun nalika kawujudaken ing gesang padintenan lumantar tresna dhateng sesami lan

titah sanèsipun. Sumangga kita ndedonga nyuwun pangreksanipun Gusti ing pangibadah punika. (PL mimpin pandonga).

*Kidung Pamuji: KPJ 99: 1, 2.*

AKU DUWÉ PAMARTA (Jumeneng)

**1**

Aku duwé pamarta, Yésus Kristus asmany,  
kang wus ngurbancken sarira, ngruwat aku sing dosa.

*Refr.: Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,  
dak puji trus ing kalbu.*

**2**

Aku duwé Pamarta, satuhu ing kasetyan.  
Yèn aku nyangga panandhang, pinaringan karosan.

*Refr.: Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,  
dak puji trus ing kalbu.*

- *Palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah*

### **VOTUM LAN SALAM**

PS : Para Sadhèrèk ingkang kinasih, pangibadah ing minggu baptisanipun Gusti Yésus punika, kita tindakaken wonten ing pangaken:

PS+U: PITULUNGAN KITA PUNIKA WONTEN ING ASMAN-IPUN YEHWAH, INGKANG NITAHAKEN LANGIT LAN BUMI, LAN INGKANG TANSAH NGREKSA PAKARYA-NIPUN

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

U : (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

- *umat lenggah*

### **PAMBUKA**

PL : Cariyos baptisanipun Gusti Yésus kanthi andhap asor temtu asring kita pirengaken. Ing pangajab kita tansah setya mirengaken cariyos punika sanadyan saben taun kita

miring ing pangibadah Minggu, mirungganipun Minggu Baptisanipun Gusti Yésus.

Wonten ing Minggu Baptisan Gusti Yésus punika, kita katimbalan ngraosaken irah-irahan: “Pembaptisan tanpa kapulihaken: Punapa saged?” Lumantar irah-irahan punika kita kabereg ngraosaken pembaptisanipun Gusti Yésus ing benawi Yardèn, ugi Pétrus ingkang kapulihaken sasampunipun Kornèlius kabaptis, punapadéné ngraosaken baptisan ingkang sampun kita tampeni.

*Kidung Pamuji: KPJ 87: 1, 2*

### NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

Nèng kasa ngumandang asma sajuga,  
kang anepangaken jagad lan swarga.  
Datan wonten asma kados punika,  
kang kwasa nyirnakken pangrehing dosa.  
Napa sami dèrèng wanuh,  
Gusti Yésus Kristus yeku asmane?

Wus pantes asmané lan pakaryané.  
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,  
nebus tiyang dosa, sinalib séda,  
gya wungu nyawisken papan ing swarga.  
Napa sami dèrèng wanuh,  
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

### PANGAKENING DOSA

PL : Dhuh Gusti Yésus, Gusti lan Juruwilujeng kawula, Paduka kanthi andhap asor ngersakaken kabaptis déning Yokanan Pembaptis ing benawi Yardèn. Apuntenana kawula karana nulad Paduka ingkang andhap asor punika bab ingkang mboten gampil kawula lampahi.

U : *Paduka apuntenana kawula punika dhuh Gusti*

PL : Dhuh Gusti, sejatinipun baptisan ingkang kawula tampèni punika sih-rahmat Paduka. Baptisan sanès amargi kaunggulan kawula. Apuntenana kawula, dhuh Gusti,

anggèn kawula dados tiyang Kristen, taksih kinemulan raos gumunggung.

**U** : *Paduka apuntenana kawula punika dhuh Gusti*

**PL** : Pembaptisan ingkang kawula tampeni, kedahipun dados sarana umat Paduka ndhatengaken sadaya titah kapulihaken. Dhuh Gusti Yésus, Sang Pemulih, apuntenana kawula déné ing gesang padintenan kawula dèrèng saged ndhatengaken pamulihan. Paduka tulungi kawula supados kawula saged nindakaken kados patuladhanipun Gusti Yésus dhateng kawula.

**PL+U:** DHUH GUSTI, WONTEN ING SIH PADUKA KAWULA NDEDONGA. AMIN.

#### *Kidung Panalangsa: KPJ 49 GUSTI KANG MAHAWILASA*

Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.  
 Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;  
 nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.  
 Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.

Gusti Ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;  
 temah kula dados suci miyah nunggil lan Gusti.  
 Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.  
 Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

Gusti Ingkang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;  
 ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.  
 Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,  
 nglawan kapéncuting donya, mrih raharja slaminya.

▪ *umat jumeneng*

#### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

**PS** : Marga ana ing Panjenengané kowé padha ndhèrèk kaku-  
 bur sarana baptis, la nana ing Panjenengané ndhèrèk

katangekaké déning pracayamu marang panguwasa  
pakaryané Gusti Allah, kang wus ngwungokaké Panjene-  
ngané saka antarané wong mati (Kolose 2:12)  
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

PL : Tentrem rahayu kanggé kita sadaya

▪ *umat sesalaman lan pratela “Salam karahayon”*

- *Kidung Pamuji:* KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA  
BUNGAH

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,  
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.  
*Mara tansah abebungah saben dina antuk trang  
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn  
girang*

Hyang Agung kang njangkung kita,  
angreksa ing panggoda.  
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.

Lamun kita nytingkur Gusti, nèng ati peteng, uwas.  
ilang kekuatan kita, wah kabungahaning tyas.

▪ *umat lenggha*

### **PALADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI**

- PANDONGA ÈPIKLESE
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosoan sapisan:

L : (Maos **Yésaya 42:1-9**)

Makaten pangandikanipun Gusti!

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Tanggapan

L : Maos (utawi ngidungaken) **Mazmur 29** kanthi  
sesautan kaliyan umat

Waosan kaping kalih

L : (Maos **Lelakoné Para Rasul 10:34-43**)  
 Makaten sabdanipun Gusti!  
 U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kawaos  
 saking **Matius 3:13-17**.  
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang  
 rahayu inggih punika ingkang mirengaken  
 pangandikanipun Gusti lan nindakaken ing gesang  
 padintenan. Haléluya!  
 U : (*ngidung*) HALÉLUYA [3x]

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

- *umat jumeneng*

**PANGAKEN PITADOS**

MJ : Sesarengan umatipun Gusti ing sadaya wekdal lan  
 panggenan, sumangga kita ngucapaken sahadat  
 pangakening pitados kita miturut Pangaken Pitados  
 Rasuli:

- *umat lenggah*

**PANDONGA SAFAAT**

PS : (*mimpin pandonga safaat – saged dipun pungkasi - utawi dipun kidungaken Donga Rama Kawula*)

**PISUNGSUNG**

MJ : Kita ngraosaken kabingahan karana kita dipun tresnani  
 Gusti. Juru Mazmur ngandharaken ing Mazmur 117, “He  
 sakéhing bangsa, padha ngluhurna Pangéran Yéhuwah,  
 padha ngalembanaa Panjenengané, hé sakéhing suku  
 bangsa! Awit sih-kadarmané iku ngédab-édabi tumrap

kita, sarta kasetyané Sang Yehuwalah iku langgeng ing salawas-lawasé. Haléluya!

Dinten punika kita katimbalan ngunjukaken panuwun awit berkah peparingipun Gusti. Kanthi bingah kita aturaken pisungsung kita.

▪ *Kidung Pamuji Pisungsung:*

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;  
datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.  
Sokur paring ingpakaryan, nadyan badamba ringkikh;  
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni  
sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari.  
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

Sokur, wit brayat kawula rukun samnya sinihan;  
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
sokur di gesang kawula neng pamengkuning Allah.

▪ *umat jumeneng, MJ mimpin pandonga pisungsung*

## **PANGUTUSAN**

▪ *Kidung Pangutusan:* KPJ 67:1,2  
ALLAH KANG MAKWASA

Allah kang Makwasa, karsa nampi kula  
dados rowang mitra, wah utusan Paduka;  
ngundhangken sihrahmat mring sagunging umat,  
mrih kratoning swarga sumrambah sadonya.

Mugi Sang Roh Suci lestantun mitulungi,

mrih kula sembada leladi kanthi setya.  
 Manah tansah bingah datan naté semplah,  
 klayan ajrih-asih wah sepi ing pamrih

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti  
 U : KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA DHUMATENG GUSTI.
- PS : Dados seksinipun Sang Kristus,  
 U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.
- PS : Pinujia Gusti,  
 U : SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN.
- PS : Nampènana berkahipun Gusti:  
 Pangéran Yéhuwah maring berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunar-aken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U. : *Ngidungaken:* HALÉLUYA [5x] AMIN [3x]

*Kidung Pungkasan:*

KPJ 438 GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA  
 Gusti, Paduka ngirid lampah kula  
 Kula ndhèrèk Padhuka salaminya.  
 Kawula datan saged milih margi  
 Mugi sapurug kula, Gusti nganthingi.

[wsn/tk]



# **BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI DIWASA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**





## **NAMBUT KANTHI TINARBUKA**

[Matius 10:34-42]

### **BAHAN DIWASA1**

Tujuwan : Umat katimbalan nampèni sesami lan samukawis ingkang bédå, kanthi tetep ngugemi timbalan gesang minangka para putranipun Allah.

### **PANUNTUN**

Kados ingkang sampun kaaturaken wonten ing bahan dhasar ing buku punika, ing pundi negari kita Indonesia papan kita gesang taksih mbetahaken pamulihan. Kathah kasunyatan ingkang ndadosaken gesang kita ngalami kasangsaran. Satunggaling kasunyatan ing tengah kita inggih punika *polarisasi* (kawontenan pepisahan ingkang nebihaken satunggal saking sanèsipun) sasampunipun pemilu Presiden wiwit ing taun 2014. Wontenipun pilihan politik ingkang bédå kanyata nukulaken tatu ing antawising masyarakat. Sesengitan ing antawisipun kelompok ingkang bédå pilihan politik, ketingal ngégllo sanget mirungganipun ing jagading *mèdsos* (*media sosial*). Media online detik.com<sup>1</sup> ngandharaken tiyang ingkang sami pepisahan ndhungkap tahun 2019: wonten 111.490 tiyang jaler ingkang nggigat pisah semahipun, lan 307.778 tiyang èstri ingkang nggigat pisah semahipun. Kita sumerep semanten gampilipun bangsa punika kesèrèt ing regejegan ngadhepi prakawis ingkang bédå.

---

<sup>1</sup> <https://news.detik.com/berita/d-4495415/awas-beda-pilihan-politik-juga-bisa-bikin-suami-istri-cerai>

Prakawis punika prelu dipun tingali kanthi lebet, ing semu badhé nglepataken kawontenan ingkang ndadosaken tuwuwing regejegan, ananging kita lajeng nyimak kanthi jujur lan tinarbuka, mbokmenawi adeg kita iyambak ingkang ringkiih menawi ngadhepi wekdal-wekdal ingkang momot pilihan lan prabéda.

Tembung “advèn” pinangkanipun saking “advèntus”, ingkang tegesipun methukaken, nyelak, ndhatengi. Mangsa advèn ateges mangsa nyelaki, nambut rawuhipun Gusti Yésus Kristus, dadosa wonten ing Natal punapadéné ing wekdal nyrantos rawuhipun Gusti ingkang kaping kalih. Ingkang punika mangsa advèn tegesipun mangsa pacawisan. Pacawisan kanthi wekdal ingkang cekap temtunipun asilipun bédha menawi kirang pacawisan. Pacawisan wonten ing mangsa advèn kadosdéné ngudi amemantes dhiri nalika badhé kekèsahan lan badhé pepanggihan ingkang mbingahaken. Memantes dhiri mboten ateges ngudi njumbuhaken kawontenan sakiwa-tengenipun, ingkang cengkah kaliyan kautamaning kekristenan. Memantes dhiri langkung teguh ing salebeting ngugemi iman kapitadosan, nanging tinarbuka nampi prabéda ing sakiwa-tengen kita.

Bahan punika ngajab supados ing mangsa advèn, umat kacawisaken nampèni sesaminipun kadosdéné nampèni Gusti Yésus. Kanthi manah santosa samia saged ngugemi iman kapitadosanipun. Mekaten ugi kanthi manah ingkang kebak katresnan nampèni tiyang sanès ingkang bédha.

## **1. ANDUM PENGALAMAN**

- Kaaturan andum pengalaman tuwin karembag kanthi cekak:
- Pakulinan punapa ingkang dipun tindakaken déning brayat ing Mangsa Advèn?
  - Punapa ingkang panjenengan raosaken ngéngingi Mangsa Advèn?

## **2. KATRANGAN WAOSAN KITAB SUCI**

- Maos Matius 10:34-42,

- b. Maos lan/utawi mirengaken katrangan /renungan kanthi jejer, “Nambut kanthi tinarbuka” ing ngandhap punika:

Adhedasar kasunyatan wontenipun regejegan awit béda pilihan kasebat, sajakipun umat prelu dipun cawisaken supados nggadhahi pangretosan ingkang leres ing bab memantes dhiri wonten ing satengahing samukawis ing sakiwa-tengen kita. Lumantar waosan Matius 10:34-42, kita sinau kadospundi sikep ingkang prayogi salebetung nambut Sang Kristus ingkang rawuh ing tengahing gesang kita.

Kathah tiyang ingkang rumaos bingung maos nas punika. Ing perangan sanès ing Kitab Suci, dipun ngendikakaken bilih Gusti Yésus rawuh ngasta pirukun ing bumi (mirsanana Ef. 2:14-18). Pamecanipun para nabi ing Prajanjian Lami nyebataken bilih Panjenenganipun minangka Ratuning katentreman (Yes. 9:5). Ananging, kénging punapa Panjeneanganipun ngendika, “Kowé aja padha ngira, yén teka-Ku nggawa pirukun ana ing bumi, teka-Ku iku ora nggawa pirukun nanging pedhang...” (Mat.10:34)

Ayat kasebat kados-kados nedahaken bilih Gusti Yésus mboten netepi punapa ingkang kaserat ing Kitab Suci. Ananging wonten ing pungkasaning waosan punika kita dipun sumerepaken piwulangiPun ingkang nedahaken katresnan ingkang lebet. (Mat.10:42)

Awit pangintenipun tiyang bilih Panjenenganipun mboten setya dhateng pangandikanipun piyambak, nas punika lajeng asring kaginakaken dados pawadan tiyang dados sengit dhumateng Gusti Yésus lan piwulangiPun. Para tiyang wau mastani bilih Gusti Yésus mulang panasaran. Agami Kristen kaanggep agami panasaran, karana ketinggal anggenipun, nanemaken raos sengit lan padudon ing salebetung brayat. Punapa leres makaten? Punapa ingkang sejatosipun dipun kersakaken Gusti Yésus ing pangandikanipun?

### Katrangan

Asring piwulang lan khotbahipun Gusti Yésus nuwuhaken bebencengan lan lelawanan ing satengahing masyarakat wekdal semanten. Prakawis punika kalampahan awit tiyang-tiyang wekdal semanten mboten saged manggihaken punapa teges lan tujuwanipun piwulangipun Gusti Yésus.

Anggèn kita ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti ing ayat 34 - 37, mboten saged dipun uwalaken saking pangandikanipun Gusti sadèrèng lan sasampunipun. Ing perikop punika, Gusti Yésus ngginakaken cara basa ingkang nyangedaken kita nengenaken karsanipun kanthi cetha. "Pedhang" dados lambanging Gusti Allah ingkang jumeneng hakim tumrap jagad ingkang badhé misahaken antawisipun tiyang pitados lan tiyang ingkang nampik Panjenenganipun. Gusti Yésus pancèn maringi katentreman ing manahipun tiyang pitados (Yok. 14:27; Gal. 5:22). Gusti Yésus inggih ngrukunaken tiyang pitados dhumateng Allah (Rum 5:1; II Kor. 5:19-21). Gusti Yésus inggih ngrukunaken tiyang pitados kaliyan sesamining tiyang pitados (Ef. 2:14-18). Ananging ing antawisipun tyang pitados kaliyan ingkang mboten pitados, sanès pirukun nanging bebèncengan lan diya-diniya (mirsanana Yok. 7:40-43). Ing jagad punika langkung kathah tiyang ingkang mboten pitados. Awit saking punika badhé tansah wonten padudon. Pirukun ing antawis para tiyang pitados lan ingkang mboten pitados nembé saged kalampahan menawi kita purun ambyur ing dosa.

Dados, mboten badhé wonten pirukun ing antawisipun para tiyang ingkang tumemen nindakaken dhawuhipun Gusti kaliyan ingkang nindakaken dosa. Malah tiyang pitados badhé nandhang sangsara karana memengsahan punika. Kepara padudon badhé kalampahan wonten ing antawisipun warganing brayat. Inggih karana wonten ing brayat pinanggih wonten ingkang pitados lan wonten ingkang boten. Pedhang inggih dados kasunyatanning gesang wonten ing Sang Kristus badhé damel tiyang sanès sengit dhateng Gusti Yésus lan ngacungaken pedhang (kacilakan) kanggé kita. Sarana

makaten, Gusti Yésus ngersakaken para sakabat wekdal semanten lan kita ing jaman samangké, sumadhiya lan wantun ngadhepi pedhang, dadosa ingkang mijil minangka pituwas anggèn kita pitados dhumateng Allah, punapadéné pangadilanipun Gusti Allah tumrap gesang ingkang kita lampahi (Mat.10:38-39).

Ayat 37 mboten kepareng dipun mangretosi bilih Gusti Yésus ngersakaken supados brayat kita sami risak. Punika pratéla saking Gusti Yésus, bilih dados muridiPun, ateges kedah ngutamèkaken Panjenenganipun, langkung saking brayatipun. Wonten ing kabudayan Yahudi, brayat kaanggep tetangsulan ingkang bakuh sanget (Luk.14:26). Gusti Yésus babar pisang mboten ngersakaken supados tiyang sengit dhateng tiyang sepuh lan brayatipun. Ndhèrèk Gusti Yésus mbetahaken kasetyan lan kateberèn, nglangkungi sedaya kasetyan lan sesambutan punapa kémawon antawis kita kaliyan sesamining manungsa.

Pangandikanipun Gusti Yésus ngèngetaken kita bab sesandhungan tumrap kasetyan kita dhumateng Gusti Yésus. Inggih punika menawi kita langkung setya dhateng satunggaling prakawis utawi tiyang sanèsipun ing jagad punika tinimbang dhumateng Gusti Yésus. Sesambetaning pasedherekan asring dados sesandhungan tumrap ngrembakaning iman kapitadosan.

### Rèflèksi

Waoso punika kaanggep lugas. Isinipun tumindak-tumindak magepokan kaliyan kadospundi kita nambut Panjenenganipun. Nambut Gusti Yésus wonten ing gesangipun bangsa Indonesia wekdal punika ateges sumadhiya tetep jejeg salebeting ngugemi iman kapitadosan, inggih sumadhiya nampi sadaya ingkang béda minangka sih-rahmat. Minangka samukawis ingkang béda, punika mboten prelu dados jalaran pepisahan. Ananging kosokwangslipun, samukawis ingkang béda kasebat prayogi dados sarana kanggé kita sesarengan sami purun sinau ngraosaken saha ngrembaka sesarengan.

Mangsa Advèn punika mangsa ing pundi kita nyawisaken manah nambut Gusti Yésus, lan ugi nambut sadaya titah ingkang ndarbèni kawontenanipun piyambak-piyambak. Sugeng ngraosaken Advèn kanthi bingah ing salebetung kawontenan ingkang béda-béda.

### 3. PANGRAOS LAN NGANYARAKEN GESANG

Sasampunipun mirengaken Pangandikanipun Gusti wonten ing katrangan/renungan ing nginggil, kaaturan ngrembag pitakènan punika:

- a. Sapunika, punapa ingkang panjenengan raosaken ngéngingi Advèn?
- b. Punapa panjenengan gadhah manah ingkang adreng mbabaraken gesang sesarengan ingkang rumaket ing tengahing samukawis ingkang béda? Kadospundi caranipun?

[andreas/tk]



## PINANGGIH KALIYAN SANG PEMULIH

[Lukas 2: 1-20]

### BAHAN DIWASA 2

#### Ancas/Tujuan:

- a. Umat nglenggana bilih Natal sejatosipun pinanggihipun manungsa kaliyan Sang Pemulih.
- b. Umat saged ngraosaken pakaryan ingkang mulihaken ing salebetung gesang sesarengan.
- c. Umat gadhah krenteg tansah ngupadi gesang ingkang mulihaken salebetung timbalan gesangipun.

#### **Pambuka:**

Cecawis batos ingkang kirang trep nalika kita sami methukaken Advèn kalamangsa ndadosaken kirang trep ugi anggèn kita negesi pahargyan Natal. Awit kadhangkala malah sami ribet ngrembag bab rasukan, papan kanggé mahargya, tetedhan, lan sapatunggilanipun ndadosaken kita mboten fokus anggènipun sami olah batos ngener dhateng teges sejati bab rawuhipun Sang Natal. Pramila menawi kados mekaten ingkang kelampahan, kita saged kécalan pangraos-raos bab punapa sejatinipun Natal punika.

Natal punika inggih kedadosan pepanggihan antawisipun manungsa lan Sang Pemulih. Saben tiyang ingkang sami mahargya Natal katimbalan supados saged ngraosaken pakaryan ingkang mulihaken kasebat. Saben tiyang ingkang sampun ngraosaken pamulihan awit pinanggih kaliyan Sang

Pemulih, dipun timbali dados pirantos (agèn) pepanggihan tumrap tiyang sanès ingkang mbetahaken pamulihan supados kepanggih ugi kaliyan Sang Pemulih, satemah ugi sami saged ngraosaken kapulihaken.

### Kapulihaken ing bab punapa?

Menawi kacundhukaken kaliyan kawontenaning Bangsa Indonesia samangké: bab pulihipun sesambutan ing antawisipun warganing negari sasampunipun wonten bebèncèngan (*polarisasi*) nalikanipun PEMILU, prelu dados wigatosing penggalihan ingkang utami! Ananging bab punika mboten gampil mawujud menawi kita dèrèng saged ngresepi pakaryan pamulihan wonten ing gesang padintenan kita ingkang prasaja, dadosa ingkang kedadosan wonten ing brayat, pasamuwan, tanggi tepalih, pedamelan, mekatena ugi wonten dhiri pribadi.

Pasamuwan kedahipun dados wadhab pangajeng-ajeng tumraping para tiyang pitados. Tiyang pitados nggadhahi keyakinan ingkang baku bilih gesangipun sapunika lan ing tembé karimat déning Allah piyambak. Ananging éman sanget déné pengajeng-ajeng ingkang éndah punika, asring ndadosaken pasamuwan *apatis* (mboten preduli) kaliyan kasunyataning jaman ingkang wonten. Pasamuwan langkung asring ningali pangajeng-ngajeng secara *éskatologis* kémawon (gesang ing suwarga) lan kesupèn dhateng bab ingkang kedadosan samangké. Jaminan *éskatologis* ingkang mesthi kedahipun ngatag dhateng pasamuwan kanggé aktip mratélakaken (*menghadirkan*) tanda-tanda pangajeng-ajeng punika ing jagad.

### Tukar pengalaman

(Sumangga karembag sesarengan pitakènan-pitakènan punika)

1. Kagiatan punapa ingkang limrahipun (wonten ing brayat, pasamuwan) katindakaken minangka woh saking anggèn kita ngresepi Natal?
2. Punapa Panjenengan (brayat, pasamuwan) naté ngraosaken Natal minangka kedadosan ingkang namung bablas liwat tanpa teges?

### **Andharan Pangandika**

Wiyosipun bayi Yésus ing kitha Bètlehèm/kitha Dawud (Lukas 2:1-6), ... ing pamakanan... lan pawartos ingkang katujoaken dhatang para pangèn, sadaya punika sanès bab ingkang kaleresan dumados utawi tanpa sengaja ... ananging minangka bukti anggènipun Gusti Allah nggenepi pamecanipun Nabi Yésaya (Yésaya 9:5-6 ). Wonten ing wiyosipun Gusti Yésus punika kita neksèni: kadospundi Gusti Allah manjalma dados manungsa (*inkarnasi*), kadospundi Gusti Allah mbélani umatipun (*solidaritas*), lan kadospundi Gusti Allah nindakaken éwah-éwahan (transformasi) ingkang nganyaraken.

Bètlehèm sanès ibu kota kados Yérusalem ingkang dados pusating agami Yahudi. Pemakanan punika pratandha (simbul) kaprasajan. Pawartos ingkang katujokaken dhateng para pangèn (kawula alit) lan sanès dhateng ahli Torèt lan tiyang Farisi (pangarsa agami Yahudi) ... punika pratandha solidaritas kanthi ngginaaken tiyang ingkang prasaja. Natal inggih punika prastawa anggènipun Gusti Allah manjalma dados manungsa (*inkarnasi*). Gusti Allah piyambak dados manungsa ingkang winates. Allah ing maha kuwaos tanpa winates dados manungsa ingkang winates. Allah ingkang maha kuwaos lan tanpa winates dedhampar ing suwarga dados winates wonten ing bayi alit lan ringkih lan miyos ing pamakanan. Allah ingkang sewaunipun mboten ketingal, sampun karsa ngetinggal lan nyata. Natal punika lelampahan Allah cawé-cawé (*turun tangan*) wonten ing gesangipun

para titahipun. Gusti Allah miyarsa kasangsaran lan gegilutaning manungsa. Gusti Allah mulihaken pangajeng-ajeng ingkang wonten ing salebeting gegilutan gesangging manungsa.

Natal ugi wewengan (*momèn*) pepanggihan lan pamulihan sesambetan. Kadosta para pangèn (Lukas 2:8-20) ingkang sampun pinanggih kaliyan Gusti Yésus, pramila wewengan (*momèn*) Natal prelu dipun resepi minangka wewengan pepanggihan kaliyan Kristus. Kejawi punika kita ugi katimbalan ngepanggihaken Kristus kaliyan sesami lumantar gesang kita padintenan. Kanthi mekaten wewengan Natal mboten namung katindakaken scara seremonial, ananging saèstu dados wewengan ingkang nganyaraken lan mulihaken gesang umat lan masyarakat. Kita dipun timbali kanggé ngepanggihaken lan ndatengaken tentrem ing satengahing kawontenan ingkang mboten wonten raos tresna. Kita dipun timbali kanggé ndatengaken pangapunten ing satengahing memengsahan.

Sumangga kita ngginakaken greget Natal punika minangka timbalan lan wewengan kanggé mulihaken sesambetan. Ngrisak sesambetan langkung gampil tinimbang mbangun lan mulihaken sesambetan. Langkung gampil kita memengsahan tinimbang dados mitra tumrap asanès. Satunggaling sesambetan ingkang sampun dangu kabangun saged dados risak sakedheping soca, dadosa ing brayat, ing antawisipun warganing pasamuwan punapa déné simpatisan, wonten papan pedamelan lan ing masyarakat.

Mawarni-warni dredah dumados ing brayat, gereja, papan panyambut damel lan masyarakat nedahaken bilih sesambetan ing antawisipun manungsa ngalami krasis. Krasis punika saged sesambetan kaliyan prekawis sosial lan malahan ugi krisis spiritual. Tumrap sedaya punika kita

dipun timbali kanggé dados agèn katentreman. Dados agèn katentreman, mboten namung rumaos dhiri kaancam, ananging amargi kita sampun langkung rumiyin ngalami katentremanipun Gusti. Kita dipun timbali kanggé ndatengaken lan nindaaken pamulihan secara langsung.

Nalika gesangipun masyarakat kawarna déning dredah, sumangga dadosa tiyang ingkang mbekta katentreman ing satengahing swasana kasebat. Bab punika saged katindaaken kanthi: pangucap, sikep, lan tumindak. Bab prasaja ingkang saged kita tindakaken inggih punika nyebaraken pawartos-pawartos ingkang damel adhem ayem sanès ingkang ndadosaken kawontenan dados bentèr utawi tumut ngekahaken bebèncengan (*polarisasi*). Sumangga kita kanthi sangu nuladha tuladhanipun Gusti Allah ing Sang Kristus ingkang mbangun lan mulihaken, kita ugi ndatengaken greget mbangun lan mulihaken ing satengahing brayat, pasamuwan, papan pedamelan lan masyarakat.

Menawi Sang Natal ingkang rawuh ngasta misi ingkang mulihaken lan nentremaken, pramila kita ingkang mahargya Natal ugi samesthinipun rumaos tinimbalan mboten namung ngajeng-ajeng. Ananging malah kedah: ngrancang pangupaya-pangupaya ingkang nyata kanggé ngrimati katentreman.

### **Mbalèni Negesi lan Nganyaraken Gesang**

(Sasampunipun nggatosaken andharan ing nginggil, sumangga sami negesi malih timbalan gesang kita adhedhasar pitakènan- pitakènan punika)

1. Punapa Panjenengan (brayat, pasamuwan) ngrancang ngantos tuntas lan nindaaken rancangan punika minangka satunggaling pambudidaya nyata mujudaken

"karawuhan" ingkang kebak ing timbalan lumantar pambudidata mujudaken gesang rukun sesarengan (*kebersamaan*), katentreman saha pamulihan?

Kaaturan nerangaken kanthi cekak aos!

2. Miturut Panjenengan, punapa ingkang saged Panjenengan (brayat, pasamuwan) tindakaken minangka wohing sokur awit pahargyan Natal taun punika nanggapi prekawis-prekawis ingkang nembé dumados ing Indonésia.



**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI  
ADIYUSWA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**





## KAPULIHAKEN SAKING RAOS KUCIWA

[Matius 1:18-25]

### BAHAN ADIYUSWO 1

Ancas: Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, adiyuswa kaajab saged tinarbuka kanggé dipun pulihaken saking raos kuciwa sarta supados sami saged ngraosaken pakaryanipun Gusti ingkang wonten ing sewalikipun bab-bab ingkang nguciwani.

### PAMBUKA

Nalika ingkang dados pengajeng-ajeng mboten kados kasunyatan, temtu prekawis punika ndadosaken raos kuciwa. Saben tiyang temtu naté ngraosaken kuciwa, saged karana dhirinipun piyambak, kuciwa tumrap liyan punapa malih tumrap kawontenan ing sakiwa tengen kita. Raos kuciwa punika mboten saged pun sélaki, awit minangka *makhruk sosial* kita mbetahaken sesambutan kaliyan liyan. Nalikaning mbangun sesambutan punika kita nggadahi pangajeng-ajeng tumrap tiyang sanès, lan nalikaning pengajeng-ajeng punika mboten kados kasunyatan, kita ngraosaken kuciwa. Raos kuciwa punika menawi mboten dipun olah kanthi wicaksana saged nuwu haken raos sakit ing manah lan nedya mboten remen dhateng tiyang ingkang damel kuciwa. Malah saged kelampahan ndadosaken sikep *apatis* (ngèndelaken), cubriya lsp. satemah ngribedi anggèn kita gesang kaliyan tiyang sanès.

Awit raos kuciwa dados bab ingkang mboten saged pun sélaki ing panggesangan kita. Remen punapa mboten, kita kadhangkala kedah aben ajeng lan ngraosaken raos kuciwa kasebat. Lajeng

kadospundi anggèn kita ngadepi lan ngawékaní satemah kita saged mulihaken raos kuciwa ing manah kita? Bab punika ingkang badhé kita rembag sesarengan.

### KATRANGAN TEKS

Ing waosan kita sapunika (Mat 1:18-25) dipun cariyosaken bab kadospundi anggènipun Yusuf ngalami geguletan ngèngingi Sang Mesih ingkang badhé miyos saking guagarbanipun Maria. Yusuf minangka tiyang Yahudi ingkang dipun gulowentah saking brayat ingkang sumuyud dhateng pranatan Torèt, mrangguli calon garwanipun Maria sampun ngandeg sadèrèngipun ningkah. Temtu punika ndadosaken kuciwa tumraping Yusuf. Piyambakipun miji Maria saking brayat Yahudi ingkang saé supados nalikaning dados sisihanipun saged dados garwa ingkang saged laku suci lan sumuyud dhumateng Gusti. Pramila limrah menawi Yusuf ngraosaken kuciwa nalika mangertosi calon garwanipun punika sampun ngandeg sakdèrèngipun neningkahan (ay.18)

Raos cubriya dhateng calon sisihanipun, temtu tuwuñ wonten ing manahipun Yusuf. Nganggep bilih Maria punika mboten satunggaling pawestri ingkang saé. Raos cidra, dipun apusi lsp. saged kémawon tuwuñ saking manahipun Yusuf. Nanging raos andhap asor lan tulusing ati nuntun Yusuf tetep sabar lan mboten grusa-grusu anggènipun nemtokaken sikep ingkang badhé pun pendhet. Yusuf ngatos-atos sanget nalika nyikepi raos kuciwa ing manahipun.

Bab punika kabukti saking wiwitan anggènipun Yusuf nyikepi bab kasebat. Piyambakipun mboten nepsu. Piyambakipun saged menggalih lan nyikepi sacara positif. Yusuf nggelar nggulung risiko putusan ingkang badhé pun pendhet punika saking sisih Maria ingkang sampun ndamel kuciwa. Saged kémawon Yusuf mbales kanthi nyariyosaken pawartos pepisahan kaliyan Maria. Ananging awit tulusing katresnanipun Yusus dhumateng Maria ndadosaken Yusuf mboten téga nindakaken. Yusuf kepéngén mutusaken sesambetaniipun kaliyan Maria kanthi sesideman supados Maria mboten lingsem ing satengahing masyarakat (ay. 19). Malahan saged kémawon Maria pun sawati watu ngantos

pejah karana sampun ngandeg tanpa status ingkang mboten cetha. Wonten ing mriki ketinggal sanget tulusing manahipun Yusuf nadyan wonten raos kuciwa.

Minangka tiyang ingkang sumuyud lan ajrih asih dhumateng Gusti Allah Yusuf wonten ing geguletaning manahipun ngupadi cara ingkang langkung trep lan wicaksana kanggé mutusaken pepacanganipun lan badhé mbatalaken neningkahanipun kaliyan Maria. Nalika Yusuf nembé nggegilut bab punika, Malaékatipun Gusti ngrawuhi Yusuf wonten impèn. Malaékat punika ngandika supados Yusuf mboten mangu-mangu lan nglajengaken anggénipun pepacangan lan mendhet Maria dados sisihanipun, awit bayi ingkang wonten ing guwagarbanipun Maria punika saking Roh Suci. Awit Maria badhé mbabar putra kakung, inggih punika ingkang badhé milujengaken umating manungsa saking dosa (ay.20-21).

Yusuf saktanginipun saking tilem lajeng ngéstokaken punapa ingkang dipun ngendikakaken Malaékat ing sajroning impèn. Yusuf luwar saking sadaya raos kuciwanipun, pitados lan nampèni kasunyataning gesang minangka berkah saha pakaryanipun Gusti Allah. Yusuf mendhet Maria dados sisihanipun lan mboten awor tilem ngantos tumekaning wekdal mbabar putra (ay. 24-25).

Ing ngriki Yusuf mboten namung saged ngadepi raos kuciwa kémawon, ananging ugi saged mulihaken raos kuciwa ing manah saking raos mangu-mangunipun dhateng Maria. Bab punika ketingal saking kadospundi Yusuf ngayomi lan berjuang mujudaken pakaryanipun Gusti Allah dumados wonten ing gesangipun kaliyan Maria.

## **BAHAN DHISKUSI**

Saben tiyang mesthi naté ngraosaken kuciwa. Mirunggan ing satengahing kita ingkang sampun ngancik yuswa ingkang adi. kita dados sensitip kaliyan kawontenan sakiwa tengen kita. Nalika taksih aném kita nggadahi penggalihan mbenjang menawi sampun pangsiun mboten sah ngoyo anggénipun pados arta. Kantun

énggar-énggar penggalih (lelengahan, lèyèh-lèyèh kaliyan ngopi sinambi maos serat khabar) nikmati hari tua. Ananging nalika sampun wekdalipun pangsiun, pengajeng-ajeng kasebat namung dados impèn, tebih saking pengajeng-ajeng kita. Laré-laré ingkang kita gulawentah kanthi kringet lan getih kados-kados nyupèkaken menawi taksih nggadahi tiyang sepuh. Tanggal jawab mbiyantu tiyang sepuhipun kanggé nyekapi kabetahan nedha lan tumbas obat, mirungganipun wekdal kanggé tetuwi tiyang sepuh kémawon mboten dipun tindakaken. Laré-laré langkung remen sami piknik nalika préi tinimbang wangsul griya. Giliran kita ingkang sami tuwi laré-laré, kita kados-kados mboten dipun gapé, dipun tinggal lelungan saking énjang dumugi sonten. Dèrèng malih menawi dalu dipuntilar sami kagiatan gréja. Lajeng kadospundi kita punika krasan wonten griyanipun laré-laré?

Wonten ing gréja ugi sami. Kita kuciwa ningali para kanèman ingkang mboten sami purun ngaosi tiyang ingkang langkung sepuh. Sajakipun para kanèman sami kesupèn kadospundi anggènipun tiyangsepuhipun sami berjuang mbangun gréja ngantos dumugi wekdal samangké. Para pelados ingkang taksih anèm (Pandhita, Pradhata) ingkang mboten saged masamuwan kanti saé lan leres, kadangkala ngewahi pranatan ingkang sampun wonten. Pawadanipun, “gréja kedah njawab kemajenganing jaman”. Para kanèman ugi kados-kados nganggep bilih kita sampun mboten saged nyambut damel lan ketinggalan jaman. Kathah sanget raos kuciwa, lan mboten cekap menawi sedinten kita nguda raos bab kasebat. Cekakipun kita rumaos punapa ingkang kedadosan tebih saking ingkang kita ajeng-ajeng.

Saking cariyos Yusuf lan Maria kita saged sami sinau kadospundi Ngadhepi raos kuciwa, langkung malih kadospundi mulihaken dhiri saking raos kuciwa. Sanadhiyan raos kuciwa kadhangkala mbekta pangaribawa ingkang néga tip dhateng dhiri kita lan tiyang sanès, ananging kita saged mbudidaya raos kuciwa punika kanthi saé satemah kita dados pribadi ingkang meneb, andhap asor lan pitados panganthinipun Gusti. Kita saged dados pribadi ingkang migunani tumrap tiyang sanès, ugi patuladan tumrap putra lan wayah. Kita saged kekah lan gumujeng ngadhepi gesang ingkang

nguciwani, awit kita pitados bilih Gusti kagungan rancangan ingkang éndah wonten ing gesang punika.

### **PITAKÈNAN DHISKUSI**

1. Sumangga panjenengan sami andum pengalaman nalika ngadepi raos kuciwa!
2. Miturut para sadhèrèk kadospundi kita saged ngadhepi raos kuciwa? Kadospundi kita saged ngraosaken pemulihan lan ningali pakaryaning Gusti Allah ingkang ageng ing salebeing raos kuciwa punika?

[EBO/YS]





## DADOS WICAKSANA

[Yohanes 8: 2-11]

### BAHAN ADIYUSWO 2

Ancas: Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika para adiyuswa saged langkung tinarbuka lan wicaksana nalikaning ngadhepi prekawis satemah sami saged mbekta pemulihian kanggé sadaya.

### PANUNTUN

Nalika nglampahi gesang sesarengan ing satengahing brayat, pasamuwan punapa malih masyarakat, asring kita aben ajeng kaliyan bab béda pemanggih ingkang underanipun saged ndadosaken crah. Sanadyan mboten ndadosaken crah, bab punika ugi ndadosaken raos kirang sekéca ing manah antawis kita lan sesami. Adiyuswa minangka tiyang ingkang dipun sepuhaken dados pengajeng-ajeng kathah pihak, kanggé mulihaken kawilujengan ingkang mboten sekéca punika.

***“Karawuhan ingkang Mulihaken”*** punika dados pengajeng -ajenging kita lan tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita. Kejawi punika wonten ugi pemanggih bilih Adiyuswa punika nggadahi segudhang pengalamaning gesang, satemah dados panutan ingkang wicaksana ingkang mbekta katentreman lan kasegeran tumrap tiyang sanès.

Ingkang dados pitakènan kita sapunika, kadospundi kita saged mujudaken pengajeng-ajeng kasebat? Bab punika ingkang badhé kita rembag sesarengan lumantar PA wekdal punika.

## KATRANGAN TEKS

Wonten ing Yohanes 8: 1-11, dipun cariyosaken nalika Gusti Yésus nembé mucal tiyang kathah wonten ing Dalem Pamujan, para Ulama lan tiyang Farisi sami dugi lan ngajokaken tiyang èstri ingkang laku bandrèk. Pawèstri punika dipun papanaken wonten ing tengah lajeng sami miterang dhumateng Gusti Yésus: “*Rabi, tiyang èstri punika kacepeng nalika saweg lampah bandrèk. Musa ndawuhaken dhateng kita supados kita mbenturi séla dhateng pawèstri ingkang kados mekaten. Panjenengan kadospundi?*” (ay. 4-5)

Temtu para Ulama lan tiyang Farisi ingkang sami miterang dhateng Gusti Yésus mboten karana piyambakipun mboten mangretos bab pranatan Torèt. Sebab tiyang-tiyang punika ingkang “njagi pranatan Torèt”. Piyambakipun pinitados nemtokaken sinten ingkang nerak pranatan Torèt punapa mboten. Piyambakipun kanthi sengaja nindakaken bab punika kanthi tujuwan kanggé nyobi Gusti Yésus. Supados piyambakipun nggadahi pawadan ingkang kiyat kanggé njeksani lan nggugat Gusti Yésus lumantar pranatan ingkang lumampah ing wekdal semanten (ay.6).

Minangka alim Ulama temtu mangretos sanget bab pranatan Torèt kalebet kekiranganipun. Sejatosipun bab ingkang badhé dipun ajokaken dumatheng Gusti Yésus mboten namung kadospundi pawèstri kasebat klèntu lan pantes nampèni paukuman punapa mboten. Ananging sejatosipun wonten kawontenan ingkang wigati.

Menawi kita ningali kawonten nalika pranatan kasebat kadamel ing jaman semanten, Bangsa Israèl punika kajajah déning Pemerintah Rum. Pramila ing Israèl dipun etrapaken pranatan kalih sachipun. Sisih setunggal sisih, tiyang ingkang ngrasuk agami Yahudi kedah sumuyud pranatan Torèt. Ing sisih sanèsipun minangka bangsa jajahan ugi kedah sumuyud kaliyan pranatan pemerintah Rum.

Wonten ing pranatan Torèt, pawèstri ingkang kacepeng nindakaken laku bandrèk kedah nampèni paukuman kanthi dipun benturi séla. Ananging pemerintah Rum ingkang nggadahi

panguwaos nalika semanten mboten ngeparengaken paukuman mbenturi séla katindakaken, sebab dipun anggep mboten cocok sacara tata kamanungsan.

Ing ngriki Gusti Yésus dipun cobi kaliyan para Alim Ulama. Menawi Gusti Yésus paring wangulan pawèstri punika pantes nampèni paukuman kanthi pun benturi séla, Alim Ulama punika cumawis nyepeng Gusti Yésus lan nggugat dumateng pemerintah Rum kanthi pandakwa bilih Gusti Yésus nerak pranatan Pemerintah Rum. Éwasemanten nalika Gusti Yésus mboten ngukum pawèstri punika para Alim Ulama kasebat sampun nggadahi bukti ingkang cekap kanggé nggugat kanti paukuman ingkang langkung awrat. Wonten ngriki kawontenan kados nampi *buah simalakama* kedah pun piiji déning Gusti Yésus.

Lajeng punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus? Gusti Yésus tumungkul banjur nyerat ing siti nyerat kalawan racikan. Gusti Yésus mboten grusa-grusu nalika paring wangulan, ngatos-atos nalika nanggapi pitakènan saking Alim Ulama lan Tiyang Farisi kasebat. Gusti Yésus mboten kepancing kaliyan pitakènan ingkang nyecer ingkang ngabangaken kuping. Gusti Yésus lajeng jumeneng lan paring pangandika: "Sapa baé panunggalanmu kang tanpa dosa, iku miwitana mbenturi séla wong wadon iku" (ay. 7). Gusti Yésus lajeng tumungkul malih nyerat ing siti nyerat kalawan racikan.

Ing ngriku ketingal kadospundi kawicaksananipun Gusti Yésus. Gusti Yésus mbereg tiyang-tiyang nalika semanten supados nindakaken éwah-éwahan pamanggih nalika sami migatosaken bab paukuman. Gusti Yésus mboten karsa dipun cobi kanthi normatif (tata pranatan / kaidah hukum), namung kanthi ningali pranatan ingkang katulis. Gusti Yésus mbereg supados ningali pranatan kanthi cara ingkang kedah pun resepi kanthi manah ingkang kinanthènan subasita ingkang sesambutan kaliyan tujuwan, pangluwaran, lan kamanungsan.

Mireng punapa ingkang dipun ngendikaken Gusti Yésus, setunggal mboko setunggal tiyang-tiyang punika sami nilaraken

papan kasebat wekasan namung kantun Gusti Yésus piyambak kaliyan pawèstri punika. Lajeng Gusti Yésus paring pangandika: “*He wong wadon, ana ngendi wong-wong mau? Apa ora ana sing ngukum kowé? Unjuké wong wadon mau: “mBoten wonten Gusti.” Pangandikané Gusti: “Aku uga ora ngukum kowé. Lungaa lan wiwit saiki aja gawé dosa manèh”.* (ay. 10-11).

Komunikasi ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus kaliyan pawèstri ingkang dumawah ing dosa punika sejatospun mboten namung asipat informatoris ingkang nggadahi ancas mengertosi punapa ingkang kedadosan. Punika satunggaling wawanrembag Pastoral ingkang dipun tindakaken kanggé mapanaken pawèstri ingkang dosa punika minangka sesami ingkang kalenggahanipun seajar kaliyan sanèsipun.

Punika mboten ateges Gusti Yésus sarujuk kaliyan laku bandrèk. Punapa malih ningali laku bandrèk punika tumindak dosa lan mboten prelu nampi paukuman. Gusti Yésus nindakaken pirembagan (dialog) kanggé mbangun raos-rumaosing pawèstri ingkang dosa punika tumuju pamratobat. Gusti Yésus negesaken dhateng tiyang kathah bilih pranatan agami punika mboten namung dados dasar maringi paukuman ingkang nerak pranatan. Pranatan punika piranthi kanggé nyadareken umat ingkang nindakaken dosa, satemah tiyang punika nindakaken pamratobat.

## **PITAKÈNAN DHISKUSI**

1. Sinau saking waosan punika, sumangga kita sami andum pengalaman nalika mbekta pemulihan ingkang panjenegan raosaken!
2. Conto prekawis punapa ingkang naté lan mbok bilih nembé ibu/bapak adhepi ing gesang sesarengan wonten ing pasamuwan? Kadospundi cara ingkang kita piji kanggé mbekta katentreman ing satengahing gesang sesarengan?



## **BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**





## KABINGAHAN TETUNGGILAN

### PAKEMPALAN PANDONGA 1

#### 1. WEKDAL ENING

##### 2. PEPUJÈN KPJ. 339: 1-3

IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN

do = Bes 4/4

Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata,  
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.

*Refrain:*

*Srana sih katesnan tulus, lah jagad dados Pirdus  
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih-rahmat.*

Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi  
Marsudi tentrem rahajeng, mbabarken sihing Gusti

*Refr.:*

Iba dahat éndahira, pra titah tetunggilan  
Tunggil sedya sékapraya, rumaket trusing driya.

*Refr.:*

#### 3. PANDONGA

##### 4. PEPUJÈN KPJ. 33: 1-3

##### 5. SWAWI TA KANCA KULA

do = d 3/4

Swawi ta kanca kula sami memuji Allah!  
Ing dinten puniki kula dipun paringi  
Bingah linuwih, bingah linuwih.

Asurak-surak kanca, sami asuka rena  
 Manganggé kang saé, sampaun kirang sekaré  
 Kang éndah-éndah, kang éndah-éndah.

Swawi angalembana Allah kang Ma-wilasa  
 Sanadyan Ma-agung, karsa myarsakaken  
 Pamuji kula, pamuji kula.

## 6. WAOSAN KITAB SUCI: Jabur 122

## 7. RENUNGAN

*“Jès, jès, jès!  
 Kereta apiku menuju S’kolah Minggu.  
 Hai kawan-kawanku marilah ikut aku.  
 Bawa pula teman janganlah ketinggalan.  
 Lekas naik teman kita dinanti Tuhan, tuut... tuuut...”*

Lelagon Sekolah Minggu kasebat ingkang ngajak laré-laré sami giyak tumut Sekolah Minggu. Sumangga sami kita ènget-ènget malih punapa ingkang kita raosaken nalikanipun badhé bidhal tumuju dhateng gréja utawi Sekolah Minggu. Sampun temtu umumipun ngraosaken suka-bingah, grengsengning manah saha mboten sabar malih badhé pinanggih para kanca, para guru Sekolah Minggu. Punapa raos ingkang makaten ugi taksih kita raosaken sasampunipun kita diwasa? Pangraos kadosmenapa ingkang tuwuh ing salebetting manah ing nalikanipun dinten Minggu dhateng saha nalika kita sami tetunggilan ing salebetting pangibadah pasamuwan? Punapa kita ugi taksih raos suka-bingah? Grengsengning manah? Punapa malah kosok-wangsulipun, inggih punika raos aras-arasen, bosen utawi mboten semangat malih?

- Tumrap sawenèhing warga ingkang mila remen kegiatan, tumut giyat ing kepengurusan komisi, kepanitiaan lan nindakaken jejibahan leladi minangka warga pradataning

pasamuwan, umumipun kawawas kuwagang nanggulangi raos jenuh lan sayah ingkang asring dipun adhepi.

- Ing sawenèh malih wonten ingkang ngraosaken mboten ‘sreg’ kados taksih wonten ingkang kirang menawi dèrèng ngibadah tetunggilan masamuwan utawi manawi kepeksa mboten saged sowan dhateng gréja.
- Déné tumrap ingkang nembé ngadhepi ruwet-rentenging prekawis ingkang awrat, sowan ing salebetting pangibadah umumipun kanthi pangajeng-ajeng sageda nampi pitedah ingkang mitulungi ngrampungaken geguletanipun.
- Ananging ugi wonten sawenèhing warga ingkang ngraosaken biasa-biasa kémawon, jalaran marek sowan ngibadah dhateng gréja punika kawawas kadosdéné rutinitas mingguan.

Menapaa kémawon ingkang kita raosaken ing nalikanipun marek sowan ing pangibadah Minggu, sumangga kita sesarengan migatosaken ing nalikanipun Sang Prabu Dawud wonten ing Padaleman Suci, ndedonga kanggé Yérusalem.

Sang prabu Dawud ngetinggalaken renaning penggalih lan grengsenging sedya nalikanipun sareng-sareng sami sowan marek dhateng padalemaning Pangéran Yéhuwah. Yérusalem dados sumbering kabingahan lan semangatipun sang prabu Dawud awit dununing Padaleman Suci wonten ing ngriku. Kitha Yérusalem ugi dados lambanging tetunggilan, ing pundi Yéhuwah Allah kepareng rawuh ing antawising béda-bédaning para taler lan bangsa. Sunaring cahya bingah penggalihipun Sang Prabu Dawud kacetha ing suraosing ayat 8 lan 9 Sang Prabu Dawud bingah lan asesurak awit saged tetunggilan kaliyan sanak-kadang lan mitra tuwin sedaya tiyang ingkang sami nresnani Gustinipun. Sang prabu Dawud ngonjukaken pamuji syukur awit kawontenaning padaleman suci ing satengahing kitha Yérusalem. Sang prabu Dawud ugi ngonjukaken pandonga nyuwun lestarining karaharjan wonten ing ngarsaning Allah.

Saiba éndahipun menawi gréja minangka patunggi-laning pasamuwan ugi saèstu saged nindakaken timbalan

dados patunggilan umatipun Gusti. Inggih patunggilan ingkang saged pinanggih kaliyan manéka-warni tiyang saking sawarnining bangsa, klompok, ètnis, suku basa lan status sosial. Wonten ing sesrawungan kasebat kita saged samidéné tepang, sami sumerep, mangertos lan ugi nampi bédabédaning setunggal lan setunggalipun. Ing ngriku kita dipun kulinakaken sinau ngajèni lan ngadhepi kasunyatan bédabédaning kawontenan, kepara tumunten kagigah samidéné njangkepi kekirangan ing antawising setunggal lan setunggalipun.

Wonten ing patunggilan kasebat kita ugi saged kagigah greget lan grengsenging raos ngantos kasagedaken kanggé nglampahi lan sesarengan ngudhari sedaya bot-répot prekawising gesang sesarengan. Awit saking punika, sowan wonten ing dalem pamujan ing salebetung pangibadah punika saèstunipun mujudaken satunggaling kabetahan kanggé ngrembakakaken tuwuwing kapitadosan kita. Kanthi samidéné nyariyosaken pengalaman lan lelampahaning kapitadosan, kita sesarengan saged sinau mapanaken dhiri lan migatosaken ngasanès sarta kepara ugi tumunten saged samidéné kiyat-ingiyataken. Raos jenuh lan bosen sampun temtu ugi saged kémawon jumedhul lan kita raosaken, ananging seserepan utawi pengalamaning gesang saking sanak-kadang lan mitra badhé mberég kita anggadhahi greget lan grengsenging manah, tetep cumawis nglajengaken gesang leladi konjuk Gusti Allah.

Dados, menapaa raosing manah ingkang kita adhepi, sumangga samia tetep greget lan grengseng ing manah nindakaken jejibahaning pangibadah tetunggilan wonten ing pasamuwan. Awit, sowan mangibadah ing dalem pamujan punika, ndadosaken greget saha grengsenging manah kita kadosdéné dipun-“*recharge*” (dipun isèni daya), satemah kita saged cumawis ngadhepi bot-répoting gesang sesarengan kanthi bingah.

**8. PEPUJÈN KPJ. 348: 1-3**  
**PASAMUWAN KANG NYAWIJI**  
do = C 3/4

Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti  
dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta!  
Sih-rahmating Allah tumrah maring sagunging tunitah  
Saliring tyang kang pracaya, basuki gesangira.

Pindha badan mung sajuga, nging kathah pérangeanira  
Pasamuwan kang manunggal, ambabarken gesang kang  
énggal. Samidéné mbiyantoni, wit sih-sinihan lestari  
Tunggal ati, tunggal Gusti, nengsemken mring sesami.

Peparing kang béda-béda dadya pisungsung kang adya  
Mrih kamulyaning Pangéran, wah majenging pasamuwan.  
Sinangkul kang karépotan, nyingkiri king pasulayan  
Mrih tuwuwing kamursidan, nggayuh mring kasampurnan.

**9. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP**

[day/spa]





## MBUDIDAYA PULIHING SESAMBETAN

### PAKEMPALAN PANDONGA 2

#### 1. WEKDAL ENING

#### 2. PEPUJÈN KPJ. 78:1-2

IBA BEGJAKU

do = d    9 (3 x 3) ketuk

*Blessed Assurance, Fanny J. Crosby 1873*

Iba begjaku lamun yakin, Yésus duwèkku ing salamanya  
Aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Refrein:

*Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya  
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya*

Lamun pasrahu trusing kalbu,  
temah sampurna kabungahanku.

Pra malaékat asung puji,  
Samya ngundhangken sihé Gusti. Refr.:

#### 3. PANDONGA

#### 4. PEPUJÈN KPJ. 222:1-3

DUMELING KAPYARSA

do = es    3/4              *Hosianna 8, R. Dirman Sasmokoadi*

Dumeling kapyarsa sabawa sung warta  
Supados sami sedhiya, rawuhnya nJeng Gusti  
Refr.: Gusti paringa manah kang suci

Kénging kanggé ngurmati, rawuhnya njeng Gusti

Kabingahan amba saèstu nglangkungi  
Jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki. Refr.:

Kasucèning manah, karesikaning tyas  
Dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya! Refr.:

## 5. WAOSAN KITAB SUCI: Lukas 19:1-10

## 6. RENUNGAN

Sesambutan nigkang kadhasaran pitados saged kagamaraken kadosdéné satunggaling gelas kaca. Menawi sampun benthèt utawi pecah, temtu angèl sanget anggènipun mangsulaken pulih kados sakawit. Pramila wigatos sanget mbudidaya ngrimat lan njagi murih tetep wontenipun sesambutan ingkang saé ing antawis kita. Ananging wonten ing kasunyatanipun, sesambutan ing antawisipun tiyang mboten mesthi saé. Wonten dinamika pasang-surutipun, njalari kadhang-kala mboten ajeg. mBoten namung wonten ing sesambutan ing antawisipun tiyang ingkang samidéné dèrèng wanuh utawi tepang, ananging ugi kepara ing antawisipun tiyang ingkang sampun dangu sesambutan, saged kémawon ugi ngadhepi risaking sesambutan.

Wonten ing sesambetaning brayat contonipun, mboten namung keharmonisan bebrayatan ingkang kedadosan, ananging kawontenan regejegan, pasulayan lan pradondi, ugi asring ketingal wonten ing brayat. Punika nembé brayat ingkang winastanan “komunitas paling alit” ing satengahing masyarakat. Menawi maspadakaken wonten ing komunitas-komunitas ingkang langkung jembar malih, ugi gampil kita prangguli gèsèkan-gèsèkan kapentingan ingkang njalari dredah ingkang nuwuhaken risaking sesambutan. Sesambutan ing antawisipun komunitas wau tumunten mboten harmonis malih, kadosdéné gelas kaca ingkang benthèt.

Kawontenan sesambutan ingkang kados makaten wau ugi kalampahan ing masyarakat Yahudi umumipun, dhateng

sapéranganing tiyang ingkang nyambut damel juru-mupubea. Padamelan juru-mupu-bea makaten umumipun dipun tebihi masyarakat awit kaanggep gendhon-rukun kaliyan pamarintah penjajah Romawi ingkang nguwaosi tanah Israèl. Bangsa Yahudi kawajibaken mbayar pajeg dhateng pamarintah Romawi. Déné péhak ingkang kapasrahan narik pajeg punika migunakaken tiyang Yahudi piyambak, ingkang kawawas langkung mangertosi kawontenan pagesangan masyarakat ing saben dintenipun. Pramila juru-mupu-bea punika dipun sengit lan ugi sinebat pengkianat bangsa (Yahudi).

Zakhéus ing cariyos punika kagolong pengagengipun juru-narik-pajeg. Menawi juru-narik-pajeg kémawon dipun sengiti, manapa malih pemimpinipun. Mboten sakedhik tiyang ingkang antipati lan sengit dhateng Zakhéus. Sesambutan ing antawisipun Zakhéus lan tiyang Yahudi awon sanget, langkung-langkung tumrap tiyang ingkang sampun naté ngalami dipun tagih mbayar pajeg.

Ing satengahing kawontenan ingkang kados makaten, Gusti Yésus pirsa sesambutan ingkang sampun risak. Lan mboten awit kaleresan menawi wonten ing swasana kados makaten punika Gusti Yésus mbabaraken Piwulangipun kanggé para sakhabat lan para murid sanèsipun. Piwulang wigatos ingkang badhé kaandharaken Gusti Yésus wau mapan wonten ing pérangan pungkasan perikop punika. Panjene-nganipun paring pangandika:

*“Awit Putraning Manungsa kuwi tekané nggolèki lan  
nylametaké wong-wong sing ketriwal.” (ayat 10)*

Wonten ing pérangan punika Gusti Yésus mulihaken sesambutan ingkang risak. Panjenenganipun sengaja kagungan karsa ngrawuhi panggenanipun Zakhéus, minangka prantandha bilih panjenenganipun saged pirsa karibedaning gesangipun Zakhéus. Umumipun tiyang ingkang sami mampir ing panggènanipun Zakhéus punika inggih sami-sami tiyang juru-narik-pajeg. Mboten kathah ingkang purun dhateng griyanipun juru-narik-pajeg awit wontenipun panganggep ingkang awon ngèngingi juru-narik-pajeg wau. Malah kathah ingkang nyawang sinis lan ngedumel dhateng menapa ingkang

katindakaken Gusti Yésus anggènipun kersa mertamu ing griyanipun Zakhéus (ayat 7). Sanadyan makaten, anampèni kawontenanipun Zakhéus mboten ateges Gusti Yésus sarujuk dhateng punapa ingkang dipun lampahi Zakhéus. Panjenenganipun ngetingalaken bilih kanggé pulihing sesambetan, sedaya péhak kedah cumawis nyaket sesambetan.

Rawuhipun Gusti Yésus lerem ing griyanipun Zakhéus punika pranyata saèstu ageng sanget. Zakhéus ngaturaken sedyanipun,unjukipun makaten,

*"Gusti, bandha kawula ingkang sepalih badhé kawula sedhekahaken dhateng tiyang miskin; lan sinten kémawon ingkang naté kawula apusi bandhanipun, badhé kawula wangslaken tikel sekawan."* (ayat 8)

Saking punapa ingkang dados aturipun Zakhéus punika (katitik saking tembung: "kawula sedhekahaken/ sukakaken" lan "kawula wangslaken"), kita lajeng saged mangertos bilih Zakhéus tumunten badhé mangghi tiyang-tiyang ingkang sengit dhateng piyambakipun. Zakhéus mbudidaya nyambeti tiyang-tiyang ingkang rumiyin naté dipun peres punapadéné naté dipun damel rugi. Pancèn cariyos punika mboten wonten kalajenganing katrangan bab kadospundi babaring cariyos menggah sesambetanipun Zakhéus kaliyan masyarakat umumipun.

Sanadyan makaten, lumantar cariyos punika kita kasumerepaken bilih kadospundia kémawon Gusti Yésus mboten mèndel nalika ngadhepi swasana sengit-sinengitan ingkang nguwaosi kawontenan. Kosok-wangsulipun, Gusti Yésus mbudidaya pulihing sesambetan. Panjenenganipun nggathukaken malih pecahan-pecahan gelas kaca ingkang sampun mboten sambet, kapulihaken sambung malih. Lah punika ingkang kita tuladha saking Gusti Yésus Kristus.

Kita kaèngetaken supados mboten mèndel kémawon ing nalikanipun mrangguli sengit-sinengitan. Pramila saking punika, samangké kita kautus nyawisi papan kanggé pangrèhing Sang Kristus, ing nalikanipun miwiti ayahan timbalan pakaryan mulihaken sesambetan. Makaten ugi nyuwun pangréhing Sang Roh Suci supados kita sami kuwagang jejer pinangka dutaning pemulih-pemulih

sesambetan ingkang risak. Wilujeng nindakaken ayahan mulihaken sesambetan, supados asmaning Gusti kaluhuraken lumantar gesang kita.

## 7. WEKDAL ENING

## 8. PANDONGA SAFAAT

## 9. PEPUJÈN KPJ. 343:1, 3-4 KULA NEDYA KADOS GUSTI do = D 4/4 *The United Methodist Hymnal, Negro spiritual*

Kula nedya kadya Gusti, gesang suci, gesang suci  
Kula nedya kadya Gusti, gesang suci,  
Gesang suci, gesang suci.  
Kula nedya kadya Gusti, gesang suci.

Kula nedya olah tresna mring sesami, mring sesami.  
Kula nedya olah tresna mring sesami,  
Mring sesami, mring sesami  
Kula nedya olah tresna mring sesami.

Kula nedya andum berkah mring tyang kathah,  
mring tyang kathah.  
Kula nedya andum berkah, mring tyang kathah  
Mring tyang kathah, mring tyang kathah  
Kula nedya andum berkah, mring tyang kathah.

## 10. PANDONGA PANUTUP

[har/spa]





**AGÈN  
PAMULIHANIPUN  
ALLAH**

**PAKEMPALAN PANDONGA 3**

**1. WEKDAL ENING**

**2. PAMUJI KPJ. 379:1,3,4**  
**LAH AKU BOCAH RAHAYU**  
 do = A      4/4      Hosianna 52,      R. Dirman Sasmokoadi

Lah aku bocah rahayu, aku kudu ngidung  
 duwé omah lan wong tuwa, sedulur lan mitra.  
 Ngarah apa manèh aku? Aku bocah kang rahayu.  
 Lah aku bocah rahayu, saiba bungahku  
 Saben-saben dina aku nampani piwuruk  
 Saka wong tuwa lan guru. Lah aku bocah rahayu.  
 Ya, aku bocah rahayu, banget panuwunku  
 Mring Allah, kang amarengi aku angrerepi  
 Ngarah apa manèh aku, dé aku bocah rahayu.

**3. PANDONGA**

**4. PAMUJI KPJ. 240:1,3      do = D**  
**PRA PANGON KANG WINARTANAN**

Pra pangon kang winartanan,  
 gung begja king swarga yogya kaéraman.  
 Angumbar giranging manah dé nyata wartanya:  
 Kristus sampun babar !

Duk pra duta saking swarga  
Karsanya sung warta slamet mring pra jalma!  
Mara ndhèrèk muji Allah, wit welas mring jagad  
Sang Kristus wus babar !

Allah saosana puji,  
dhuh nyawa sujuda mring Putranya suci  
kang sumaré nèng palungan yaiku Gustimu,  
Kristus sampun babar !

## 5. WAOSAN KITAB SUCI: LUKAS 2:8-20

## 6. RENUNGAN

Koran Kompas édhisi Senin, 29 Juli 2019 martosaken pawartos ingkang mrihatosaken tumrap swasananing gesang bebrayatan lan gesang minangka bangsa. Ing koran kasebat sinerat irah-irahan “Anak-anak Indonesia diperdagangkan.” Ing ngriku kaserat bilih anak-anak Indonesia kasebat dipun anggep kadosdéné barang dagangan kanthi pawadan pados tenaga kerja, dadosa kanggé ing Indonesia punapadéné ing ngamanca. Nasibipun para laré wekasanipun nrenyuhaken. Koran Kompas ing sawetawis wewengkon martosaken bab tumindak cilakaadol tinuku manungsa, ingkang njalari wontenipun korban laré-laré ingkang kathah cacahipun. Salebetung tanggal 3-27 Juli 2019, tim Kompas nlesih pawartos ing sawetawis wewengkon, antawisipun Nusa Tenggara Timur lan Jawa Barat, ngantos dumugi Kuala lumpur-Malaysia, manggihi lan miterang dhateng para korban punapadéné kulawarganipun.

Sawetawis laré kawartosaken ical lan dèrèng saged dipun panggihaken. Punika saged kalampah awit anggènipun njaring (perékrutan) tenaga kerja kanthi cara illégal (saknjawining aturan resmi), ingkang tumunten dipun saluraken minangka tenaga kerja ing lokasi prostitusi (pelacuran).

Sedaya punika ugi taksih teras dipun titi-priksa lan dipun budidaya katlesih.

Saking asiling papriksan dipun panggihaken katrangan, bilih tiyang ingkang nindakaken adol-tinuku laré ugi ngginakaken warga saking wewengkon asalipun korban. Ing satunggaling désa ing kabupatèn Timor Tengah Selatan - NTT dipun panggihaken satunggaling remaja putri ingkang nembe setaun punika kempal malih kaliyan kulawarganipun, sasampunipun kasil kabur saking papan nyambut damelipun.

Pawartos ing nginggil namung salah setunggal conto saking kathah prekawis sosial ing sami. Punika nedahaken bilih ing sakiwa-tengen kita taksih kathah kawontenan ingkang dèrèng ngalami pamulihan. Lajeng kados pundi sikep ingkang badhé kita tindakaken minangka tiyang ingkang ngakeni bilih sampun anampèni lan neksèni pakaryaning pamulihan déning Allah punika. Lumantar waosan Injil Lukas 2:8-20 punika kita anampèni piwucal kadospundi nanggapi pakaryan pamulihan lan kadospundi dados agèn pamulihan kanggé jagad wekdal samangké.

Saking sisi ilahi, kita sumerep saking waosan punika, Gusti Allah lumantar malaékatipun kepareng mangghi para pangon ing tanah Efrata. Prekawis punika nedahaken bilih pakaryaning Allah mboten saged dipun pageri namung wonten ing satunggaling papan utawi kamar ing antawising témbok-témbok. Sih-katresnaning Allah tumelung ngantos ngrengkuh dhateng sok-sintena, lan mboten saged winatesan déning status sosial ingkang wonten. Kanggé para pangon, minangka wakiling golonganipun tiyang ingkang dipun pinggiraken, Gusti Allah sampun kepareng ngrawuhi. Tanah Efrata, papaning para pangon nindakaken pakaryan ngengèn para méndanipun mboten dados singgetan ingkang misahaken. Panjenenganipun rawuh mboten namung ing Padalemanipun utawi ing kamar mirungan ingkang kabangun manungsa. Rawuhing Panjenenganipun ugi saèstu sineksènan para pangon ingkang nembe nindakaken padamelan angèn méndanipun. Piwucal ingkang saged kita petihik saking pawartos punika, ing antawisipun: Pamulihan pakaryaning Allah punika méhak dhateng tiyang alit, ringkif

lan ingkang dipun pinggiraken. Ing jaman samangké, ingkang sinebat, alit, ringkih lan dipun singkiraken punika kadosta para laré yatim piatu, tiyang miskin, tiyang katindhes awit politik masa lalu, lan taksih kathah malih minangka contonipun.

Para pangon wiwitanipun sami ajrih sanget karawuhan malaékating Pangéran, ananging tumunten kanthi urmat ninglaken sedaya pawartos lan dhawuhipun. Makaten lajeng sami énggal mangkat nuju dhateng Bètléhèm nyumerepi punapa ingkang kedadosan. Para pangon kasebat kabereg ngwantunaken dhiri sowan manggihi Maria lan Yusuf. Tanpa sami dipun rumaosi, sowanipun para pangon kasebat ugi kadosdéné wujuding béla-raos dhateng brayatipun Yusuf lan Maria ingkang wonten ing geguletan ngadhepi ayahan awrat minangka timbalan saking Gusti. Ing nalikanipun pepanggihan punika kalampah, wohipun sami ngraosaken suka-bingah sedaya. Yusuf lan Maria ngraosaken kabingahan, para pangon ugi wangsal kanthi kebak suka-bingah.

Saking anggèn kita ngraos-raosaken waosan cariyos Kitab Suci punika kita saged methik piwucal bilih kita kaatag jumangkah medal saking wates-wates ingkang mblenggu kita wonten ing raos ajrih. Kita kabereg wantun ningali mangajeng ugi nyumerepi kiwa-tengen kita kanthi mrripating manah ingkang pitados. Lumebeta ing réalitas gesang sanyata. Manawi kita ngraosaken “kiyat lan ngraosaken ginanjar berkah kanugrahan” awit pakaryaning pamulihan saking Gusti, saèstunipun kita ugi katimbalan kanthi andhap asoring manah mbabaraken kanugrahan punika dhateng para Sadhèrèk, sanak kadang lan mitra kita ingkang nandhang karingkihan, ingkang kaanggep asor lan kasingkiraken saking pasrawunganing tiyang kathah. Samanten ugi menawi kita rumaos “alit lan wonten ing karingkihan” awit mawarni-warni kawontenan, kanthi kebak kakendelan kaatag supados wantun gumrégah manggihi dhateng ingkang kagungan “kaluhuran”. Kanthi pepanggihan ingkang kebak katresnan lan tulus, kita manggihaken suka bingah, lan ugi saged kita nindakaken jejer pinangka agèn-agèn pamulihan. Amin.

**7. PAMUJI KPJ. 216:1-2**  
**BETLEHEM ING EFRATA**  
do = F

Bètléhèm ing Efrata sanyata prasaja  
kang cilik ing Yehuda nging pinilih Gusti  
ya anèng kandhang kewannya miyosing Sang Pamarta  
Allah sung waluya tan mawang manungsa

Pra pangon wong kang ringkih, asor melas asih  
winartanan pra mlaékat margining sih rahmat  
dé kang sinungan waluya, mung kang nlangsani dosa  
Allah ma asih, mbélani wong ringkih.

**8. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP**

[tafw/spa]





## MBOTEN PERLU AJRIH

### PAKEMPALAN PANDONGA 4

#### 1. WEGDAL ENING PRIBADI

*(Kairingen instrument KPK 27)*

#### 2. KIDUNG PAMUJI (KPK 27: 1-3)

#### ASMANÉ GUSTI KULA

Nèng kasa ngumandhang asma sajuga  
 Kang anepangaken jagad lan swarga  
 datan wonten asma kados punika  
 kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa  
 napa sami dèrèng wanuh  
 yéku Gusti Yésus Kristus asmané.

Wus pantes asmané lan pakaryané,  
 rawuhé ing donya wit gunging sihé,  
 nebus tiyang dosa, sinalib séda,  
 gya wungu nyawisken swarga mring kula,  
 napa sami dèrèng wanuh,  
 yéku Gusti Yésus Kristus asmané.

Sang Kristus samangké ngratoni swarga,  
 ngasta pangwasané Allah Sang Rama,  
 ngadili jagad ing mbénjing rawuhé,  
 kula pareng ndhèrèk ing kamulyané,

yéku Kristus Sang Pamarta,  
punika asmané panutan kula.

### **3. DONGA PAMBUKA**

#### **4. TEMBUNG PAMBUKA**

Momotan punapa ingkang saweg Panjenengan sandhang? Punapa awrat sanget? Gusti Allah marengaken saben tiyang ngraosaken momotan kanthi satunggal ancas. Tetepa sumendhé dhateng Gusti lan mbudidaya ing salebeting iman kapitadosan. Gusti ngersaaken ing saben prekawis ingkang kita adhepi sapunika, kita tansah sinau supados saged tetep ngraosaken panganthinipun Gusti. Gusti Allah mboten naté nilar kita.

#### **5. KIDUNG PAMUJI (KPK BMGJ 45: 1-3)**

##### **GUSTI ANGANTI SIRA**

Gusti angantya sira wong dosa, arum ing wacana umareka,  
nyuwuna luwar lan linipura, mareka, saosna ati nira,

Refr.:

*Lah mareka Gusti angantya ywa kapara adoh, umareka  
Gusti anganti-anti sira, ywa nyenyuwé, mareka mring  
Gusti.*

Hé wong dosa dhasar dalanira jembar bungah yèn dilakonana  
ning sira tan nduga kang rekasa yéku kang anjog mring nagri  
baka,

Refr.:

Lah mbok umareka mring Gustimu, kang nimbali sira kanthi  
tresna  
lah mareka énggal dyan merdika nyÈlaki Gusti nampi  
rahmatNya,  
Refr.:

#### **6. PAMAOSING KITAB SUCI (Yésaya 7: 10-16)**

## 7. RENUNGAN

### Mboten Perlu Ajrih

Saben manungsa nggadahi momotanipun piyambak-piyambak. Momotan saged arupi prekawis wonten ing brayat, sesakit, ing jagading dedagangan, ing kalenggahan, studi, sesambutan kaliyan semahipun lan sapiturutanipun. Nalika kita nggadhahi momotan gesang, limrahipun wonten sikep kalih ingkang kita tindakaken. Sepisan, kita nyobi ngginaaken kekiyatana kamanungsana kita piyambak. Kaping kalih, kita nyuwun pitulungan saking Gusti. Pitakènanipun: "Sikep pundi rumiyen ingkang njedhul?"

Sang Prabu Ahas sampun naté damÈl pilihan awon. Piyambakipun milih sikep ingkang sepisan, inggih punika ngendÈlaken pikiranipun piyambak. Raos ajrih bilih Kraton IsraËl ing lèr badhé nyerang, ndadosaken Ahas langkung ngajeng-ajeng pitulungan saking Kraton Asyur ingkang rikala semanten dipun anggep kiyat sanget kanggé ngayomi tinimbang ngajeng-ngajeng pitulunganipun Gusti kados ingkang dipun ngendikaaken nabi Yésaya. Satengahing sikep ingkang mekaten, Gusti Allah tetep ngasihi Ahas. Kanggé ngekahaken batosipun, Gusti Allah ngantos maringi wewengan kanggé nyuwun "pratanda" punapa kémawon supados Ahas pitados dhateng panganthi saha pitilunganipun Gusti. Ananging Ahas tetep mboten pitados. Awit raos mboten pitadosipun, pramila Gusti Allah maringi "pratanda" piyambak, inggih punika: badhé rawuh satunggal pangarsa anyar, ingkang mirengaken Pangandika, ingkang badhé mbekta tiyang Yahudi dhateng kawilujengan. Panjenenganipun kalairaken déning tiyang èstri enèm lan asmanipun inggih punika ImanuÈl (Allah nunggil kaliyan kita). Nanging pameca punika dumados 700 tahun sasampunipun, lan sadangunipun nengga awit raos mboten pitadosipun Ahas dhateng Gusti, IsraËl ngalami kathah karisakan lan kasangsaran.

Ngraos-ngraosaken cariyos Ahas, mbokmenawi kasangsaran ingkang samangké kita alami ugi dumados awit ngendÈlaken

kekiyatán dhiri pribadi, sanès Gusti Allah. Raos ajrih ingkang linangkung ndadosaken kita mboten pitados dhateng prasetyanipun Gusti, malahan kesupèn kadospundi rumiyin Gusti anggènipun sampun kathah cawé-cawé ing salebeting momotan gesang kita. Gusti Allahipun rak inggih sami ta? Ananging kénging punapa asring kita samar dhateng panguwaosipun Gusti Allah?

Kalamangsa Gusti maringi kita wekdal kanggé ngraos-ngraosaken kabodhoan ingkang kita tindakan supados kita sinau kanggé langkung ngutamèaken Gusti, sanès pikajeng kita piyambak. Sumangga sami éngget bilih Gusti Allah tansah rawuh ing satengah-tengah kita. Wiyosipun Gusti Yésus ing donya punika "bukti" lan "pratandha" bilih Panjenenganipun tansah ngantri kita. Panjenenganipun rawuh ngantri kita ing sadhéngah kawontenan, dadosa bingah punapadéné sisah, sedih punapadéné gumbira, ajrih punapadéné tentrem santosa. Sadérèngipun Gusti Yésus mékrad dhateng Suwarga, Panjenenganipun naté ngandika, "Aku tansah nunggal karo kowé, nganti tumeka ing wekasaning jaman" (Matius 28: 20b). Nalika ajrih nglimputi, sampun ngantos kita ajrih, sumangga sami pitadosa! Pangandikanipun Gusti, "Aku ora bakal nilar kowé".

## **8. WEGDAL ENING**

*(dipun tembangaken solis)*

### **ÈL SHADAI**

Mboten kénging ajrih, Gusti ngantri mami  
Mboten kénging kuwatos, Gusti maha kwaos

Mboten kénging sisah, Roh Kudus paring bingah  
Mboten kénging sum'lang, Gusti paring padhang

Èl Sahadai Èl Sahadai, Gusti Allah kekah  
Kamulyan 2x, Èl Shadai minulya

Èl Shadai Èl Shadai, Gusti maha kwasa  
Berkah-Nya lubera, Èl Shadai.

## **9. SHARING KELOMPOK**

Menawi saged kabentuk kelompok saking gangsal tiyang paling kathah. Ing salebeting kelompok sumangga samidéné mbagéaken momotan ingkang saweg dipunalami. Sanget dipun suwun dumadosipun kelompok ingkang anggotanipun samidéné anyengkuyung ing bot-repot (*support group*). Ing kelompok kasebat, kaaturan sami nyariyosaken kadospundi tansah ngendelaken Gusti lan pitados bilih Gusti mesti nuntun lan mitulungi kanthi ngédab-édabi satemah tumrap ingkang saweg kamomotan pikantuk kekiyatana lan panglipuran wonten ing salebeting kasabaran nengga wekdal kagunganipun Gusti.

## **10. DONGA SAFAAT LAN KELOMPOK**

### **11. KIDUNG PAMUJI (KPK 61: 1,2)**

#### **ALLAH YÉKU PANGÈN SATUHU**

Allah yéku pangèn satuhu pangrèhnya nentremken kalbu  
kula tansah rinimatan srana sagung ing kamirahan.

Refr.:

*Ing juranging pati tan wedi bilai wit Gusti pribadi kang  
nganthing  
nadyan mengsa kathah manah datan semplah berkah tansah  
rumentah  
mung kabegjan saha kadarmen ngiring salamining gesang  
sarta kula badhé manggèn tansah ing dalemé Sang Yéhuwah.*

2. Ayem manah lan nyawa kula ingayom ing sihing Gusti,  
sarta tinuntun astanya ing margining bebener yekti.

Refr.:

## **12. DONGA PANUTUP**





## **SESAMBETAN KALIYAN GUSTI LAN SESAMI**

### **PAKEMPALAN PANDONGA 5**

#### **1. WEGDAL ENING PRIBADI**

#### **2. KIDUNG PAMUJI (KPK BMGJ 16: 1,2)**

#### **PUJI MRING ALLAH KANG MAHA WISÉSA**

Puji mring Allah Pangéran kang Maha wisésa  
muji ramya binarung lan sawernining gangsa  
pangidungnya klayan bingah ing manah  
nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira,  
ngreksa Ian ngrimati srana lubèring berkahnya,  
nging saklangkung gung sihnya mring tyang dosa,  
tinebus temah waluya.

#### **3. DONGA PAMBUKA**

#### **4. PAMAOSING KITAB SUCI: Mazmur 98**

#### **5. RENUNGAN**

#### **Sesambetan Kaliyan Gusti lan Sesami**

Kacariyosaken wonten satunggal laré ingkang pikantuk wewengan kanggé ningali suwarga. Kanthi kebak kabingahan piyambakipun ngubengi sadaya ruangan ingkang wonten

suwarga. Piyambakipun sangsaya bingah awit dipun kancani Gusti Yésus. Laré punika ningali satunggal ruangan ingkang lebetipun wonten kathah sanget para malaékat. Malaékat-malaékat kasebat ketingal sanget sibuk sami nyerat. Laré punika énggal - énggal nyuwun pirsa dhateng Gusti Yésus, "Punapa ta ingkang saweg kaserat déning para malaékat, Gusti?" Paring wangsulanipun Gusti Yésus, "Para malaékat lagi padha nulis saben panyuwunané umat manungsa." Salajengipun laré punika dipun kancani Gusti Yésus mubeng malih, lan ningali satunggaling ruangan ingkang dipun kebaki para malaékat ingkang saweg sibuk nyepakaken. "Punapa ingkang saweg katindaaken déning para malaékat, dhuh Gusti? Kog langkung sibuk tinimbang para malaékat sadérèngipun?" Paring wangsulanipun Gusti Yésus, "Anggèr, para malaékat kuwi lagi sibuk nyepakaké sing disuwun déning umating manungsa.

Mboten dangu lajeng nerasaken anggènipun mubeng, laré kasebat ningali satunggaling ruangan ingkang béda sanget kaliyan ruangan kalih sadérèngipun. Ruangan ingkang dipun tingali punika sepi sanget. Namung wonten malaékat ingkang cacahipun sekedhik lan ketingal nyantai. "Gusti kénging punapa ing ruangan punika namung wonten malaékat sekedhik lan ketingal aras-arasen nyambut damel?" Paring wangsulanipun Gusti Yésus, "Angger, ora merga anggoné kesèd nanging pancèn geweané ora akeh sing digarap. Tugasé para malaékat ing ruang kéné yaiku nyathet saben pangucap sokur saka umating manungsa kagem Aku. Kui mung sithik banget cacahé."

Cariyos punika namung pasemon, nanging dados gegambaran gesangipun manungsa. Kathah sanget ingkang sampun katindakaken déning Gusti Allah kanggé kasaénanipun manungsa, nanging manungsa kesupèn ngaturaken pangucap sokur dhateng Gusti.

Mazmur 98 kawiwitan timbalan lan ajakan kanggé ngundhangaken kidung anyar kagem Allah awit Gusti Allah

sampun nindakaken pakaryan-pakaryan élok. Malah ugi Gusti Allah sampun nindakaken kawilujengan mawi asta tengenipun. Mazmur 98 dados gambaran pakaryaning Allah ingkang nyata tumrap Bangsa Israél ingkang kaluwaraken saking pambuangan Babel lan sampun kaklempakaken malih (ay. 1b-3). Pakaryan kasebat mujudaken satunggaling pitulunganipun Gusti tumrap Israél (ayt. 1c-d). Namung Gusti piyambak ingkang nindakaken pakaryan pangluwaran kasebat. Lantaran pakaryan-pakaryanipun Gusti punika. Gusti Allah nélakaken kaadilan (kawilujengan) saking Gusti wonten ing sangajenging para bangsa (ayat 2). Maknaning tembung kaadilan/kawilujengan (*tsedeq/tsedeqa*) badhé nandhesaken kawilujengan ingkang dipun tindakaken Gusti ndadosaken tiyang ingkang kawilujengaken wonten ing sesambutan ingkang celak/lulut kaliyan Gusti. Sadaya ingkang katindakaken Gusti inggih namung awit Gusti ngèngerti sih setyanipun tumrap Israél, awit Panjenenganipun punika Allah ingkang nresnani lan ngasihi, panjang sabar lan linubèr sih kasetyanipun.

Ayat 4-9 mujudaken timbalan tumrap jagad raya supados asurak-surak memuji Sang Ratuning Jagad, inggih punika Gusti Allah Israél (ayat 4). Sukarena lan surak-surak punika kapratélakaken kanthi pepujèning jagad konjuk Sang Ratu, inggih punika Gusti Allah sebab Panjenenganipun rawuh kagem njeksani bumi. Sinaosa mekaten umat katimbalan sowan ing salebeting surak-surak sanès kanthi ajrih awit Panjenenganipun badhé njeksani kanthi adil lan leres.

Kadosdéné bangsa Israél, kita ugi sampun ngraosaken pangluwaran saking paukuman dosa lan pejah. Lumantar sih-nugraha kawilujengan wonten ing Sang Yésus Kristus kita sampun kawilujengaken. Èstu pantes atur sokur dhateng Gusti kanthi pepujèn lan tembang ngegungaken Panjenenganipun, ugi lumantar pakaryan-pakaryan gesang kita ingkang nyariyosaken pakaryaning Allah ingkang elok. Kawilujengan ingkang katindakaken déning Gusti tumrap kita, mapanaken kita wonten ing sesambutan ingkang celak

lan lulut kaliyan Gusti. Sesambelan ingkang celak antawisipun kita lan Gusti punika mesthinipun ugi ketinggal wonten ing sesambelan ingkang kita bangun kaliyan sesami. Amin.

## 6. KIDUNG PAMUJI

Tembang “Pirsani kula” (*Selidiki aku*)

Pirsani kula lan batos kula,  
punapa ta èstu tresna Paduka, Yésus  
Gusti maha pirsa, lan mbiji gesang kula,  
tan wonten kaalingan ing Tuwan.

Refr.:

Kula ninga Tuwan tresna, tan naté nilarken gesang kula  
Mbudidaya tansah setya, punika ta donga abdi Paduka.

## 7. DONGA PANUTUP

[dvm/jb]



## PANGUCAP SOKUR PRATANDHA PULIH

PAKEMPALAN PANDONGA 6

### 1. WEKDAL ENING PRIBADI

### 2. KIDUNG PAMUJI (KPK. BMGJ 37:1-4)

PANGGUNGGUNG WIT SIHING GUSTI

Kula samya tetunggilan ngabekti mring Pangéran  
wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan.

Refr.:

*Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti  
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.*

Kula rinoban ing begja rinten dalu tan kendhat,  
ing lelampaahan prasaja dalah srana mukijjad,

Refr.:

Kula rinimat ing Gusti srana sagunging titah,  
mangsa kang silih gumanti samukawis mung éndah.

Refr.:

Kawula nggih binerkahan lantaran mitra kadang,  
sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan,

Refr.:

### 3. DONGA PAMBUKA

## 4. PAMAOSING KITAB SUCI (Filipi 1: 21-26)

### 5. RENUNGAN

#### Pangucap Sokur Pratandha Pulih

Limrahipun tiyang sami ngraos-raosaken punapa ingkang dados momotaning gesangipun. Upami nalika ngalami bencana alam, utawi prastawa duhkita ingkang damel kaget. Saking ngriku lajeng tuwuh pitakènan ing salebeting batos: “Kénging punapa sadaya punika saged dumados? Punapa ta karsanipun Gusti Allah ing gesang kula?”

Wonten mawarni-warni wangsuman tumrap pitakènan- pitakènan ing nginggil. Salah satunggalipun wangsuman saking ranah agami ingkang kaanggep saged mangsuli bab punika. Wangsuman saking sisih agami limrahipun wonten tiga:

- 1) Sepisan, paukuman tumrap dosa.

Wangsuman punika wangsuman ingkang paling gampil lan asring kapratélaaken. Inggih amargi saben wonten kasangsaran, tiyang dipun ajak manggihaken punapa dosa ingkang sampun katindakaken. Ananging pitakènanipun, “Sinten ingkang mboten dosa?” “Kénging punapa Gusti Allah ngersakaken ngukum ingkang punika, kog mboten sanèsipun?”

- 2) Kaping kalih, punapa ingkang dumados inggih punika dados caranipun Gusti Allah kanggé ndhidhik umatipun. Wangsuman punika ugi asring kapirek. Pitakènanipun sinten ingkang saweg kadhidhik Gusti? Kénging punapa tiyang punika, kog mboten sanèsipun? Punapa ingggih ngantos awis mekaten pendhidhikan ingkang katindakaken déning Gusti?
- 3) Kaping tiga, wonten rancangan ingkang mboten dipun mangertosi déning manungsa.

Wangsuman punika paling "aman", saged dipun tampi secara tata kapitadosan kita. Pancèn gesang kita ingkang winates punika asring ndadosaken kita mboten saged nangkep karsanipun Gusti Allah ing gesang kita. Harold Kushner, ingkang ngalami panandhang awrat nyerat bab pengalamaning gesangipun

wonten ing bukunipun ingkang asesirah: *The Book of Job: When Bad Things Happened to A Good Person.*

Kushner nélakaken menawi manungsa lan bumi pancèn ringkih kawontenipun. Kasunyatan punika kedah kanthi legawa katampi sesarengan kaliyan manéka warni kasangsaran ing nyarengi margining gesang. Pancèn inggih mekaten kasunyatanipun. Bakteri utawi virus ingkang alit kémawon saged ndadosaken tiyang ambruk sakit kamangka tiyang kasebat sregep nggladhi badanipun ngantos ketingal kiyat. Awit kasunyatan kasebat manungsa prelu gesang nggadhahi sikep: siyap ngadhepi punapa kémawon ingkang badhé dumados.

Miturut pamanggihipun Rasul Paulus, gesang manungsa ingkang kados mekaten kados-kados Kristus badhé rawuh methuk kita sapunika. Tumrap tiyang pitados, pejah punika satunggaling kabegjan, karana dipun imani badhé pinanggih kaliyan Gusti Yésus piyambak. Ngèngingi bab punika, sejatosiun ingkang dados prekawis sanès bab pejah, ananging bab gesang. Miturut Rasul Paulus, menawi satunggaling tiyang dipun paringi wewengan gesang déning Gusti, mesthi Gusti ngersaaken supados tiyang punika makaryo ingkang migunani tumraping gesang. Tegesipun, menawi kula gesang, kula badhé nyambut damel ngasilaken woh, mekaten paseksenipun Rasul Paulus. Woh punika kawiwitán saking raos sokuripun konjuk Gusti.

Rèflèksinipun Rasul Paulus kasebat ndayani iman kapitadosanipun bilih menawi Gusti Allah maringi wewengan gesang, mesthi wonten ancas/tujuwan ingkang dipun karsaaken Gusti, inggih punika:

- 1) Sepisan, "Supaya kowé padha sangsaya maju lan bungah-bungah ana ing sajroning pracaya" (ayat 25). Dados, menawi kita dipun paringi gesang, pramila pitakènanipun inggih punika punapa pakaryan kita nuwuhaken kabingahan kanggé tiyang sanès? Punapa wontenipun kita saged ndadosaken tiyang dados bingah?
- 2) Kaping kalih, "Temahan ana ing Sang Kristus Yésus anggonmu mongkog sangsaya mundhak" (ayat 26). Raos

mongkog utawi bombong dados wigatos tumrap satunggaling patunggilan ingkang pitados dhumateng Sang Kristus. Punapa anggotaning patunggilan sami ketinggal bombong, nggadhahi keyakinan dhateng Kristus? Utawi sami lingsem awit nyandhang idhèntitas minangka pandhèrèkipun Kristus?

Tembung "kowé" ing ayat-ayat kasebat katujokaken dhateng pasamuwan ingkang dipun ladosi déning Rasul Paulus. Ayat-ayat kasebat nedahaken bilih pakaryan ngisi wewengan ingkang dipun paringaken Gusti punika sejatosipun kedah katujoaken kanggé tiyang sanèsipun, mboten kanggé dhirinipun piyambak. Nalika kita atur panuwun sokur awit dipunpulihaken déning Gusti Yésus, atur sokur punika mesthinipun nggadahi pangaribawa kanggé mulihaken sesami.

## **6. KIDUNG PAMUJI (KPK BMGJ 52 :1-3)**

NYUWUN SUCI

Kang najis ndlarung ing dosa tinampik mring swarga  
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha,

Refr.:

nyuwun suci adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci.

Kang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi,  
adhuh Gusti mugi karsa mbirat dosa kula,

Refr.:

Kang najis ndlarung ing dosa pinagas ing sihnya,  
dé kang yekti asung bekti tinunggil ing Gusti,

Refr.:

## **7. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP**

## **8. KIDUNG PANUTUP (KPK BMGJ 82: 1-3)**

### TÉKADING MANAH KULA

Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti  
yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati

Refr.:

*Margining salib ingambah mbangun turut mring Allah  
mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.*

Kula mesthi ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya  
nggih martosken Injil suci margining tyang waluya

Refr.:

Nulad Sang Pamarta Gusti sagah ngurbankeun dhiri  
tan remen ing kekerasan nging lubèring katresnan

Refr.:

[asp/jb]

